

KORE TIF

FAZ 1 – KÒMANSE



REPANSE POUVWA
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS



Men sa ki genyen nan Faz 1 (Kòmanse)

Resous pou manm Ekip


Faz 1 Kòmanse Pazapapaj 3
Monte yon Rezo pou Chanjmanpaj 13
Gid pou Kreyasyon Klèb Tifipaj 25
Chwa ak Preparasyon Lekòlpaj 45
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo Faz 1 (Kòmanse)paj 62

Materyèl mobilizasyon kominotè

Ti Pale ak Paranpaj 98
Afich Faz 1 (Kòmanse)paj 111




FAZ 1 (KÒMANSE): PAZAPA



Tan Faz sa a ap dire: 6-7 mwa (*Kore Tifi sèlman*)
7-9 mwa (*Kore Tifi ansanm ak SASA*)


Kore Tifi, Faz 1 (Kòmanse) kreye fondasyon pou tout lòt faz yo. Faz sa a genyen pou objektif: pèmèt nou kreye yon Ekip ak yon Rezo *Kore Tifi* ki solid, e prepare tout moun pou yo kapab kòmanse travay nan kominote a. Pifò materyèl faz sa a se resous pou gide Ekip la nan jan pou yo fasilite aktivite Faz Kòmanse yo, tankou:

- * Poukisa Nou Bezwen *Kore Tifi*? Kesyon Moun Konn Poze Souvan
- * Kijan *Kore Tifi* ap Mache? Swivi ak Evalyasyon
- * Monte yon Rezo pou Chanjman
- * Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi
- * Chwa ak Preparasyon Lekòl
- * Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo




Anplis, Faz 1 an genyen ladan li kèk materyèl pou mobilizasyon kominotè: Afich Kòmanse ak yon seri Ti Pale ak Paran. Nan faz sa a, n ap sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè ak Ekip la plis Rezo *Kore Tifi* dabò pou nou ankouraje yo reflechi sou kesyon pouvwa ak vyolans sou tifi nan pwòp lavi yo. Nan *Kore Tifi*, chanjman kòmanse ak tèt nou. Lè manm Ekip la ak Rezo a kòmanse byen konprann kesyon sa yo nan nivo lavi pèsònèl yo, n ap kapab kòmanse sèvi ak materyèl yo ak kèk gwoup moun n ap chwazi nan kominote a.

Nou pa dwe mache prese nan Faz 1 an! Li se fondasyon ki pral pèmèt nou elabore tout lòt faz yo. Menm si òganizasyon nou an genyen anpil eksperyans deja, chak etap nan Faz 1 an enpòtan pou siksè *Kore Tifi*. Lè nou pran san nou pou nou byen monte epi ranfòse Rezo *Kore Tifi* nou, lòt faz yo ap genyen pi bon rezilta!




Objektif



Objektif faz sa a se:

- 1) Tabli nan ki kominote nou pral travay.
- 2) Aprann byen konnen kominote kote nou pral travay yo.
- 3) Monte yon Rezo *Kore Tifi* ki solid.
- 4) Ankouraje manm Ekip la ak Rezo *Kore Tifi* a reflechi pèsònèlman sou kesyon pouvwa ak vyolans sou tifi.
- 5) Ranfòse kapasite manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi* a pou yo:
 - a) Kreye yon plan pou Faz 1 ki angaje moun nan tout sèk enfliyans.
 - b) Reyalize tout aktivite Faz 1 (Kòmanse) ki sou lis aktivite Faz 1 (gade pwochen paj la).
 - c) Lanse yon pwosesis mobilizasyon ki mennen kominote a nan chanjman konesans ak kwayans.
- 6) Kòmanse chwazi kèk aktivite pou nou fè nan kominote a (Rezo *Kore Tifi* a ap fasilite ak sipò manm Ekip la).



Rezilta



Pou atenn rezilta sa yo, nou pral bezwen konplete kèk aktivite presi e ankouraje kèk chanjman presi nan nivo konesans ak kwayans moun yo.


Nòt: Si n ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak SASA!, tanpri al gade lis rezilta yo nan Rezime jeneral Faz Kòmanse SASA! a e asire nou jwenn tout rezilta ki nan tou 2 gid yo nèt.

Rezilta 1: Ni manm Ekip la, ni manm Rezo Kore Tifi **konnen** bagay sa yo:

- * Kijan pou dekri metodoloji Kore Tifi a.
- * Kisa “pouvwa” vle di.
- * Tout diferan tip vyolans sou tifi ak fanm plis konsekans yo sou tifi ak fanm; avantaj ki genyen nan relasyon san vyolans.
- * Se dezekilib pouvwa ki kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm.
- * Timoun ki te sibi vyolans oubyen ki te temwen zak vyolans lakay yo oswa nan kominote yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo sibi oubyen sèvi ak vyolans.
- * Mank pouvwa tifi ak fanm ogmante danje pou yo trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay.
- * Kijan sistèm swivi Kore Tifi a fonksyone e kijan pou yo sèvi ak zouti liy de baz yo.

Rezilta 2: Manm Ekip ak Rezo Kore Tifi yo **kwè** bagay sa yo:

- * Tout moun kabap sèvi ak pouvwa yo yon fason pozitif e pote chanjman pozitif nan lavi yo.
- * Tifi ak ti gason dwe jwenn bon jan edikasyon sou kò yo, sou koze fè bagay e sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont gwosès ak VIH/SIDA.
- * Tifi ak ti gason dwe genyen menm pouvwa.
- * Tifi ak ti gason dwe genyen menm mezi libète.



- * Tout kominote a benefisyè lè granmoun koute eksperyans ak lide tifi.
- * Yo bezwen tandè tifi yo plis nan fanmi yo ak nan kominote a.
- * Yo pa ta dwe blame tifi pou vyolans yo sibi.
- * Moun nan kominote a genyen reskonsabilite pou yo pale aklè kont vyolans sou tifi ak fanm.
- * Edikasyon tifi genyen menm enpòtans ak edikasyon ti gason.
- * Fanm ak gason nan kay ta dwe pataje tach yo yon jan ki ekitab.



Kilè pou nou pase nan lòt faz?

Objektif nan Faz 1 an genyen rapò dirèk avèk manm Ekip ak Rezo Kore Tifi. Kidonk, nan Faz 1 an, nou p ap bezwen fè okenn evalyasyon nan kominote a pou nou tabli si nou pare pou nou pase nan lòt Faz 2. Lè nou fin konplete tout aktivite yo pou Faz 1 e nou atenn tout rezilta ak objektif yo, nou ta dwe pare pou nou pase nan Faz 2.

Lis kontwòl aktivite yo


Lis kontwòl ki pi ba a genyen ladan li tout aktivite ki enpòtan pou nou konplete nan Faz 1 an (Kòmanse).

Faz 1 (Kòmanse) - Lis kontwòl aktivite yo		
✓	AKTIVITE	RESOUS
	1. Deside nan ki kominote nou pral travay, e ki gwosè zòn nou kapab kouvri san pwoblèm.	Monte Yon Rezo pou Chanjman, (paj 16)
	2. Fè fòmasyon pou Ekip	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (paj 62)
	3. Revize tout materyèl Faz 1 (Kòmanse) yo. Tradui, adapte e enprime materyèl mobilizasyon kominotè yo.	Tout materyèl Faz 1 (Kòmanse) yo. Pou enprime: Afich Faz 1 (Kòmanse) (paj 111) ak Ti Pale (paj 98)
	4. Prepare evalyasyon liy de baz la e fè mizannèv li, avèk idantifikasyon resous kominotè ki itil pou tifi. * Si w ap sèvi ak <i>SASA!</i> ansanm ak <i>Kore Tifi</i> , pran kesyon ki soti nan tou 2 metodoloji yo.	Kijan <i>Kore Tifi</i> ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 35) * Si n ap sèvi ak <i>SASA!</i> , al gade “Vin Maton nan <i>SASA!</i> ”, nan Faz Kòmanse, ak “Rezime jeneral Faz Kòmanse”.
	5. Pale ak lidè kominotè kle yo. Prezante yo <i>Kore Tifi</i> e mande yo kiyès nan kominote a ki ta kapab bon menntò pou klèb tifi yo, oswa bon aktivis kominotè. <i>Nòt: Ou kapab bezwen vizite lidè yo plizyè fwa pou ou fin reyalize sa, oubyen ou kapab fè sa nan yon atelye tou.</i>	Entwodiksyon <i>Kore Tifi</i> (Liv Entwodiksyon paj 6), Poukisa nou bezwen <i>Kore Tifi</i> : Kesyon moun konn poze souvan (Liv Entwodiksyon paj 25), Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 13) ak Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi, etap 1-2 (paj 25)
	6. Fè Klasifikasyon Resous Kominotè.	Monte Yon Rezo pou Chanjman, (paj 17)
	7. Deside ki kategori tifi ou ka mete aksan sou yo, epi revize lis Klasifikasyon Resous Kominotè ki itil pou kategori tifi sa yo. Fè swivi ak klèb tifi ki egziste deja.	Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi (paj 27) ak Kijan <i>Kore Tifi</i> ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 43)

✓	AKTIVITE	RESOUS
	8. Al vizite moun ki ofri sèvis sante ak sèvis sosyal ki kapab itil pou moun ki nan bezwen, pale ak yo, pran non yo ak kontak yo pou mete yo nan yon lis referans pou lè nou bezwen voye kliyan ba yo.	Pwosesis Preparasyon Lekòl, Fòmasyon Pèsonèl (paj 56)
	9. Chwazi lekòl kote nou pral travay yo.	Pwosesis Preparasyon Lekòl (paj 47)
	10. Idantifye menntò klèb tifi yo.	Gid Pou Kreyasyon Klèb Tifi, etap 3 (paj 28)
	11. Idantifye Aktivis Kominotè yo (AK).	Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 18) * Si n ap sèvi ak SASA!, al gade "Idantifikasyon aktivis kominotè" (Faz Kòmanse, Estrateji Aktivis Lokal)
	12. Kreye Gwoup Aksyon Kominotè yo (GAK).	Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 22) * Si n ap sèvi ak SASA!, al gade "Gwoup Aksyon Kominotè" (Faz Konsyantize, Estrateji Aktivis Lokal)
	13. Fè sesyon pratik ak Ekip la pou yo aprann sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 1 yo.	Afich Pouvwa (paj 111) ak Ti Pale (paj 98)
	14. Fè fòmasyon pou pèsonèl lekòl yo e chwazi pwen fokal yo. Fè yo tout fè pratik pou yo aprann sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè yo.	Pwosesis preparasyon lekòl, Fòmasyon pèsonèl (paj 53) ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (paj 79)
	15. Fè fòmasyon pou menntò klèb tifi yo. Fè yo fè pratik pou yo aprann fasilite reyinyon klèb tifi e sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè yo.	Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi, etap 4 (paj 32) ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (paj 71)
	16. Fè fòmasyon pou AK ak manm GAK yo. Fè yo fè pratik pou yo aprann sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè yo.	Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 22) ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (paj 90)
	17. Chwazi tifi ki pral patisipe nan klèb tifi yo, fè konesans ak yo e aprann istwa yo chak.	Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi, etap 5-9 (paj 33-paj 41)

✓	AKTIVITE	RESOUS
	18. Fè swivi ak direktè lekòl yo ansanm ak pwen fokal yo sou sistèm referans ak kòd kondwit.	Pwosesis Preparasyon Lekòl (paj 56–paj 57)
	19. Bay Rezo <i>Kore Tifi</i> sipò nan premye aktivite yo (AK yo, pwen fokal lekòl yo, premye reyinyon goup tifi yo).	Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 22) ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (paj 66)
	20. Rankontre ak jounalis kle, pwofesyonèl sante ak gwoup aksyon kominotè, e prezante yo <i>Kore Tifi</i> .	Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 22)
	21. Fè lansman ofisyèl klèb tifi yo ak <i>Kore Tifi</i> nan kominote a.	Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi, etap 10 (paj 41) ak Monte Yon Rezo pou Chanjman (paj 24)

Pou òganizasyon k ap sèvi ak *SASA!* tou, aktivite ki anplis nan Faz Kòmanse *SASA!* ki pa nan *Kore Tifi*, n ap jwenn yo nan “Medya ak Pledwaye: premye pa” nan estrateji Medya ak Pledwaye. Ou kapab idantifye twoup teyat tou. Pou fè sa ou mèt swiv menm pwosesis ki dekri nan “Idantifikasyon Aktivis Kominotè” nan estrateji Aktivis Lokal. W ap bezwen li tout dokiman ki nan klasè Faz Kòmanse *SASA!* a, paske yo genyen anpil zouti ak esplikasyon pwosesis la ladan yo ki pral itil nou. Pa egzanp, plizyè liv fòmasyon nan Faz Kòmanse a kapab itil nou anpil nan fòmasyon nou ap fè ak Rezo *Kore Tifi*.



Egzanp kalandriye — Kore Tifi (6-7 mwa)

AKTIVITE	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6	MWA 7
Deside nan ki kominote nou pral travay, e ki gwosè zòn nou kapab kouvri san pwoblèm.							
Fè fòmasyon pou Ekip							
Revize tout materyèl Faz 1 (Kòmanse) yo. Tradui, adapte e enprime materyèl mobilizasyon kominotè yo.							
Prepare evalyasyon liy de baz la e fè mizannèv li, idantifikasyon resous kominotè ki itil pou tifi ladan.							
Pale ak lidè kominotè kle yo. Prezante yo Kore Tifi e mande yo kiyès nan kominote a ki ta kapab bon menntò pou klèb tifi yo, oswa bon aktivis kominotè.							
Deside ki kalte tifi ou ka mete aksan sou yo, epi revize lis resous kominotè ki itil pou kalte tifi sa yo. Fè swivi ak klèb tifi ki egziste deja.							
Lokalize tout resous kominote a genyen e make yo sou yon kat sosyal kominote a.							
Al vizite moun ki ofri sèvis sante ak sèvis sosyal ki kapab itil pou moun ki nan bezwen, pale ak yo, pran non yo ak kontak yo pou mete yo nan yon lis referans pou lè nou bezwen voye kliyan ba yo.							
Chwazi lekòl kote nou pral travay yo.							
Idantifye menntò klèb tifi yo.							
Idantifye Aktivis Kominotè yo (AK).							
Idantifye Gwoup Aksyon Kominotè yo (GAK).							

AKTIVITE	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6	MWA 7
Fè sesyon pratik ak Ekip la pou yo aprann sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè yo nan Faz 1.							
Fè fòmasyon pèsònèl lekòl yo e chwazi pwen fokal yo. Fè yo tout fè pratik pou yo aprann sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè yo.							
Fè fòmasyon menntò klèb tifi yo.							
Fè fòmasyon AK yo.							
Chwazi tifi ki pral patisipe nan klèb tifi yo, fè konesans ak yo e aprann istwa yo chak.							
Fè swivi ak direktè lekòl yo ansanm ak pwen fokal yo sou sistèm referans ak kòd kondwit.							
Bay Rezo Kore Tifi sipò nan premye aktivite yo (AK yo, pwen fokal lekòl yo, premye reyinyon gwoup tifi yo).							
Rankontre ak jounalis kle, pwofesyonèl sante ak gwoup aksyon kominotè, e prezante yo Kore Tifi.							
Fè lansman ofisyèl klèb tifi yo ak Kore Tifi nan kominote a.							

Pou òganizasyon k ap sèvi ak *SASA* tou, li pwobab nou ap bezwen 7 a 9 mwa pou mizannèv premye faz la. E n ap bezwen ajoute aktivite “Medya ak Pledwaye: premye pa” ak seleksyon manm twoup teyat nan kalandriye nou an!


MONTE YON REZO POU CHANJMAN¹



Dokiman sa a, se pou òganizasyon k ap sèvi avèk Kore Tifi san Gid Aktivis SASA! a. Pou òganizasyon k ap sèvi avèk SASA!, genyen plizyè dokiman nan Faz Kòmanse SASA! ki prezante pwosede pou monte rezo. Yo pral ede nou tabli yon bon jan baz pou toude metodoloji yo.

Travay aktivis ki baze nan kominote, se nannan Kore Tifi. Pou travay la efikas, aktivis nan yon kominote angaje moun ki pi sanble avèk yo – swa apati aktivite, laj elatriye – nan tout nivo nan kominote a. Yo fè sa nan aktivite y ap fè chak jou.

Sèk enflyans tifi



Adaptasyon pou tifi de: Raising Voices (2008). SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV. Kampala: Raising Voices. SASA!, and Heise L. (1998). An Integrated, Ecological Framework, Violence Against Women, Sage Publications, Inc. (4) 3, 262-290.

Manm Ekip Kore Tifi jwe yon wòl kritik nan sipòte ak gide travay aktivis. Yo planifye aktivite pou chak faz, yo bay aktivis sipò ak fòmasyon, yo fè lyezon ak manm gouvènman, medya plis lòt enstitisyon. Yo fè evalyasyon tou pou wè si yo jwenn rezilta yo t ap atann yo.

Li enpòtan lè genyen pou pi piti 1 oubyen 2 moun, e si posib plis toujou, ki touche pou travay yo. An menm tan fòk nou konnen, fondamantalman se Rezo Kore Tifi ki angaje tout kominote a nan pwosesis chanjman, e se li ki pral pèmèt chanjman an dire pou lontan.

Kisa Rezo Kore Tifi ye?

Rezo Kore Tifi genyen ladan li:

a) Klèb tifi

Nan Klèb Tifi, Tifi ak menntò nan kè pwosesis chanjman an. Yo resevwa sipò pou yo jwenn pouvwa yo, pou yo enfòme tout lòt gwoup ki nan rezo Kore Tifi. *Klèb Tifi reprezante nivo endividyèl ak relasyonèl nan dyagram sèk enfliyans tifi.*

Remak: Tèks sa a pa prezante fason pou nou kreye klèb tifi; sa esplike an detay nan “Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi” (gade paj 25).

b) Aktivis Kominotè (AK)

Se fanm ak gason ki pran angajman sou lontèm pou yo fasilite reyalizasyon aktivite Kore Tifi nan kominote yo, e ki manifeste valè apwòch la nan pwòp lavi yo. Pou yo kapab efikas, yo jwenn sipò nan men manm Ekip Kore Tifi. Se apati metòd patisipatif ki dekri nan dokiman sa a yo chwazi Aktivis Kominotè. *Aktivis kominotè reprezante sitou nivo endividyèl ak relasyonèl nan dyagram sèk enfliyans tifi.*

c) Pwen fokal nan lekòl

Se yon gwoup fanm ak gason ki soti nan direksyon ak manm pèsònèl yon lekòl plis reprezantan paran ak elèv nan lekòl la. Yo genyen menm wòl avèk aktivis kominotè, men se nan lekòl ki fè pati rezo lekòl Kore Tifi. *Pwen fokal reprezante “lidè lekòl” nan dyagram sèk enfliyans tifi a nivo kominotè.*

Remak: Tèks sa a pa prezante fason pou nou chwazi pwen fokal nan lekòl, men yo chwazi pwen fokal yo pandan Pwosesis Preparasyon Lekòl (gade paj 52).

d) Gwoup Aksyon Kominotè (GAK)

Se enstitisyon ak gwoup pwofesyonèl ki entegre Kore Tifi nan sèvis ak fonksyonman yo (gwoup sa yo te egziste deja). Pa egzanp, klèb tifi, pwen fokal nan lekòl, gwoup relijye, gwoup lidè kominotè, moun ki travay nan lasante, medya, gwoup bayè de fon, gwoup ki fè pledwaye, elatriye. *Gwoup Aksyon Kominotè reprezante sitou nivo kominotè ak nivo sosyete nan dyagram sèk enfliyans tifi.*

e) Alye

Se nenpòt moun ki vle bay pi piti kalte sipò san yon angajman ki kontinye (pa egzanp, yon moun ki genyen yon gwo lakou oubyen yon espas pou rankont li kapab ofri, oubyen tou yon gwoup zanmi osinon kòlèg ki kapab anonse aktivite ki pral fèt). *Alye kapab itil nan tout nivo yon sosyete: endividyèl, relasyonèl, kominotè ak sosyete!*

Tèks sa a ekspeze premye etap yo pou monte yon Rezo Kore Tifi. Depi nou kòmanse, Rezo a pral kontinye devlope ak evolye pandan dewoulman kat Faz yo.



Detèmine popilasyon kominote nou

Anvan nou deside kiyès ak ki kantite moun ki ap nan Rezo *Kore Tifi* nou an, oubyen anvan nou ale twò lwen avèk lòt aktivis, li enpòtan pou nou klè sou kisa “kominote” vle di pou nou. Yon kominote kapab yon katye oubyen 2 katye nan yon gwo vil. Li kapab yon vilaj. Li kapab yon espas pi laj nan yon zòn riral.

Nan *Kore Tifi*, li enpòtan pou moun ki nan yon kominote nou chwazi, 1) yo an kominikasyon youn ak lòt regilyèman, yo pataje lide e youn enfliyanse lòt; 2) manm Ekip la genyen posibilite pou yo an kominikasyon regilyèman avèk kominote a. Donk li esansyèl pou nou kenbe popilasyon yon kominote nan yon nivo ki reyalis. Konsa nou ka pwovoke chanjman reyèl ki dire. Travay aktivis vle di enpak la pral pran teren depi li fèt yon kote. Nou kapab travay nan youn oubyen plizyè kominote; sa ap depann sou kantite manm Ekip la genyen, plis tan ak resous nou genyen.

Yon mwayen fasil pou nou estime popilasyon kominote nou, se panse sou konbyen moun yon grenn moun kapab enfliyanse oubyen bay sipò nan yon mwa. Si nou byen panse sou kalte moun ki gen enfliyanse nou ap chèche nan rezo nou, nan zòn lavil, yon manm rezo kapab de fason regilye enfliyanse 500 a 700 moun; nan zòn riral, kantite a kapab anviwon 100 a 150 moun. Yon manm Ekip la kapab bay jiska 10 a 15 manm Rezo sipò (san nou pa konte klèb tifi) nan yon zòn riral oubyen zòn ki gen aksè difisil. Nan zòn lavil oubyen zòn moun sikile avèk fasilite, yon manm Ekip la kapab bay jiska 30 manm rezo sipò.

Metè done sa yo ansanm:

manm Ekip ki pral sou teren regilyèman × # manm rezo chak manm Ekip teren kapab bay sipò regilyèman × # moun yon manm rezo kapab enfliyanse regilyèman

= estimasyon popilasyon kominote nou ka travay

Pa egzanp, si yon pwogram nan yon zòn ki pa lavil ni ki pa riral genyen 2 manm Ekip. Yo chak bay 25 manm rezo sipò chak mwa. Chak manm rezo enfliyanse 150 moun regilyèman. Nou kapab fè kalkil sa a:

$$2 \times 25 \times 150 = 7500$$

Popilasyon kominote nou an kapab genyen anviwon 7500 moun. Pou yon lòt òganizasyon, sa kapab parèt diferan anpil, paske kantite moun nan kominote li travay kapab pi plis lontan pase 7500 moun.



I. Aprann Konnen Kominote a

Anvan nou kòmanse nenpòt travay nan kominote a, nou dwe premyeman konnen fòs kominote a, kalite pozitif li ak defi li prezante. Nou fè sa apati premye ankèt la (liy de baz) (Liv Entwodiksyon paj 38), Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi (paj 43) ak klasifikasyon resous kominotè ki dekri nan tèks sa a. *Kore Tifi* sèvi avèk yon apwòch ki baze sou avantaj nan chèche idantifye “resous” yon kominote — fòs oubyen avantaj ki kapab kontribiye nan efikasite *Kore Tifi*. Nan avantaj nou kapab site:

- * **Moun** ki genyen kèk teknik, konesans oubyen pèspektiv; pa egzanp yon lidè moun rekonèt ki abitye pran lapawòl kont vyolans sou tifi.
- * **Espas** nou kapab sèvi pou aktivite oubyen reyinyon pou chanjman; pa egzanp yon teren foutbòl, yon gwo sal nan yon legliz oubyen yon lakou lekòl ki deja la e nou kapab prete pou reyinyon, fòmasyon ak evenman.
- * **Gwoup kominotè** ki kapab vle angaje yo kòm gwoup aksyon kominotè.
- * **Evenman**, lè moun deja reyini; pa egzanp fèt nasyonal ak selebrasyon kominotè.
- * **Atik** tankou founiti biwo, aparèy CD elatriye ki kapab sèvi nan fè prevansyon kont vyolans sou tifi.

Lidè kominotè, menntò klèb tifi, aktivis kominotè ak lòt aktè nan Rezo *Kore Tifi* kapab ede idantifye lòt avantaj lè yo kòmanse angaje nan rezo a. Nou pral kontinye mete presizyon nan lis la nan Faz Kòmanse.

KLASIFIKASYON RESOUS KOMINOTÈ

Klasifikasyon resous kominotè se yon bon mwayen pou nou aprann plis sou kominote a ak kòmanse pwosesis *Kore Tifi*. Genyen kat etap nan klasifikasyon resous kominotè:

Etap 1: Fè yon sesyon refleksyon

Mete ansanm manm Ekip *Kore Tifi*, manm Rezo a ki disponib, ak lòt moun ki genyen eksperyans espesifik nan kominote kote nou ap travay la pou reflechi sou resous ki genyen nan kominote a. Mande tèt nou kisa moun/gwoup tout nivo nan sosyete a kapab kontribiye kòm teknik, eksperyans, konesans ak enterè (nou menm tou). Ki objè, evenman ak espas ki ta kapab pote plis valè nan chak sèk yo? Devlope yon lis avantaj potansyèl yo ak objè yo.

Etap 2: Mete Presizyon nan Lis Resous Nou an

Egzamine lis resous nou te kreye pandan sesyon refleksyon an. Apre sa, fòme 4 gwoup epi bay chak gwoup youn nan 4 sèk enfliyan yo — endividyèl, relasyonèl, kominotè, sosyete. Mande

chak gwoup ki moun nan lis resous la ki nan sèk pa yo. Apre sa, mande yo ale verifye enfòmasyon yo nan sous yo epi ajoute sa yo te kapab manke, retire oubyen chanje sa ki pa kòrèk.

Etap 3: Kreve Klasifikasyon Resous Nou

Reyini manm Ekip *Kore Tifi* epi mande chak gwoup prezante sa yo te jwenn. Apre sa, travay ansanm pou nou mete tout enfòmasyon yo sou yon fòm nou kapab wè, sa vle di: yon klasifikasyon resous kominotè. Klasifikasyon resous kominotè a kapab pran nenpòt fòm nou renmen. Pa egzanp: 1) Yon gwo lis resous avèk divès kategori moun, espas, gwoup, evenman ak objè; 2) Yon kat jewografik kominote ki genyen otokolan oubyen chif ki plase kote resous yo ye, plis yon lis resous ki koresponn avèk otokolan oubyen chif yo; 3) Yon gwo-gwo dyagram ki fèt ak sèk enfliyans ki genyen menm sant; resous yo ekri nan sèk pa yo.

Etap 4: Konsève Klasifikasyon Resous Kominotè a

Avan e apre chak faz *Kore Tifi*, egzamine Klasifikasyon Resous Kominotè a epi fè mizajou sou li; apre sa diskite antre nou pou konnen kijan nou pral kapab sèvi avèk avantaj yo nan pwochen faz la.

Depi nou fin fè Klasifikasyon Resous Kominotè nou e nou genyen yon pi bon konpreyansyon sou kominote kote nou pral travay la, nou kapab antre nan pwosesis idantifye Aktivis Kominotè.

II. Idantifye Aktivis Kominotè (AK)

AK yo reprezante kè travay *Kore Tifi*. Se yon gwoup gason ak fanm ki se manm kominote kote nou ap travay. Nou te chwazi yo pandan faz kòmanse. Yo angaje yo pou yo pèmèt zafè dezekilib pouvwa ant fanm ak gason an chanje pandan 4 faz yo nan *Kore Tifi*. AK yo fasilite reyalyasyon estrateji yo ak aktivite yo nan kominote yo; sa fèt pami paran ak moun ki pran swen timoun, nan lekòl, e avèk lòt manm kominote a. Yo pran responsabilite pou yo chanje pwòp atitid ak konpòtman pa yo, pèmèt lòt moun jwenn enspirasyon nan atitid ak konpòtman yo, pandan yo ap sipòte lòt moun pou fè chanjman. Manm Ekip *Kore Tifi* bay AK yo sipò sere-sere pou ede travay aktivis AK yo pi efikas, pou pèmèt AK yo rete motive.

Ki MOUN KI KAPAB YON AK?

Se nan Faz 1 (Kòmanse) nou idantifye AK. Manm Ekip *Kore Tifi* kòmanse angaje ak kominote a pou idantifye moun ki demontre yo kwè genyen yon bagay ki pa nòmal nan fason kominote a wè, valorize ak trete tifi; e moun sa yo santi nan fon kè yo genyen yon bagay ki dwe chanje.

Anvan nou chwazi AK, li enpòtan pou nou genyen yon lis kritè pou bon AK ki byen chita nan kad travay nou. Pa dwe genyen konfizyon ant kritè yo avèk nivo edikasyon oubyen eksperyans anvan — Se bon jan volonte pou ede fè bagay yo vin pi bon ki bay pi bon AK a.

Yon echantiyon kritè pou yon moun vin AK genyen ladan li:

- * disponib 2zè d tan pa semèn ak pou rankont chak mwa;
- * aksesib epi pa pè pran pozisyon devan lòt moun oubyen nan piblik;
- * kominote a respekte moun nan e moun nan gen respè pou manm kominote a. Moun nan rekonèt avèk franchiz se nan yon pwosesis aprantisaj tou li ye;
- * konprann li pral tire anpil nan *Kore Tifi* — plis respè ak teknik, wè chanjman nan kominote li, elatriye — men li p ap touche ni li p ap jwenn okenn benefis materyèl;
- * angajman pou pa sèvi ak vyolans nan relasyon pa li, epi sèvi kòm modèl pou lòt moun;
- * vle fè chanjman nan lavi pa li ak kominote li pou tifi genyen plis pouvwa;
- * *remak: decide si kapasite de baz nan lekti pou fasilite aktivite avèk afich, ti komik elatriye kapab yon kritè reyalis pou kad travay nou. Jwenn wòl pou tout moun, e pa janm kite yon moun konprann se akòz nivo li nan li ak ekri ki fè nou pa chwazi li.*

An jeneral, AK yo dwe reprezante yon melanj pami manm kominote yo – gason ak fi, jèn ak granmoun, moun nan diferan relijyon, moun ki genyen enterè diferan, moun ki te lekòl ak moun ki pa te lekòl, elatriye.

DESIDE SOU KANTITE AK N AP CHWAZI

Kantite AK pral depann sou dimansyon ak popilasyon kominote nou an plis kantite manm Ekip ki disponib pou bay AK sipò. Jan sa te di pi wo a nan “Detèmine popilasyon kominote nou”, yon manm Ekip nou kapab bay jiska 10 a 15 manm Rezo sipò nan yon zòn riral oubyen yon zòn ki genyen aksè difisil. 30 manm Rezo nan zòn lavil oubyen zòn moun kapab sikile fasil. Sonje kantite moun sa yo pran an kont ni aktivis kominotè, ni manm gwoup aksyon kominotè.

ETAP NAN CHWAZI AK

Genyen 6 etap senp ki nesèsè nan chwazi AK:

Etap 1: Nou ap chèche aktivis kominotè! Gaye nouèl la

Sa vle di pran lari pou nou! Vizite lidè kominotè, lòt ONG, direktè lekòl avèk fi ki genyen bon abilite pou pran lidèchip nan kominote a. Esplike poukisa *Kore Tifi* la, ak sa nou ap chèche nan moun ki vle vin aktivis kominotè. Mande yo rekòmande nou moun, epi note kiyès ki bay ki non. Chache non ki site plis pase yon fwa paske plis pase yon lidè te rekòmande menm moun nan. Ekri yon anons, fè kopi epi kole yo kote pou anpil moun wè. Ale nan zòn ki genyen anpil aktivite nan kominote a, jis pale avèk moun sou *Kore Tifi* ak nesèsite ki genyen pou moun vin aktivis kominotè. Oubyen tou, fè yon rankont kominotè pou nou jwenn moun ki enterese.

**Lè nou ap gaye nouèl la, pa bliye pran non ak kowòdone manm kominote a ki enterese! Kreve yon lis konplè avèk non plis kowòdone (nimewo telefòn, adrès...) anvan nou antre nan Etap 2.*

Etap 2: Fè mini-atelye sou *Kore Tifi*

Ti atelye, se yon bon mwayen pou nou evalye enterè ak lide moun nou te idantifye kòm potansyèl aktivis kominotè. Atelye sa yo ede moun nan yon kominote jwenn bon jan enfòmasyon sou *Kore Tifi*. Yo ede manm Ekip *Kore Tifi* dekouvri manm kominote a ki enterese, epi detèmine ki kalite wòl moun sa yo ta kapab jwe nan travay aktivis ki anrasinen nan kominote.

Chak ti atelye ta dwe dire anviwon 3zèd tan avèk 30 patisipan pou pi plis. Fè kantite ti atelye ki nesèsè pou nou kapab pran konesans ak tout moun ki genyen non yo sou lis nou an. Pou chak atelye, ta dwe genyen 1 oubyen 2 aktivite ki pèmèt egzamine valè, kwayans ak pouvwa plis yon entwodiksyon ak tan pou kesyon (gade yon egzantp ajennda pi ba a). 2 manm Ekip *Kore Tifi* ta dwe patisipe nan chak atelye, yon fasilite ak yon obsèvatè ki pou swiv avèk atansyon dewoulman atelye a epi pran nòt sou kontribisyon ak kalite entèvansyon patisipan yo. Pran nòt sou moun ki sanble genyen lespri kritik e ki sansib ak pwoblèm pouvwa; prete atansyon sou kiyès k ap koute kiyès; apre pran kritè nou te chwazi yo pou nou gade pèfòmans patisipan yo.

Egzanp ajennda pou mini-atelye:

- * Entwodiksyon/ Fè konesans pou youn konn lòt (30 minit)
- * Papyè Pouvwa (45 minit, gade "Kourikoulòm Syans Sosyal, 7yèm Ane" paj 3)
- * Prezantasyon sou Kore Tifi (15 minit)
- * Poz (15 minit)
- * Prezantasyon sou wòl aktivis nan Kore Tifi (AK, pwèn fokal, Gwoup Aksyon Kominotè, alye) (45 minit)
- * Kesyon ak preferans pou wòl (30 minit)

**Nenpòt moun nan yon kominote ki demontre enterè pou li vin yon aktivis kominotè byenvini nan atelye sa a. Ofri opòtinite pou moun ki te patisipe nan atelye a chwazi si yo toujou enterese pou yo ta vin aktivis kominotè. Li posib nou p ap kapab chwazi tout moun ki ta vle vin aktivis imedyatman. Men genyen anpil lòt mwayen moun kapab angaje yo kòm alye. Esplike sa byen pou nou kapab jere atant patisipan yo; fè yo konnen tou kapab genyen lòt opòtinite nan lavni pou moun vin aktivis kominotè. Nou kapab pral bezwen ranplase aktivis kominotè akòz genyen aktivis ki deplase kite zòn nan oubyen akòz lòt sikonstans ki fè yo pa kapab kontinye jwe wòl aktivis.*

Etap 3: Idantifye AK yo

Imedyatman apre chak atelye, fasilite a ak obsèvatè a kapab chita ansanm pou yo fè yon lis avèk non patisipan nan atelye a ki te prezante plis garanti pou yo ta devni AK. Ekri ti nòt akote non patisipan sa yo pou nou pa bliye. Depi nou fin fè tout atelye nou te prevwa fè yo, chwazi AK yo selon kritè ki te tabli yo. Nou pral genyen pou nou travay avèk yo kifkif pandan tout dire entèvansyon an. Asire nou yo soti nan diferan katye ki fòmè yon kominote, epitou pou chak zòn, AK yo reprezante divès kategori moun. Nou kapab chwazi kèk AK an plis kantite egzat nou bezwen an paske li posib ap genyen kèk ki abandone anvan pwogram nan rive nan bout li.

Etap 4: Idantifye Alye yo

Nan fè chanjman pozitif, chak moun genyen yon wòl pou jwe! Kanta manm kominote a ki enterese ak Kore Tifi anpil e ki pa vin AK, chèche lòt mwayen pou nou angaje yo kòm alye pou travay aktivis kominotè. Genyen anpil mwayen pou nou fè sa. Nou kapab jwenn wòl ki baze sou talan oubyen koneksyon patikilye yo genyen. Pa egzanp, sila yo ki genyen kapasite nan la kapab dirije gwoup teyat, pwojè miral (gwo tablo penti sou mi); sila yo ki genyen lòt avantaj tankou gwo lakou oubyen estasyon radyo kapab bay espas pou rankont oubyen posibilite pase feyton nan radyo.

Etap 5: Planifye e Prepare pou nou bay AK yo Sipò Regilye

Pou apwòch la mache byen, li esansyèl pou manm Ekip *Kore Tifi* bay AK yo sipò. Wòl manm Ekip la se pa senpman fè swivi sou travay AK yo, men se tou konstwi bon jan relasyon avèk AK yo, ba yo direktiv ki apwopriye ak asistans ki baze sou bon refleksyon. Manm Ekip *Kore Tifi*, nan chita pale avèk AK yo, ta dwe travay ansanm pou kreye yon plan klè ki prezante kisa sipò a pral sanble nan peryòd pwogram nan pral kouvri a. Sa genyen ladan li: frekans ak estrikti rankont AK yo, orè pou fòmasyon ak lòt aktivite pou devlope kapasite yo, kantite aktivite pou nou vizite chak semèn (ak fason pou nou deside ki aktivite n ap vizite), kantite apèl pa semèn, kilè ak ki fason pou nou bay fidbak konstruktif, fason pou nou pataje materyèl ak resous avèk AK yo, fason pou nou montre sipò nou ak ede motive AK yo, aktivite pou konsolide relasyon yo, elatriye. Nou dwe pataje plan yo avèk AK yo pou ni manm Ekip, ni AK angaje youn anvè lòt.

Etap 6: Travay kòm Patnè ki Respekte Tèt yo

Li esansyèl pou nou angaje nou avèk AK yo kòm patnè ki respekte tèt yo e kòm moun tout bon. Fason nou kominike, fason nou travay avèk AK yo nan *Kore Tifi* ta dwe reflekte pouwa pozitif nou vle ki pran pye nan kominote yo. Bay lide ak sajès AK yo valè. Pataje avèk AK yo fidbak ak rezilta. Mande yo opinyon ak sijesyon souvan epi itilize opinyon ak sijesyon sa yo pou oryante travay la. Sonje – sitou lè pwogram nan fèk demare, kwayans ak lide AK yo kapab pa toujou reflekte pa manm Ekip *Kore Tifi*. Se nòmal! Yo pral pote pèspektiv ki enpòtan anpil sou reyalyte lavi fanm ak gason nan kominote pa yo. Kòm yo fèk tanmen chanje, se wòl manm Ekip la pou yo bay AK yo sipò.

III. Kreye Gwoup Aksyon Kominotè (GAK)

Genyen divès gwoup fòmèl ak enfòmèl nan tout kominote — gwoup sa yo gen lidèchip e yo bay sèvis ak koneksyon sosyal nan tout nivo sèk enfluyans tifi. Lè nan fason estratejik, nou angaje avèk gwoup sa yo, yo vin aktif nan anpeche vyolans sou tifi. Nan travay avèk yo, yo kapab devni lidè nan aktivite *Kore Tifi*, epi deklanche pwosesis chanjman byen lwen parapò ak gwoup pa yo. Pi souvan, GAK yo mwens angaje pase AK yo; sa vle di avèk pi piti frekans, e avèk mwens responsabilite dirèk nan travay aktivis. Men aksyon youn konplete aksyon lòt nan bon fason.

GAK NAN KORE TIFI

Genyen 2 kalte gwoup ki anndan rezo *Kore Tifi* menm; genyen enfòmasyon detaye sou yo nan lòt dokiman: Klèb Tifi (gade Kreyasyon Klèb Tifi paj 25) ak Gwoup nan Lekòl (gade



Chwa ak Preparasyon Lekòl paj 45). Apre de sa yo, *Kore Tifi* rekòmande senk kategori gwoup aksyon kominotè:

- a) Gwoup Aksyon Lidè Kominotè;
- b) Gwoup Aksyon Lidè Relijye;
- c) Gwoup Aksyon Travayè Lasante;
- d) Gwoup Aksyon Medya;
- e) Gwou Aksyon pou Dwa Fanm.



Gwoup sa yo ofri kèk kalite sèvis ak koneksyon ki espesyal. Sèvis ak koneksyon sa yo enpòtan nan pote repons kont vyolans sou tifi ak nan mete sou pye lòt nòm sosyal ki pozitif. Nou pa oblije travay avèk tout gwoup sa yo. Nou kapab deside nan fason estratejik avèk kiyès ladan yo pou nou angaje nou. Pou nou fè sa, sèvi avèk kat avantaj kominotè nou te kreye a pou nou idantifye GAK ki ta pi enpòtan pou nou nan kominote nou ap travay.

KIJAN POU NOU IDANTIFYE GAK YO?

Nan kategori GAK sa yo, li enpòtan pou nou jwenn gwoup espesifik ki egziste yo, kiyès ladan yo ki aktif, kiyès moun fè konfyans, elatriye. Pou nou fè sa, swiv metòd sa a:

- 1) Rasanble Ekip *Kore Tifi* (ak lòt moun ki genyen bon jan sajès) pou yon sesyon refleksyon. Trase yon gwo dyagram sèk enfliyans tifi ki genyen anpil espas pou nou ekri nan sèk yo.
- 2) Plase klasifikasyon resous kominotè yon kote pou tout moun wè li epi egzaminen li an gwoup.
- 3) Ekri non gwoup nou te idantifye nan klasifikasyon resous kominotè nan sèk enfliyans ki koresponn ak yo sou gwo dyagram sèk enfliyans tifi a.
- 4) Brase lide sou 5 kategori gwoup aksyon ki rekòmande pi wo a. Ekri gwoup espesifik ki egziste nan chak kategori yo nan sèk enfliyans ki koresponn ak gwoup yo.
- 5) Note ki gwoup ki an aktivite ak sa ki pa an aktivite.
- 6) Ajoute nenpòt gwoup sou dyagram nan ki poko egziste nan kominote a men gwoup k ap reflechi a kwè ki kapab enpòtan.
- 7) Reflechi ansanm pou nou tonbe dakò sou ki gwoup nou pral eseye angaje kòm GAK pandan nou ap kenbe nan lespri nou faktè sa yo: a ki nivo yo an aktivite, yo enfliyan, yo aksesib, e yo reprezantatif pou kominote a.
- 8) Asire nou, dapre tip gwoup nou ap panse chwazi yo, rezo a an jeneral genyen ase moun pou deklanche chanjman nan chak nivo sèk enfliyans tifi.

- 9) Asire nou manm Ekip la genyen ase tan e nou genyen ase resous pou nou fè swivi avèk chak gwoup nou chwazi. (Pa bliye, genyen enfòmasyon detaye e ki apa sou klèb tifi ak gwoup aksyon nan lekòl; gwoup sa yo bezwen angaje aktivman tou!)
- 10) Depi nou fin deside sou kèk gwoup kle, kòmanse pale avèk reprezantan gwoup sa yo pou nou detèmine kiyès nan gwoup sa yo ki enterese angaje aktivman nan *Kore Tifi*.

ANGAJE GAK YO

Nan Faz Kòmanse, nou dwe mete fokis nou sou aprann konnen gwoup aksyon kominotè yo, devlope relasyon avèk yo, epi pran angajman avèk yo. Nou kapab itilize aktivite ki fèt nan mini-atelye plis materyèl nou sèvi avèk Aktivis Kominotè yo pou nou kòmanse reflechi avèk yo. Pandan nou ap avanse nan faz *Kore Tifi* yo, nou pral jwenn materyèl ki apwopriye nan chak faz pou chak gwoup (pa egzanp lide pou atik oswa repòtaj pou jounalis, aktivite pou klèb tifi elatriye). Kote ki pa genyen materyèl espesifik pou chak gwoup, nou kapab itilize menm materyèl nou travay avèk AK yo plis manm kominote yo. Sonje pou nou fè travay aktivis la fason pou li apwopriye pou chak gwoup. Pa egzanp, eseye rankontre chak gwoup pandan menm lè gwoup la abitye reyini. Epi, prezante *Kore Tifi* yon fason ki mache avèk misyon plis valè gwoup la.

Monte yon Rezo *Kore Tifi* ki solid, aktif pral ede tout kominote a angaje nan chanjman. Envesti pwòp tan ak enèji nou nan byen monte rezo a; apre sa chita gade travay aktivis la ki ap pran teren apati enspirasyon moun pral jwenn swa bò kote moun ki te angaje anvan yo osinon gwoup yo!

IV. Lanse *Kore Tifi*

Depi nou fin reyalize premye rankont yo pou klèb tifi, chwazi pwen fokal nan lekòl, AK ak GAK, li lè pou nou lanse *Kore Tifi* nan komniote a! Si mwayen nou pèmèt nou, fè yon gwo evenman piblik kote tout moun byenvini. Sinon, ekri yon nòt pou laprès oubyen envite jounalis nou konnen pou nou fè yon lansman nan medya. Asire nou envite kèk ofisyèl kle, lidè kominotè, ak kèk moun kle nan chak gwoup ki nan Rezo *Kore Tifi*. Manm gwoup sa yo pral pale sou wòl gwoup yo pou kèk minit. Asire nou bay klèb tifi yo yon wòl santral nan evenman an. Se pou yo kapab esplike sa yo ap fè ak poukisa sa yo ap fè enpòtan pou yo. Manm Ekip la dwe byen sipòte chak moun ki nan preparasyon evenman an. Sonje: se yon opòtinite nou genyen pou nou fè tout moun kontan alavans paske *Kore Tifi* nan kominote a!

Nòt

1. Konsèp nan dokiman sa a adapte apati Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.

GID POU KREYASYON KLÈB TIFI



Kreye espas pou tifi rankontre ansanm regilyèman san ti gason, se youn nan estrateji kle Kore Tifi. Nan kominote yo, gason pi souvan kontwole espas piblik yo pandan ti gason gen tandans kontwole espas pa timoun. Yo plis kenbe jèn tifi yo nan kay; sa ki fè yo manke kontak avèk zanmi e avèk lòt rezo sosyal.

Kreye espas piblik espesyalman pou tifi (san ti gason ak granmoun) ki ogmante sekirite tifi yo, ki ba yo lavwachapit e ki pèmèt yo santi pouvwa yo genyen pou fè chanjman, sa esansyèl pou ekilib pouvwa ant fi ak gason, e sa ankouraje chanjman pozitif. Klèb Tifi ede nou kenbe Kore Tifi santre sou tifi. Lè manm yon kominote kòmanse fè pledwaye pou tifi genyen pouvwa, yo pral konsilte klèb tifi yo pou asire aksyon kominotè yo pran an kont bezwen ak priyorite tifi. Konsa, bon jan patisipasyon aktif tifi yo nan konsepsyon, enplemantasyon ak swivi, se yon priyorite e se yon jefò ki planifye menm depi okòmansman.

Dokiman sa a prezante etap pa etap direktiv pou nou kreye klèb tifi ki byen monte. Li genyen 10 etap senp pou Faz 1 (Kòmanse). Nou pral jwenn tou lide pou nou reyalize aktivite pou Faz 2, 3 ak 4 (Konsyantize, Sipò ak Aksyon), plis referans pou materyèl ki kapab ede kenbe klèb tifi yo an aktivite, an sante pandan yo vrèman itil pou tifi yo!

Kisa yon espas san danje ye?¹

Yon espas san danje se yon kote tifi kapab rankontre regilyèman san yo pa kouri okenn risk. “Espas san danje” vle di tifi p ap sibi tizonnay ni vyolans nan espas la, yo kapab pale san baboukèt ni nan espas la, ni sou wout ale-tounen nan espas la. Menm si nou konnen se tifi sèlman ki kapab deside si yon espas san danje, konsèy paran ak moun ki pran swen timoun nesèsè tou. Yon espas san danje kapab yon kay oubyen yon pyès kay ki amenaje espesyalman pou klèb tifi. Byen souvan pyès kay la ap nan yon espas ki te la deja, tankou, lekòl, legliz, sant pou jèn, yon lakou, elatriye. Men pyès kay la genyen lè ki rezève espesyalman pou reyinyon tifi. Li enpòtan pou yo mete espas sa yo disponib pou klèb tifi ak yon orè regilye, plis bon jan garanti pou respè vi prive ak konfidans tifi yo fè. *Remak: Anpil kote nan peyi d Ayiti, yo rele espas san danje sa yo ki fèt pou tifi: “Espas Pa M”.*

10 Etap pou rive nan Bon Jan Klèb Tifi

Ekspè idantifye 3 eleman kle ki nesèsè pou tifi devni manm tout bon vre nan kominote yo: “espas san danje, zanmi ak menntò”.² Klèb tifi ofri toule 3 eleman sa yo! Anvan nou antre nan 10 etap yo, chwazi 1 oubyen 2 pami manm Kore Tifi yo ki pou rankontre regilyèman avèk klèb yo; manm sa yo pral bay menntò yo sipò epi fè vizit swivi nan klèb tifi yo. Tout manm Ekip Kore Tifi kapab ede; men yon pwen fokal kapab asire klèb tifi ak fòs tifi rete poto mitan metodoloji a.


Etap 1: Deside sou ki kategori tifi nou vle fokus sipò nou epi egzamine resous kominotè pou tifi ki egziste

Kòm yon pati nan ankèt liy de baz la, Ekip *Kore Tifi* kapab chwazi jwenn enfòmasyon sou tifi yo nan kominote a apati Ankèt Tifi Prezan (*Population Council Girl Roster Tool™*). Nou te kòmanse aprann tou sou resous ki deja disponib pou tifi yo gras ak Klasifikasyon Resous Kominotè (gade "Monte yon Rezo pou Chanjman", paj 17). Pou yon premye pa nan kreye klèb tifi, nou kapab gade done yo epi idantifye ki kategori oubyen ki "pòsyon" tifi nou vle bay sipò fason ki pi sere; sa ap baze sou tifi ki genyen mwens pouvwa e ki kouri pi gwo risk nan kominote a.

Kategori abityèl yo kapab genyen tifi andikape, tifi restavèk, tifi ki marye oubyen plase, tifi ki manman, tifi ki pa lekòl, tifi ki rete lwen resous yo bezwen tankou sous dlo, tifi ki imigre, tifi ki madivinèz, tifi ki travay ak sèks yo, oubyen tou lòt kategori nan zòn nou ap travay la. Sou kesyon laj, nou pral konsidere si tifi nou chwazi yo plis tonbe nan tranch 10 – 14 lane oubyen 15 – 19 lane.

Deside sou ki kategori tifi nou ap mete fokus kapab ede nou:

- * Deside ki tip menntò ak ki tifi egzakteman pou nou angaje nan klèb tifi yo.
- * Detèmine ki manm nan kominote a nou pi bezwen angaje pou nou asire, nan gwo pwosesis chanjman kominotè a, n ap tou ede tifi yo jwenn pouvwa yo.
- * Detèmine ki kontni ki pi enpòtan pou klèb tifi yo, ak ki sistèm sipò an plis ki kapab itil pou kategori tifi sa yo.



Reflechi an Ekip apati done sou kominote yo, epi ekri yon lis tou kout ak kategori tifi nou ta dwe fokus sou yo an premye nan "Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi" (paj 43).

Aprè sa, pou 2zyèm pati Fichye a, reegzamine done Klasifikasyon Resous Kominotè (gade "Monte yon Rezo pou Chanjman" paj 17). Reflechi an Ekip pou nou konnen si chak resous yo vrèman disponib pou kategori tifi nou te idantifye yo. Verifye sa nou te aprann sou klèb tifi ki te la deja, espas san danje, pwogram ki ofri menntò pou jèn, pwogram fòmasyon pou menntò, aktivis pou tifi jwenn pouvwa yo, granmoun nou kapab fè konfyans ak lòt. Chèche konprann kiyès ki genyen aksè ak resous sa yo nan kominote a. Fè konparezon ant sa nou rive konprann nan avèk rezilta sou eksperyans ak bezwen tifi. Fè sa avèk yon atansyon espesyal sou kategori tifi nou te idantifye yo.

Reflechi an Ekip e diskite ansanm sou gwoup ak moun kle nou ta renmen vizite; panse sou resous pou tifi laj 10 – 14 lane ak 15 – 19 lane apa, fè lis resous ak bezwen yo. Depi nou fin genyen yon lide jeneral sou kategori tifi pou nou fokis sipò nou, bezwen yo ak resous yo, ekri enfòmasyon yo nan “Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi” (paj 43). Nou pral kontinye aprann plis sou resous yo epi mete lis nou yo ajou nan etap 2.



Etap 2: Swivi avèk Klèb Tifi ki la deja

Fè yon plan pou swivi avèk klèb tifi ki la deja, plis aktivis kle nou te idantifye. Kontakte kèk reprezantan kle chak klèb, mande yo rankont pou nou aprann plis sou travay yo e pou nou prezante yo *Kore Tifi*. Pandan rankont yo, poze kesyon pou ede nou konprann kijan chak klèb ajè fas ak bezwen tifi yo epi esplike kisa ki alabaz *Kore Tifi*.

Aprè nou fin rankontre tout klèb yo, fè yon rankont Ekip pou nou diskite fason nou ta renmen kolabore avèk gwoup yo plis aktivis yo. Si kominote a deja genyen ase klèb tifi, nou kapab ofri klèb yo sipò nou nan ba yo fòmasyon, asistans teknik, ak materyèl kreyatif pou yo sèvi nan klèb yo. Nan pifò ka, ap genyen bezwen lòt klèb tifi nan kominote a. Nou pral kapab itilize lis resous nou yo pou detèmine kibò nouvo klèb dwe plase ak sou ki kategori tifi nan kominote a nou dwe mete fokis nou.

Etap 3: Chwazi menntò pou klèb tifi yo

Yon menntò pou klèb tifi se yon jèn fi nan kominote a oubyen ki pa rete lwen kominote a tifi yo fè konfyans, yo respekte. Se yon jèn fi ki sèvi ak pouvwa li fason ki pozitif e ki kapab bay tifi ki nan klèb la sipò yo bezwen. Menntò a dwe genyen ant 18 a 25 lane — yon ti jan pi gran pase tifi yo. Menntò yo resevwa fòmasyon an plis ki pou ede yo akonpaye tifi yo ak ankouraje yo grandi nan lespri yo pou yo devni lidè tou. Yo rekòmande pou chak klèb genyen 2 menntò.



Eleman esansyèl pou yon Menntò Klèb Tifi³

Yon menntò se yon jèn fi nan menm kominote ak tifi ki nan klèb la, oubyen ki pa rete lwen kominote a. Nòmalman, li:

- * Genyen ant 18 a 25 lane (sa fè li ase gran pou li bay konsèy men tou li ase jèn pou li byen konprann pwoblèm tifi yo e, pou tifi yo kapab abòde li avèk fasilite.
- * Pataje divès pwèn an komen avèk tifi nan klèb la, tankou:
 - * kote li soti: yo se moun menm kominote a, oubyen menm zòn nan;
 - * eksperyans li: yo an risk pou yo fè fas ak kèk danje ki menm; e
 - * sa li vle tout bon vre: yo detèmine e yo motive pou yo amelyore kalite lavi yo.
- * Yon lidè natirèl:
 - * demontre atachman avèk valè ki pozitif plis gwo nivo konfyans nan tèt li (san awogans);
 - * jèn parèy li ak granmoun nan kominote a respekte li;
 - * sèvi avèk konesans li plis ladrès li pou ranfòse lòt moun.

Remak: Menntò pa moun ki nan menm nivo ak tifi yo e k ap twoke lide ak yo pou youn aprann nan men lòt. Moun ki nan menm nivo travay sere-sere pou pataje enfòmasyon ak resous sou sijè patikilye. Men yon menntò travay ak tifi ki pi jèn pase li pou ede yo devlope konfyans nan tèt yo, ladrès ak kapasite pou yo vin lidè.

Desizyon enpòtan!

Anvan nou rekrite menntò yo, kòmanse pa deside si wi ou non nou kapab ofri yo yon ti frè pou travay yo pral fè nan klèb yo. Kwak jeneralman li rekòmande pou yo peye menntò, men genyen ni avantaj, ni enkonvenyan nan sa; kèk avantaj pami anpil lòt se: pi gwo posibilite rann kont nan klèb yo ki se yon eleman santral nan estrateji pou chanjman; chanjman itil nan pèsepsyon yon menntò ki wè tèt li kòm yon jèn fi ki se yon pwofesyonèl; demontre enpòtans esansyèl jèn fi yo genyen apati investisman nou fè pou ankadre yo. Li pa jis tou pou nou mande yon menntò fè twòp travay san touche paske sa reflète menm dinamik k ap devalorize kontribisyon yon jèn fi; e se sa *Kore Tifi* ap chèche chanje. Enkonvenyan sa ka pote:

moun kapab wè angajman ak klèb tifi kòm travay pou lajan; gwoup ak òganizasyon ki pa genyen posibilite peye menntò kapab genyen gwo difikilte si yo ta renmen kòmanse klèb tifi ak bon jan lespri aktivis. Sa kapab nwi travay aktivis ki se youn nan prensip kle ki pèmèt *Kore Tifi* avanse. Ekip *Kore Tifi* dwe analize 2 aspè sa yo epi chwazi sa ki pi bon pou kominote pa li. Silvouplè, sonje: si nou deside pa peye menntò, li enpòtan pou nou byen evalye sa n ap mande yo fè e konnen se yon sèl gwoup n ap mande yon menntò akonpaye omaksimòm yon fwa pa semèn. Epi, nou bezwen genyen yon plan tou ki pou pèmèt nou ranplase menntò ki pa kapab kontinye fè benevola.

Depi nou fin chwazi ant peye ak pa peye menntò yo, fè yon lis ki genyen tout jèn fi yo te rekòmande nou oubyen nou te jije ki kapab jwe wòl menntò. Apre sa, fè nouvel la sikile apati divès kanal nan kominote a. Sonje ki kategori tifi menntò yo pral akonpaye lè nou ap konsidere kibò ak ki fason nou ap fè nouvel la sikile; panse ak kiyès ki kapab sèvi kòm bon modèl pou kategori tifi nou chwazi yo. Fè yon anons detaye ki genyen tout eleman esansyèl ki nesèsè pou yon jèn fi vin menntò, epi ankouraje jèn fi ki reponn ak kritè yo aplike nan delè nou fikse a. Sikile nouvel la ni nan zòn klèb yo ap monte, ni nan lòt zòn jèn fi frekante.

Depi dat limit pou aplikasyon yo rive, fè yon lis kout avèk non jèn fi ki pi byen reponn ak kritè yo epi reyalize antrevi avèk jèn fi ki genyen non yo sou lis la. Asire nou plis posib jèn fi ki vle vin menntò yo soti nan menm kominote oubyen katye kote nou vle plase klèb tifi yo. Pandan antrevi yo, veye alafwa ni sou teknik ak ladrès yo genyen pou anime ak fasilite echanj, ni nan ki mezi tifi yo ka wè jèn fi sa yo abòdab. Mande yo chak fè yon demonstrasyon tou kout pou reponn yon tifi ki vin kote yo ak yon pwoblèm kèlkonk. Nou kapab mande yo chak tou pou prezante pandan 5 minit yon bagay kèlkonk yo konnen e yo vle aprann tifi yo. Sijè a kapab senp e li menm kapab amizan: kijan yo lase yon soulye, kijan yo fè yon kat pou fèt-dè-mè, oubyen nenpòt lòt bagay yo konnen e yo ta vle tifi yo aprann. Pa bliye, kapasite pou menntò yo rete solidè ak tifi yo epi demontre valè pozitif ni nan klèb la ni lè yo pa nan klèb la, se sa ki pi enpòtan!



Menntò pou Klèb Tifi!

[*Mete non òganizasyon an*] ap chèche jèn fi ki kapab jwe wòl menntò pou klèb tifi nan [*mete non kominote a*]!

Yon menntò se yon jèn fi ant 18 a 25 lane ki bay tifi ki pi jèn sipò e ki sèvi kòm gid pou tifi yo nan kominote a. Li dwe yon manm kominote a, yon lidè solid ki genyen bon jan konfyans nan tèt li. Li preferab si kandida a genyen eksperyans nan fasilite rankont gwoup, oubyen si li abitye jwenn fòmasyon nan sante seksyèl ak repwodiktif, nan prevansyon vyolans. Menntò a dwe kapab itilize gid pwogram ki ekri pou fasilite rankont gwoup ak jere lè byen.

Menntò a ap genyen reskonsabilite pou:

- * Planifye ak kondwi sesyon pou klèb tifi (1 a 4 fwa pa semèn) pandan de lane pou pi piti.
- * Swiv fòmasyon pou chak Faz Kore Tifi.
- * Fè fòmasyon pou tifi avèk materyèl Kore Tifi.
- * Disponib pou tifi ki nan pwogram nan, nan lè ki pa genyen rankont, sitou si genyen ijans.
- * Jere ti konfli pami tifi yo pou klèb la kapab mache byen, pou genyen yon dinamik sipò ale-vini nan mitan tifi yo e pou pwogram nan ka vanse byen.
- * Patisipe nan sesyon fòmasyon pou menntò.
- * Tounen yon “gran sè” ki se yon bon modèl e ki genyen kè sansib pou manm klèb la ki reprezante “ti sè” pou li.
- * Idantifye fi 15 a 19 lane nan klèb la ki kapab sèvi alavni kòm menntò enfòmèl, ede yo devlope kapasite lidèchip yo plis teknik ak ladrès pou yo sèvi kòm menntò pou tifi ki pi piti.

Silvoulè, remèt CV ou ak yon lèt kouvèti anvan [*mete dat*] nan [*mete adrès oubyen imèl*].

Depi nou fini ak antrevi yo, deside kiyès n ap chwazi. Apre, fè tout moun ki te pase antrevi yo konnen kiyès nou chwazi. Moun nou te chwazi yo dwe konnen sa anvan, envite yo nan yon premye rankont. Apre sa, enfòmè moun nou pa chwazi yo, envite yo jwe wòl alye pou *Kore Tifi* (Gade “Monte yon Rezo pou Chanjman” paj 15). Ankouraje postilan nou pa te chwazi yo chèche lòt opòtinite pou yo sèvi kòm menntò pou tifi, epi fè yo konnen kapab vin genyen lòt opòtinite nan kominote a pou moun angaje kòm lidè nan klèb tifi.

Etap 4: Fòmasyon pou menntò



Depi nou fin chwazi 2 menntò pou chak klèb, òganize yon premye rankont pou nou fè konesans ki pi apwofondi avèk yo. Esplike yo wòl ak objektif klèb yo. Siyen yon antant avèk yo ki prezante byen klè sa nou ap atann nan men yo ak sa nou kapab ofri. Fè yo konnen yo genyen pou yo patisipe nan yon premye fòmasyon anvan lontan. Apre sa, yo ap genyen pou yo fè sa ankò anvan chak nouvo Faz *Kore Tifi*. Fòmasyon sa yo pral pèmèt yo kapab toujou fè nouvo aktivite ki enteresan nan klèb yo. Diskite pou tonbe dakò avèk yo sou dat ak lè premye fòmasyon an. Nan premye rankont la, nou kapab fè yon aktivite pou ede menntò yo kòmanse reflechi sou kategori tifi yo pral rekrute pou klèb yo, bezwen espesyal yo kapab genyen ak atou ki dwe devlope kay tifi selon laj yo (gade Kat Atou ki soti nan Rezo Aksyon pou Fi Ayisyen pou plis lide: hagn@gmail.com).

Prepare an Ekip 5 oubyen 6 jou fòmasyon. Fòmasyon pou Faz 1 an kapab baze an gwo sou 3 aspè sa yo:

- * **Entwodiksyon:** Prezante yo *Kore Tifi* ak konsèp kle yo tankou chanjman nan nòm oubyen pratik sosyal yo, tip pouvwa yo elatriye.
- * **Kontni:** Travay 6 tèm menntò yo pral genyen pou yo kouvri avèk tifi nan klèb yo — pouvwa ak estim pou pwòp tèt ou; kominikasyon; lidèchip ak zanmitay; finans; sante fi; ak vyolans. Menntò yo dwe retransmèt konsèp ak aktivite nan pati sa a nan tout entegralite yo bay tifi nan klèb yo.
- * **Pwosede ak teknik:** Aprann ak pratike teknik fasilite, planifikasyon rankont, pledwaye, elatriye.

Pou plis lide pou yon ajennda ak kontni pou fòmasyon menntò, gade: "Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo" (paj 71).



Nou kapab menm chwazi envite nan fòmasyon kèk jèn fi ki pral jwe wòl menntò sipleyan. Yo dwe byen konprann yo pa pral jwe wòl menntò pandan klèb tifi yo pral kòmanse reyini. Sa kapab fè pati yon plan sipò pou ranplase menntò lè genyen ladan yo k ap chanje zòn, ale lekòl, oubyen tou sezi lòt opòtinite ki prezante.

Nou pral pote sipò nou pou menntò yo depi lè nou fin chwazi yo, fè premye fòmasyon pou yo rive jis nan fen entèvansyon nou apre 2 lane. Toudabò, menntò yo pral bezwen anpil sipò lè yo ap monte klèb yo. Apre sa, 1 oubyen 2 manm nan Ekip la pral bezwen pote sipò yon fason regilye nan rankont klèb yo, youn oubyen de fwa pa mwa. Nan rankont sa yo, menntò yo pral kontinye ranfòse teknik yo te aprann, fè planifikasyon pou rankont, epi jwenn lòt fòmasyon. Depi klèb tifi yo fin fòme, manm Ekip la dwe tabli yon kalandriye vizit pou sipò regilye nan klèb yo; tout fanm ki manm Ekip la dwe angaje nan fè vizit sa yo. Chak klèb dwe resevwa omwens yon vizit pa mwa oubyen selon bezwen yo. An plis de tout sa, Ekip la kapab vle òganize rankont regilye pou menntò ki viv pre youn ak lòt; konsa, menntò yo pral genyen pwòp gwoup sipò yo e yo pral kapab pataje eksperyans yo. Menm si manm Ekip la pa prezan nan rankont, sa kapab yon sistèm sipò enpòtan pami menntò yo.

Etap 5: Kreye klèb yo

Premye desizyon enpòtan menntò yo ak manm *Kore Tifi* pral pran ansanm se fòme klèb yo yon fason pou yo jwenn pifò tifi yo nan kategori yo te idantifye yo.

Òdinèman, klèb tifi yo genyen ant 15 pou rive 25 manm, laj yo se ant 10 rive 19 lane (oubyen 9 rive 18 lane nan kèk ka). Yo rekòmande pou gwoup yo separe dapre tranch laj sa yo: 10 rive 14 lane ak 15 rive 19 lane.^{4,5} Se yon fason pou nou pi byen pran an kont bezwen espesifik tifi yo. Manm Ekip la dwe deside alavans ki kantite klèb ak menntò resous yo ap pèmèt yo sipòte kòm-sa-dwa (jeneralman se 2 menntò pa gwoup ak youn oubyen 2 gwoup pa menntò).

Pou deside ki kategori tifi ki ap patisipe nan klèb yo, montre menntò yo draf "Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi" epi esplike kijan nou te deside bay kategori tifi sa yo priyorite. Diskite kesyon sa yo avèk menntò nou fèk chwazi yo:

- * Èske nou dakò tifi sa yo genyen plis nesosite pou jwenn zanmi, pou genyen menntò ak teknik ki ogmante sekirite yo, ki ba yo lavwaochapit e ki pèmèt yo santi pouvwa yo genyen pou fè chanjman nan kominote a? (*Si se pa sa, konsidere fè modifikasyon avèk swen*).
- * Ki lòt bagay nou konnen sou bezwen ak resous ki egziste pou tifi sa yo? (*Ranpli fichye a ansanm pou li pi konplè*).
- * Kilè tifi sa yo ap pi disponib pou yon premye rankont? (*Pa egzant, tifi ki lekòl kapab disponib sèlman nan apre-midi apre lekòl oubyen nan wikenn*).

Kontinye travay ak menntò yo plis manm Ekip la pou nou rive tonbe dakò sou kantite klèb nou vle fòme, ak kategori tifi nou vle travay. Sonje, lide a apati *Kore Tifi*, se pa eseye satisfè tout bezwen tifi genyen nan yon kominote, men pito se mete kanpe yon modèl klèb tifi ki pou enspire lòt moun monte klèb tifi. Sonje tou sa se youn nan plizyè pati enpòtan gwo pwosesis chanjman an. Dwe genyen ase klèb ki pou pèmèt lòt moun wè epi jwenn enspirasyon apati modèl la. Epi *Kore Tifi* dwe prezan pou ankouraje travay aktivis moun k ap fòme klèb tifi souvan avèk mwens resous pase Ekip *Kore Tifi*. Depi nou fin deside sou kantite klèb k ap monte, chwazi 1 oubyen 2 objektif espesifik pou chak klèb. Pou nou fè sa, regade done liy de baz *Kore Tifi*, epi reflechi ansanm pou chak klèb sou kesyon sa yo:

- * Egzamine “Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi yo” epi poze kesyon sa a: ki bezwen patikilye kategori tifi sa yo genyen?
- * Kiyès nan tout bezwen sa yo nou ta renmen klèb la satisfè pou tifi yo?
- * Ki chanjman espesifik ki baze sou sekirite, lavwaochapit ak santiman sou pouvwa pou fè chanjman nou ta renmen wè nan lavi tifi sa yo?
- * Ki objektif klèb sa a ta dwe genyen?
- * Ki fòs ak teknik tifi yo ak menntò yo genyen ki kapab benefisye klèb la? Ki resous kominote a genyen ki kapab ede?

Fè yon dokiman final ki endike kantite ak diferan tip klèb plis objektif pou chak klèb. Pou chak gwoup, gade ki dat ki ta pi bon pou premye rankont la. Chwa dat yo dwe baze sou sa nou panse ki ap pèmèt tifi yo patisipe avèk plis fasilite.

Etap 6: Enskri tifi

Rekritman tifi yo depann de kategori tifi nou ta renmen ki vin manm klèb yo plis objektif nou te chwazi yo. Si nou te fè yon ankèt “Tifi Prezan”/ “*Girl Roster Tool*™” nan liy de baz, enfòmasyon nou te jwenn kapab pèmèt menntò yo genyen plis lide sou ki tifi nan kominote a, oubyen omwen ki kote nan kominote a yo kapab jwenn tifi ki vrèman dwe vin manm yon klèb.

Sinon, menntò oubyen manm Ekip *Kore Tifi* kapab prezante pwojè mete klèb tifi kanpe nan evenman piblik oubyen nan radyo; yo kapab kole afich pou sa e yo kapab mande lidè kominotè, aktivis kominotè oubyen manm gwoup aksyon kominotè pou ede yo rekrute tifi ki prezante pwofil/ reprezante kategori tifi yo chwazi a nan katye pa yo. Avèk metòd sa yo, pafwa moun ki genyen plis enfluyans nan yon kominote kapab vle menntò yo enskri pitit pa yo. Men menntò yo kapab esplike pwogram nan genyen objektif espesifik e li fèt pou pèmèt tifi jwenn


avantaj yo p ap rive jwenn san yon pwogram konsa. Menntò yo ka oblije fè pòt-a-pòt pou yo enskri tifi yo konnen ki nan kategori nou te idantifye yo.

Depi menntò yo fin fè yon lis non tifi ki enterese, yo kapab rankontre avèk manm kle Ekip *Kore Tifi* pou gade ansanm pwofil tifi yo ak kritè yo te kenbe yo. Apre sa, fè yon premye seleksyon pami lis non yo. Ideyalman, tifi yo ak paran yo (oubyen moun ki ap pran swen yo), tou de gwoup sa yo pral deside pou enterè ak patisipasyon tifi yo. Men okòmansman, ni yon tifi, ni yon granmoun ki gen pouvwa entèveni nan lavi li ta dwe konprann gen avantaj pou tifi patisipe nan klèb tifi. Depi lis final la fin fèt, menntò yo dwe kominike avèk paran pou jwenn otorizasyon pou chak tifi. Pou anpil tifi, li enpòtan pou nou enplike lidè, paran, pwofesè, madanm ak mari plis lòt moun ki genyen pouvwa nan lavi tifi yo, e ki bezwen asire klèb tifi pote benefis. Nan kèk ka, li ka menm itil pou nou genyen yon lèt antant tou kout sou enpòtans prezans tifi nan klèb tifi pou nou diskite avèk paran yo. Konsa, yo pral konprann yo kapab bezwen mwens chaje tan tifi yo pou tifi yo kapab jwenn tan pou yo pwofite de klèb yo.

Esplike paran ak moun ki pran swen timoun pral jwenn envitasyon pou yo patisipe avèk aktivis kominotè oubyen menntò nan aktivite *Kore Tifi* ki fèt espesyalman pou yo. (NB: Afich faz Komansman ak Ti Pale ak Paran kapab ede Rezo a fè aktivite sa yo.) Konsa, paran ak moun ki pran swen timoun gen opòtinite pou yo vanse ansanm ak tifi yo nan bay chanjman jarèt ak sipò! Bay paran yo, moun ki pran swen tifi yo, tifi yo dat, lè ak kote premye rankont chak gwoup ap fèt e tou pwofite mande pou tifi yo prezan (fè sonje rankont yo se pou tifi yo sèlman, se pa pou paran yo). Pale dirèkteman avèk tifi yo tou, epi kòmansman ba yo bèl akèy. Poze yo kèk premye kesyon pou nou kòmansman konnen yo, e konnen sa ki enterese yo. Epi, envite yo nan premye rankont la. Kontakte tifi nou pa chwazi pou vin manm nan klèb tifi pou okazyon sa a (oubyen moun ki te pwopoze yo si sa parèt nòmal), pou nou remèsye yo pou enterè yo te manifeste pou klèb tifi. Fè yo konnen pral genyen nan lavni plis opòtinite pou yo angaje yo!


Etap 7: Rankontre tifi yo!

Ankadre menntò yo pou yo byen prepare pou premye rankont ki ap fèt avèk chak gwoup tifi. Se menntò yo ki pral reskonsab kondwi rankont yo. Men, omwens dwe genyen yon manm Ekip ki la nan chak premye rankont pou fè obsèvasyon ak bay bakòp si gen bezwen. Premye rankont la dwe fèt pi pre posib kay patisipan yo; se yon fason pou li pi fasil pou yo vini. Nan premye rankont la, menntò yo pral brase lide avèk tifi yo pou konnen ki kote ki ap pi apwopriye pou yo reyini ankò. Premye rankont la dwe dire anviwon 2zèd tan.



Priyorite premye rankont la, se fè tifi yo santi yo byenvini. Se yon opòtinite tou pou menntò yo ak tifi yo fè plis konesans, pou yo santi yo alèz ansanm, epi pou tifi yo aprann plis sou pwogram nan. Òdinèman, yon ajennda pou premye rankont la kapab parèt konsa:

- * Akèy/Byenvini (10 minit)
- * Prezantasyon menntò ak tifi yo (20 minit)
- * Koutje sou pwogram *Kore Tifi* (10 minit)
- * Objektif klèb la (10 minit)
- * Kat Sosyal Sekirite Tifi (1nèd tan)
- * Kloti ak rapèl pwochen rankont (10 minit)



Kat Sosyal Sekirite Tifi (Safety Mapping)⁶ (1nèd tan)

Yon “Kat Sosyal Sekirite Tifi” oubyen *Safety mapping* se yon zouti senp *Population Council* te devlope pou moun aprann plis sou pèsèpsyon tifi sou kominote yo ak eksperyans yo nan kominote a, epi pou ede deside pi bon espas pou mete klèb tifi.

Diferan etap yo:

1. Fòme ti gwoup 4 oubyen 5 tifi. Bay chak gwoup yon makè, yon lo kat pou moun pran nòt, plis yon fèy flitchat oubyen yon gwo fèy papye anbalaj. Esplike yo se yon kat kominote a yo pral fè, men se yon kat espesyal ki ap genyen ladan li repè ki pi enpòtan yo tankou (lekòl, legliz, mache, klinik, sous dlo, estasyon moto oubyen machin, wout, elatriye).
2. Mande chak gwoup ekri non repè sa yo sou kat pou nòt yo, yon sèl non sou chak kat. Di yo panse sou plis kote posib jiskaske yo fini ak tout kat ki nan men yo (si yo bezwen plis, yo ka mande).
3. Apre sa, mande tifi yo pou yo panse ak nivo danje pou tifi parèy yo pou chak kote yo te note sou yon kat. Epi fè yon klasman pou kote sa yo apati kat yo (kote ki prezante mwens danje pou tifi vin anvan jis rive nan sa ki prezante plis danje). Answit, mande yo plase kat yo sou yon figi ki se yon lozanj. Kote ki prezante

mwens danje pou tifi an wo, e sa ki prezante plis danje, plase yo gradyèlman anba (gade chema a).



4. Mande chak gwoup pou prezante kat sosyal yo te fè ki montre kote yo te idantifye nan kominote a, epi mande yo pataje travay klasman yo te fè sou lozanj la (kote ki prezante mwens danje pi wo).
5. Apre chak prezantasyon, fouye plis apati kesyon sa yo:
 - * Kisa ki fè “tèl kote” san danje pou tifi?
 - * Kisa ki fè “tèl kote” pote danje pou tifi?
 - * Kisa ki ta fè “tèl kote” vin san danje pou tifi?
 - * Èske gen lè nan jounen an “tèl kote” san danje, e gen lòt lè menm kote a pote danje? Se a ki lè? Poukisa?
 - * Nan kiyès nan espas sa yo nou kapab reyini? Si genyen gwoup ki fè diferan klasman pou menm espas, mande yo bay agiman pou sa yo panse.

6. Mande: "Akoz espas ki prezante danje ak sa ki pa prezante danje, kibò epi a ki lè nou ka jwenn yon bon espas pou gwoup nou an reyini?" Eseye jwenn konsansis sou yon espas ki bon pou tout moun. Sonje sèvi avèk enfòmasyon ki nan lis resous kominotè plis kat resous tifi epi sijere espas sa yo. Sa kapab mande yon ti brase lide.
7. Depi gwoup la fin deside sou espas ak lè pou rankont, fè yon pwen daksyon apwopriye pou mande otorizasyon pou nou itilize espas la/yo. Nou kapab vle diskite avèk tifi yo tou sou estrateji yo pou evite kote ki pote danje oubyen tou pou yo planifye sekirite kote yo idantifye ki prezante danje (pa egzanp nan mache a 2 oubyen nan pi gwo gwoup, nan mache avèk yon granmoun yo fè konfyans, elatriye). Remèsye tifi yo pou patisipasyon yo ak èd yo nan ede nou konprann kominote a!


Etap 8: Detèmine ki atou tifi yo bezwen devlope

Fè yon dezyèm rankont avèk tifi yo nan espas nou te chwazi a. Sèvi ak rankont sa a pou deside sou ki atou tifi yo vle mete aksan, pou esplike tifi yo enpòtans fidbak yo nan swivi sou siksè *Kore Tifi* (sa esplike nan Etap 9) ak nan plan lansman *Kore Tifi* nan kominote a (sa esplike nan Etap 10).

Kisa yon "atou"⁷ ye?

Atou se bagay moun genyen ki gen rapò avèk sa yo kapab fè oubyen sa yo ye tankou, konesans, kapasite; oubyen tou yon resous ekstèn (tankou yon pyès idantite) ki kapab ogmante sekirite tifi yo, ba yo lavwaochapit ak santiman sou pouvwa pou fè chanjman nan lavi ak kominote yo.





Tifi nan klèb tifi pral devlope atou ki baze sou objektif klèb la genyen, men tou ki baze sou atou yo menm yo idantifye kòm atou ki enpòtan anpil pou yo. Atou nan *Kore Tifi* divize nan 6 kategori.

- 1) Pouvwà
- 2) Kominikasyon
- 3) Lidèchip ak zanmitay (**remak:** sa genyen ladan li presyon zanmi ak estim pou pwòp tèt ou)
- 4) Finans
- 5) Sante fi
- 6) Vyolans

Genyen plis enfòmasyon ak kèk lide pou kontni sou chak kategori sa yo nan Faz 2 *Kore Tifi*.

Nan faz 1, tout sa nou genyen pou nou fè, se detèmine ki atou nan chak kategori yo ki pi enpòtan pou tifi nan chak klèb. Mande tifi yo pou yo klase atou yo. Sa kapab ede si nou genyen kat atou (*asset cards*) *Population Council* te kreye. Yo disponib sou popcouncil.org. Nou kapab kòmande vèsyon ayisyen an nan Rezo Aksyon pou Fi Ayisyen sou hagnhaiti@gmail.com. Si pou yon rezon oubyen yon lòt nou pa kapab gen aksè ak kat yo, nou kapab chèche yon lis senp nan *Gid Aktivite pou Klèb tifi nan Faz 2 Kore Tifi* kote nou ap jwenn kèk lide ki kapab pèmèt nou fè kat pa nou.

Sonje genyen anpil lòt aktivite nou kapab fè avèk kat atou; sa a se sèlman yon aktivite ki fèt pou *Kore Tifi*.

Egzèsis sou klasman atou

OBJEKTIF:

- * Aprann ki atou tifi yo kwè ki pi enpòtan pou yo, pou nou ede devlope pandan klèb la ap fonksyone.

PREPARASYON:

- * Mete 3 fèy papyè fliptchat sou mi an. Mete tit sa a “Pi enpòtan” sou premye a, “Enpòtan” sou dezyèm nan e “Pa twò enpòtan” sou twazyèm nan.
 - * Genyen a dispozisyon nou anpil ti moso tep (sa ki p ap abime kat yo pi bon).
1. Fòm ti gwoup ki genyen 2 a 5 tifi. Eseye asire genyen youn ki konn li nan chak gwoup. Si sa nesèsè, menntò dwe ede gwoup ki pa genyen tifi ki vreman kapab li.
 2. Kenbe pil kat la fason pou tifi yo wè li.
 3. Esplike: *“Chak kat genyen yon atou ekri sou li, oubyen yon bagay ki ta bon pou yon tifi genyen, ki pou kenbe nou an sekirite, pou nou genyen libète nou e pou nou kapab jwi dwa nou. Jodi a, nou pral di kiyès ladan yo ki pi enpòtan pou nou aprann, oubyen pou nou travay pou nou rive ladan li nan klèb la ak nan kominote a. Pa genyen repons ki pa bon paske se opinyon pa nou-menm ki la a ki pi enpòtan pou nou konprann.”*
 4. Bay chak gwoup kèk kat jiskaske chak gwoup resevwa menm kantite. Asire chak gwoup resevwa kat ki pa genyen anyen sou yo tou; yo kapab ekri sou kat sa yo lide ki pa te deja ekri sou kat ki ekri yo.
 5. Envite chak gwoup klase kat yo soti nan sa ki pi enpòtan pou yo aprann pou rive nan sa ki mwen enpòtan; epi plase kat yo sou fliptchat ki apwopriye.
 6. Apre tout gwoup fin plase kat pa yo, li kat ki plase sou fliptchat “pi enpòtan” an. Envite gwoup ki plase kat sou fliptchat “pi enpòtan” an fè nenpòt kòmantè oubyen di yo pa dakò; oubyen tou pou gwoup ki plase kat yo bay esplikasyon. Chanje plas kat yo si gwoup la deside sa enpòtan.
 7. Apre sa, li kat ki sou fliptchat “Enpòtan”; envite patisipan yo fè kòmantè oubyen chanjman nan klasman an.
 8. Finalman, li kat ki sou fliptchat “Pa twò enpòtan” an; envite patisipan yo fè kòmantè oubyen chanjman nan klasman an.
 9. Si genyen plis pase 8 al 10 kat sou fliptchat “Pi enpòtan” an, mande patisipan yo klase kat sa yo selon enpòtans yo tou.
 10. Remèsye tifi yo pou patisipasyon yo epi esplike nou pral gade kontni pou klèb yo ki baze sou atou yo te di ki enpòtan pou yo. Kontni yo ap baze tou sou sa menntò yo ak manm Ekip pwogram nan wè ki kapab enpòtan pou yo tou.

Aprè nou fin fè aktivite pou klase atou yo, itilize rès tan ki rete a pou nou esplike enpòtans sa yo di nan swivi sou pwogrè *Kore Tifi* (gade etap 9) ak nan fè plan pou lanse *Kore Tifi* nan kominote a. (Etap 10).

Etap 9: Angaje Tifi yo nan swivi sou pwogrè yo

Ankèt sou konesans, atitud, teknik ak konpòtman nan liy de baz pral pèmèt nou mezire chanjman *Kore Tifi* nan lavi tifi nan kominote a. An menm tan, li enpòtan pou nou fè swivi ak evalye klèb tifi yo e pou nou ede tifi jwe yon wòl aktif nan bay fdbak yo sou tout pwosesis chanjman *Kore Tifi* a.

Nan faz 1 (Kòmanse), nou senpman deside ki atou nou vle devlope nan chak klèb tifi. Konsa, nou kapab fè swivi sou pwogrè tifi yo nan atou sa yo. Nou kapab refè menm egzèsis klasman atou, nan etap 8 gid sa a, avèk menntò yo e avèk manm Ekip pwogram nan. Sa pral ede nou deside fè swivi sou kèk atou nan klèb tifi yo.

An menm tan, menntò yo pral genyen responsabilite pou yo jwenn fdbak tifi yo ni sou klèb tifi yo, ni sou enpak lòt aktivite *Kore Tifi* ap fè nan lavi yo ak nan kominote a. (Gade Rankont Fdbak Klèb Tifi nan “Kijan *Kore Tifi* ap Mache? Swivi ak Evalyasyon” (Liv Entwodiksyon paj 54) pou plis enfòmasyon sou fason pou fè sa a.)

Menntò yo dwe jwenn tan nan youn nan premye rankont klèb tifi yo, pou yo byen souliye enpòtans lide, repons, refleksyon ak fdbak tifi nan sistèm swivi *Kore Tifi*; paske se ansanm sa tifi yo di ki pral pèmèt pwogram nan vin pi kapab satisfè bezwen tifi yo. Esplike yo nou pral mande yo bay fdbak anvan nou koumanse chak Faz. Men tou yo dwe santi yo alèz pou yo pataje pwennvi yo sou nenpòt aspè nan pwogram nan lè yo vle. Li enpòtan pou menntò yo pataje fdbak tifi yo avèk manm Ekip *Kore Tifi* e, chak moun dwe pran opinyon tifi yo oserye.

Etap 10: Fè yon Lansman Kominotè pou Klèb Tifi ak *Kore Tifi*

Travay avèk menntò yo, tifi yo pou planifye wòl yo nan aktivite pou lanse Klèb Tifi ak *Kore Tifi*; lansman an dwe ede nou jwenn sipò kominote a pou inisyativ la. Tifi yo ak menntò yo kapab aktif avèk manm Ekip la, aktivis kominotè plis lòt moun nan planifikasyon lansman an; se kapab yon pwogram radyo, yon rankont ak paran plis lidè kominotè, oubyen yon gwo rankont kominotè. Objektif lansman an se esplike kominote a objektif klèb tifi yo pou jwenn sipò yo. Nan lansman an, manm Ekip *Kore Tifi* ak menntò yo kapab esplike rezilta nou te jwenn nan ankèt liy de baz la, enpòtans klèb tifi, plis 6 tèm kle tifi nan klèb yo pral travay sou yo. Tèm sa yo se: pouvwa; kominikasyon; lidechip ak zanmitay; finans; sante fi; ak vyolans.

Se yon opòtinite tou pou tifi yo pran lapawòl! Nou kapab envite tifi pale de klèb yo nan aktivite lansman an oubyen fè kominote a apresye talan tifi yo apati prestasyon tifi yo – tankou nan dans oubyen teyat – sa dwe demontre benefis klèb tifi pou tout moun! Pou plis lide, gade “Monte yon Rezo pou Chanjman” (paj 24).

Èske nou pare pou nou pase nan Faz 2?

Anvan nou pase nan Faz 2 (Konsyantize), se moman pou nou kòmanse pale sou pouvwa! Pran tan pou nou pratike avèk menntò yo fason pou yo sèvi ak Afich ble pou Faz 1 (Kòmanse) Kore Tifi anvan yo al sèvi avèk li nan klèb tifi yo. Asire nou menntò yo byen konprann lide kle pou tifi yo kenbe nan tèt yo ak tout lòt teknik yo bezwen pou yo anime bon jan konvèsasyon sou tout imaj ki nan Afich la. Lè yo pare, mande yo ouvri dyalòg sou Afich ble a nan klèb yo pandan youn oubyen de sesyon. Se yon fason amizan, enteresan pou kòmanse avèk konvèsasyon yo epi fè tifi yo deja kontan pou sa k ap vini pi devan!

Depi nou fè 10 etap yo, klèb tifi yo pare pou Faz 2 (Konsyantize)! Gade “Gid Aktivite pou Klèb Tifi nan Faz 2” pou jwenn lide! An menm tan fòk nou sonje nou pa kapab avanse byen ak klèb yo si tout rezo a poko pare pou Faz 2. Gade nan “Faz 1 (Kòmanse) Pazapa” (paj 3) pou wè si an jeneral nou pare pou avanse. Men tou fòk nou kowòdone tout aktivite yo yon fason pou twòp tan pa pase anvan nou angaje klèb tifi yo.

Anpil òganizasyon nan lemond deja fòme klèb tifi ki gen siksè. Pou plis enfòmasyon ak resous, konsilte resous Rezo Aksyon pou Fi Ayisyen (HAGN) hagn@gmail.com, Population Council ak lòt nan: popcouncil.org



Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi

Dat:

A) Kategori tifi pou nou fokis sipò nou sou yo

Lis 1 a 3 kategori tifi nou te idantifye nan etap 1

- 1.
- 2.
- 3.


B) Resous kominotè pa kategori tifi

Ekri kategori tifi nou te seleksyone yo nan kolòn goch tablo pi ba a. Apre, regade tout lis resous ki egziste nan lis Klasifikasyon Resous Kominotè (gade "Monte yon Rezo pou Chanjman" paj 17); note sa nou konnen sou resous tifi nan chak kategori gen pwobabilite pou yo jwenn. (Pa egzanp, si genyen yon pwogram ki nan lekòl, tifi ki pa lekòl pa genyen aksè ak pwogram sa a. Ki distans ki genyen ant kote yon resous ye ak kote yon tifi abite; oka tifi a ta genyen pèmisyon pou li pwofite resous sa a elatriye, sa se yon faktè tou). Finalman, konsidere sa nou konnen apati liy de baz la sou bezwen espesifik tifi yo, ekri yo nan kolòn dwat la. Ajoute enfòmasyon nou fèk aprann sou resous ki pa la e tifi yo kapab bezwen.

KATEGORI TIFI	RESOUS	BEZWEN
<i>Egzanp: Tifi 10 pou rive 14 lane ki pa lekòl</i>	<i>Klèb timoun ki peye lekòl (NB: Timoun ki nan vil sèlman benefisye sa)</i>	<ul style="list-style-type: none"> * Aksè avèk ledikasyon * Teknik kominikasyon/ Teknik negosyasyon * Teknik jesyon finans * Elatriye

Nòt

1. Adapte apati: REZO AKSYON POU FI AYISYEN, (January 2011), *Safe Spaces*, Port-au-Prince: HAGN.
2. AUSTRIAN, K. and GHATI, D. (2010), *Girl Centered Program Design: A Toolkit to Develop, Strengthen and Expand Adolescent Girls Programs*, Population Council.
3. REZO AKSYON POU FI AYISYEN, (January 2011), *Mentors*, Port-au-Prince: HAGN.
4. AUSTRIAN, K. and GHATI, D. (2010), *Girl Centered Program Design: A Toolkit to Develop, Strengthen and Expand Adolescent Girls Programs*, Population Council.
5. REZO AKSYON POU FI AYISYEN, (January 2011), *Reaching the most vulnerable girls*, Port-au-Prince: HAGN.
6. Adapte apati: AUSTRIAN, K. and GHATI, D. (2010), *Girl Centered Program Design: A Toolkit to Develop, Strengthen and Expand Adolescent Girls Programs*, Population Council, p. 28-29.
7. Wè Population Council. (2015). *Building Assets Toolkit*. Disponib nan: popcouncil.org pou plis ransèyman.



CHWA AK PREPARASYON LEKÒL



Lekòl genyen gwo enfliyans sou lavi tifi. Anpil tifi pase plizyè èdtan lekòl chak jou. Lekòl ede detèmine fason tifi panse sou pwòp tèt pa yo ak fason ti gason panse sou tifi. Lekòl genyen gwo enfliyans tou sou fason jenerasyon k ap vini an pral panse sou pouvwa, vyolans ak VIH/SIDA. Nan kominote nou ap travay, li pwobab ap genyen plis lekòl segondè pase kantite nou ap kapab angaje dirèkteman avèk yo. Tout lekòl ki vle sèvi ak materyèl *Kore Tifi*, byenvini! Men sa ap itil anpil si nou chwazi, yon fason estratejik, kèk lekòl segondè. Nou pral genyen yon kalte angajman ki pi solid avèk lekòl sa yo e nou pral kapab swiv pi pre pwosesis chanjman an.

Chwazi lekòl ki pi byen reponn avèk kalite entèvansyon ki pral fèt yo, sa kapab genyen bon jan enfliyans sou tout pwosesis chanjman an nan kominote yo. Chwazi lekòl ki pa byen reponn ak entèvansyon yo, lekòl kote moun ki genyen lavwaochapit pa serye sou zafè chanjman, sa kapab mete tifi yo nan sitiyasyon ki genyen plis risk pase anvan. Apre nou fin chwazi yon lekòl, e anvan elèv yo kòmanse travay avèk kourikoulòm *Kore Tifi* epi fè aktivite nan Faz yo, li enpòtan pou nou fòme pèsonèl la (tout moun k ap travay nan lekòl la), prepare estrikti a (moun ak sistèm jesyon lekòl la). Dokiman sa a prezante pwosede pou chwazi ak prepare lekòl. Nan yon pwosesis konplè pou chanjman, pwosede sa yo bay pi gwo chans pou genyen siksè e yo pèmèt entèvansyon an dire.

Kijan Ministè Edikasyon Nasyonal patisipe?

Li esansyèl pou nou jwenn otorizasyon bò kote Ministè a anvan nou kòmanse travay avèk lekòl yo. Apre sa, yon gwo rekòmandasyon, se pou Ministè a pran pa nan tout jefò n ap fè pou nou angaje lekòl yo. Sa kapab fèt atravè Reprizantan lokal kou nasyonal Ministè a, depi yo montre volonte pou sa. Nou kapab envite yo sijere nou moun ki pou sèvi kòm pwèn fokal nan lekòl. Nou kapab mande yo ba nou enfòmasyon pou lis referans, patisipe nan fòmasyon ki fèt pou pèsonèl lekòl; jwenn lòt mwayen toujou pou nou itilize kontribisyon reprizantan Ministè a, epi rekonèt wòl enpòtan yo genyen. Chak lekòl, chak kominote kapab genyen reyaltite diferan e relasyon yo avèk Ministè a kapab diferan tou – *Kore Tifi* dwe travay pou ranfòse relasyon lekòl yo avèk Ministè a pandan tout tan entèvansyon an ap dire.

Chwazi Lekòl ak Pwen Fokal

Kore Tifi mete fokis sou lekòl segondè akòz nivo matirite elèv segondè yo. Yo pare pou diskite dinamik relasyon entim ak jwe wòl aktivis. Se pa yon fason pou minimize abilite elèv premye ak dezyèm sik fondamantal genyen pou yo reflechi sou chanjman. Òganizasyon ki swete angaje elèv sila yo kapab itilize lòt materyèl.

Etap 1: Deside ak ki kantite lekòl nou vle travay

Pou deside sou kantite lekòl nou vle travay, gade tout aktivite Ekip la pral bezwen fè nan Faz 1 (nan lekòl ak deyò lekòl). Detèmine yon kantite lekòl nou pral kapab sipòte kòm-sa-dwa avèk tout lòt responsabilite nou yo. Pifò òganizasyon ap chwazi 1 pou rive 3 lekòl, men kantite a kapab rive jiska 10 pou òganizasyon ki genyen bon mwayen finans e ki deja genyen eksperyans nan travay avèk lekòl.

Aktivite ki dwe fèt avèk lekòl yo nan Faz 1:

- * fè fòmasyon pou tout pèsonèl lekòl yo;
- * bay pwen fokal yo sipò menm jan nou bay aktivis kominotè yo sipò;
- * fè swivi regilye avèk direktè lekòl yo pou asire lekòl yo redije, adopte kòd kondwit e yo fè lis referans;
- * prepare nou pou nou akonpaye pwen fokal yo ak direktè yo pou ede yo simonte obstak kont chanjman;
- * fè fòmasyon pou pwofesè Syans Sosyal, Byoloji, ak Franse sou fason pou yo sèvi avèk kourikoulòm Kore Tifi.


Etap 2: Mete kritè pou nou chwazi lekòl yo

Li enpòtan pou nou fè yon lis ki genyen sa nou kwè ki kapab fè yon lekòl se yon lekòl ideyal. Sa pral ede nou fè jijman fason ki sistematik, transparan e konsistan pou nou konnen si yon lekòl reprezante yon bon patnè pou Kore Tifi.

Pwen sa yo kapab nan kritè yo (nou dwe alèz pou nou ajoute lòt nou konnen ki enpòtan pou zòn pa nou):

- 1) Direksyon an demontre yon angajman pou li travay kont vyolans ak/oubyen pou egalite ant fi ak gason nan lekòl la.
- 2) Pifò elèv nan lekòl la genyen ant 12 a 19 lane.

- 3) Administrasyon lekòl la genyen ase pouvwa pou li aplike ak fè respekte règ lekòl la.
- 4) Genyen aktivite ekstra-akademik nan lekòl la kote tout elèv — fi kou gason — kapab patisipe.
- 5) Administrasyon lekòl la, pwofesè ak tout pèsònèl la vle e yo kapab:
 - a) patisipe nan 6 jounen fòmasyon an total (se pou tout moun, sòti nan direktè, manm direksyon, pase nan pwofesè, kizinyè, gadyen, rive nan moun ki fè travay nan lakou lekòl la);
 - b) travay avèk manm Ekip la pou nou chwazi pwen fokal ki pou pran an chaj pwosesis preparasyon lekòl la;
 - c) patisipe aktivman nan aktivite *Kore Tifi*;
 - d) pare pou chanjman nan regleman ak nan fonksyonman lekòl la;
 - e) rann direktè a disponib pou patisipe nan fòmasyon, reyinyon, ti rankont avèk pwen fokal elatriye;
 - f) travay avèk rezo *Kore Tifi* plis lòt pou kreye yon bon jan sistèm referans pou elèv ki sibi vyolans swa nan lekòl la oubyen lòt kote;
 - g) travay kòt-a-kòt avèk manm Ekip *Kore Tifi* pandan twa lane entèvansyon an;
 - h) byen akeyi kourikoulòm konplèmantè pou Syans Sosyal, Byoloji ak Franse; aprann byen sèvi avèk kourikoulòm nan epi entegre li nan kou matyè ki site yo;
 - i) pote kontribisyon tankou tan pèsònèl la, espas pou rankont elatriye, selon bezwen ki genyen ak posibilite lekòl la;
 - j) byen konprann *Kore Tifi* ap bay lekòl la anpil avantaj, men li pa pote lajan nan lekòl la;
 - k) pataje eksperyans lekòl la ap fè, akeyi vizitè lòt lekòl oubyen lòt vizitè ki anvi konprann pwosesis chanjman lekòl la!



Etap 3: Fè yon lis avèk lekòl yo rekòmande nou

Depi nou fin mete kritè yo, ale rankontre avèk reprezantan Ministè Edikasyon Nasyonal pou fè yo konnen travay nou ta renmen fè nan lekòl yo. Mande yo otorizasyon pou nou aplike *Kore Tifi* nan lekòl yo. Apre yo dakò, brase lide avèk yo sou kritè nou genyen pou nou chwazi lekòl. Mande yo rekòmande nou lekòl. Nou kapab chèche rekòmandasyon bò kote manm Ekip, lidè kominotè, rezo kominotè, lòt òganizasyon ki genyen pwogram sou edikasyon oubyen pou timoun. Esplike yo pwosesis *Kore Tifi* swiv nan lekòl epi prezante yo kritè nou genyen pou chwazi lekòl segondè. Fè yon lis lekòl nou ta kapab travay avèk yo.

Etap 4: Kontakte lekòl yo te rekòmande nou

Ekri yon lèt 1 oubyen 2 paj sou papye ki gen antèt òganizasyon an pou chak lekòl, esplike yo kisa *Kore Tifi* ye. Fè yo konnen pwogram nan fèt pou pote anpil avantaj pou tout lekòl la, ak kominote a tou. Pwogram nan pa genyen gwo mwayen finans, men li ofri avantaj sa yo:

- * vyolans diminye nan lekòl la;
- * elèv santi yo pa an danje, e yo travay byen lekòl;
- * materyèl (pwogresis) pou aprantisaj (gradyèl) ki antre dirèkteman nan kourikoulòm yo;
- * zouti kreyatif ki angaje pwofesè, paran ak elèv nan ede kominote yo;
- * lopòtinite pou lekòl la sèvi kòm yon modèl pou lòt lekòl.

Mete lis kritè pou lekòl patnè yo ak kowòdone pa nou nan chak lèt. Bay direksyon lekòl yo yon delè pou yo kontakte nou, si yo kwè lekòl pa yo kapab devni bon patnè pou *Kore Tifi*. Fè swivi pou nou asire chak lekòl te resevwa lèt pa yo. Lekòl ki montre gwo enterè e ki kontakte nou kapab vrèman kalifye – yo montre yo vle pran devan e yo bay lide *Kore Tifi* souleve yo valè. Planifye randevou pou nou vizite chak lekòl ki te manifeste enterè.

Etap 5: Vizite lekòl yo

Swiv orè ki te tabli pou nou vizite chak lekòl ki te montre li enterese ak *Kore Tifi*. Lè nou vizite yon lekòl, pale ak moun k ap dirije lekòl la, mete tan pou nou pale ak plis manm posib nan pèsònèl la. Esplike pwogram nan an detay epi, reponn tout kesyon yo genyen. Kenbe kritè nou te chwazi yo nan tèt nou pandan n ap dyaloge ak moun nan lekòl la. Poze kesyon ki pou pèmèt nou konprann nan ki nivo lekòl la reponn avèk kritè nou yo. Kesyon ki pèmèt nou konnen kantite pwofesè ak elèv, si fanm genyen lavwaochapit nan lekòl la, fason lekòl la trete ka vyolans, gwo pwoblèm ki egziste nan lekòl la, konbyen tan direktè a genyen nan pòs li, nivo moral pwofesè yo ak lòt manm pèsònèl la elatriye. Asire nou fè moun nou rankontre



yo konnen vizit la pa yon garanti ki di Ekip *Kore Tifi* chwazi lekòl la kòm patnè; se sèlman yon opòtinite pou plis konesans ant Ekip *Kore Tifi* avèk lekòl la. Fè yo konnen lòt etap ak peryòd ki genyen pou nou chwazi lekòl.

Aprè chak vizit, fè yon rankont Ekip pou nou evalye enfòmasyon nou te jwenn yo. Note fòs ak defi lekòl la nan yon ti rapò.

Etap 6: Chwazi kèk nan lekòl yo epi fè vizit swivi

Aprè nou fin vizite tout lekòl ki te sou lis nou, reyini kèk manm kle nan Ekip la pou egzamine nòt nou te pran sou lekòl yo. Epi, idantifye ki lekòl ki sanble pi apwopriye pou pwogram nan. Fè yon lis kout avèk lekòl nou ta swete devlope patenarya. Se kapab youn sèl oubyen de lekòl. Nou pral bezwen fè yon lòt vizit nan lekòl ki sou lis la anvan nou fè chwa final.

Kontakte chak lekòl ki sou lis kout la, fè li konnen sa ki te enpresyone nou apati vizit nou te fè a. Mande otorizasyon pou nou prezan nan pwochen reyinyon pou tout manm pèsònèl la (direktè, pwofesè ak lòt anplwaye yo) pou nou kapab diskite plis sou pwogram nan avèk yo. Esplike yo Ekip la vle konprann nivo enterè tout pèsònèl la paske enplemantasyon *Kore Tifi* nan yon lekòl dwe jwenn adezyon ak angajman tout pèsònèl la.

Si posib, 2 manm Ekip la pou pi piti dwe patisipe nan chak reyinyon. Konsa, youn kapab ap pran nòt, obsève dinamik gwoup la, epi veye kiyès ki ta pi byen plase pou jwe wòl pwen fokal (gade etap 7 pi ba a pou plis enfòmasyon sou pwen fokal). Bay bon jan detay sou pwogram nan epi esplike wòl ak kritè nou genyen pou yon moun vin pwen fokal. Nan fen echanj la, si pèsònèl la deside devlope patenarya avèk *Kore Tifi*, e si pa genyen gwo obstak pou sa fèt, fè pase yon fèy epi mande moun ki enterese (e ki ranpli kritè yo) aprann plis sou wòl pwen fokal pou yo ekri non ak kowòdone yo. Di yo si lekòl pa yo retni, moun ki siyen ap jwenn envitasyon pou yo patisipe nan yon rankont pou yo pi byen sezi sans wòl pwen fokal nan yon lekòl. Remèsye lekòl la pou enterè pèsònèl la te manifeste ak atansyon yo. Fè direktè a konnen ki lè nou ap kontakte li pou nou enfòm li ki lekòl nou kenbe pou premye eksperyans la.

Etap 7: Fè chwa final epi kominike avèk lekòl ki pa retni yo

Aprè dènye vizit nan lekòl ki sou lis kout la, fè yon rankont Ekip pou diskite sou sa nou te konprann. Deside ak ki lekòl nou pral travay, epi rele yo, ekri yo.

Kontakte lekòl nou pa chwazi yo epi remèsye yo paske yo enterese avèk *Kore Tifi*. Fè yo konnen Ekip *Kore Tifi*, akòz limit li (kantite manm Ekip, resous li genyen...) p ap kapab akonpaye yo kòm sa dwa. Fè yo konnen tou yo toujou kapab sèvi avèk materyèl *Kore Tifi* yo pou kont yo si yo vle. Di yo tou pi devan kapab genyen posibilite pou plis angajman avèk *Kore Tifi*, ak plis sipò nan men Ekip la.

Kisa pwen fokal nan lekòl ye?

Pwen fokal se yon melanj pèsònèl tout nivo nan yon lekòl, plis 2 paran ak 2 elèv pou pi piti. Yo se modèl pozitif nan lekòl la e yo se aktivis pou pouvwa tifi k ap travay pou pouvwa ekilibre ant fi ak gason nan lekòl la. Yo kowòdone ansanm avèk direktè lekòl la plis manm Ekip *Kore Tifi* pwosesis preparasyon lekòl la nan Faz 1 (Kòmansè). Yo rete jwe wòl aktivis pou pouvwa tifi pandan e apre 4 Faz *Kore Tifi* yo. Yo chèche opòtinite nan kalandriye lekòl la pou yo entegre aktivite *Kore Tifi*. Yon bò, yo fè lyezon avèk manm Ekip plis Rezo *Kore Tifi*, yon lòt bò avèk lekòl la — lekòl la genyen elèv, manm pèsònèl, paran ak direktè. Yo ankouraje lespri aktivis pami pèsònèl, paran ak elèv lòt lekòl nan objektif pou balanse pouvwa ant fi avèk gason, ak pou devlope kilti ki pa gen vyolans.

Kèk faktè pou pwen fokal yo kapab efikas:


1. balans ant kantite fi ak kantite gason;
2. prezans direktè / moun ki genyen lidèchip;
3. bon repitasyon nan lekòl la;
4. enterè ak disponibilite pou wòl la (sa genyen reyinyon chak mwa);
5. teknik kominikasyon solid ak bon jan ladrès pou kominike;
6. bon ladrès nan travèse obstak pou kreye chanjman pozitif pou elèv yo;
7. mwayen kreyatif pou louvri ak kenbe dyalòg nan lekòl la.
8. pwen fokal yo aksesib pou elèv yo e elèv yo fè pwen fokal yo konfyans;
9. volonte pou chèche enfòmasyon ak sipò bò kote lòt moun ki nan lekòl la ak nan kominote a;
10. yo soti nan lidèchip lekòl la oubyen yo genyen bon relasyon ak moun ki nan lidèchip lekòl la.

Etap 8: Chwazi pwen fokal nan lekòl

Aprè nou fin chwazi lekòl yo, prepare yon mini atelye pou moun ki te manifeste enterè pou yo vin pwen fokal. Yon atelye konsa ap yon bon mwayen pou nou evalye enterè, teknik ak kalite pèsònèl patisipan yo anvan nou chwazi kiyès k ap pwen fokal. Nou kapab fè menm ti atelye nou te fè anvan nou te chwazi aktivis (gade paj 20) pou moun ki swete vin pwen fokal. Gade nan fèy kote moun te enskri non yo pou yo vin pwen fokal, envite 30 moun pou pi plis nan chak atelye. Dwe genyen yon manm Ekip ki pou pran nòt. Esplike patisipan yo se pa yo tout ki pral jwe wòl pwen fokal. Men yo tout pral genyen opòtinite pou yo aprann plis sou pwogram nan ak tout sa ki dwe fèt pou pwogram nan mache. Konsa chak moun pral konnen ki wòl li pi pare pou li jwe.

Touswit apre atelye yo, diskite avèk reskonsab lekòl yo epi chwazi pwen fokal yo. Pa genyen yon nonb egzat pwen fokal pou yon lekòl, sa dwe baze sou kantite elèv. Ta dwe genyen yon kantite ki pèmèt nou fè rankont byen e nou kapab bay sipò avèk fasilite. (Pa bliye, Ekip *Kore Tifi* genyen divès lòt manm Rezo pou yo bay sipò.) Men dwe genyen ase ki pou pèmèt lekòl la jwenn vitès kwazyè li nan *Kore Tifi*. Ofri moun ki te pwopoze tèt yo e nou pa te chwazi pou yo jwe lòt wòl aktivis (pa egzanp, kontakte paran, rasanble elèv pou aktivite, ede pwen fokal yo redije kòd kondwit, elatriye). Fè konnen kiyès ki pwen fokal, kiyès k ap jwe lòt wòl aktivis nan lekòl la.

Asire nou envite direktè lekòl yo ak pwen fokal yo lè nou ap fè lansman *Kore Tifi* nan kominote a!



**Felisitasyon! Nou fin
chwazi lekòl ak pwen
fokal, nou pare pou
nou kòmanse pwosesis
preparasyon lekòl!**

Preparasyon Lekòl

Nan Faz 1, depi nou fin chwazi lekòl, objektif nou se prepare lekòl sa yo pou yo jwe wòl yo nan *Kore Tifi*. Sa vle di prepare pèsònèl ak estrikti administratif lekòl yo. Konsa kèk mezi pou sekirite elèv yo ap efektif pou lansman gwo pwosesis chanjman nan lekòl. Genyen 5 faktè prensipal ki pèmèt yon lekòl byen prepare:


- 1) pèsònèl la jwenn bon jan fòmasyon ki kadre ak metodoloji *Kore Tifi*;
- 2) pwèn fokal aktif k ap fè aktivite regilye avèk pèsònèl la, paran plis moun ki pran swen elèv yo;
- 3) yon sistèm referans apwopriye pou resevwa rapò sou ka vyolans ak abi;
- 4) tout manm pèsònèl lekòl la siyen Kòd kondwit;
- 5) yon sistèm solid pou paran ak elèv bay fidbak.

Pwosede ki dekri pi ba a pral ede nou mete faktè sa yo an plas. Apre sa, nou pare pou rantre avèk lekòl yo nan Faz 2 *Kore Tifi*.

1) Fòmasyon pèsònèl

Fè yon premye fòmasyon 3 jou pou tout pèsònèl nan yon lekòl. Nan fòmasyon sa a, tout manm pèsònèl lekòl la — sòti nan direktè rive nan moun ki fè manje, gadyen, pwofesè — pral pran konsyans sou pwoblèm pouvwa, vyolans ak VIH/SIDA. Kèk nan yo te kapab pa jwenn opòtinite pou yo diskite ak reflechi sou pwoblèm sa yo anvan. Yo kapab pa dakò ak lide nou ap devlope yo menm jan ak lòt gwoup nan kominote a. Fòmasyon sa a se yon opòtinite pou manm pèsònèl la vin onèt, e pou yo reflechi sou kesyon sa yo ansanm, kòm yon kò.

Gade “Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo” (paj 79) pou egzanp ajennda ak posib kontni pou fòmasyon an.



Kèk konsèy pou nou prepare fòmasyon an:

- * Fè yon rankont avèk pwen fokal yo pou nou finalize ansanm kesyon lojistik, dat avèk ajennda.
- * Chwazi dat ki ap pèmèt tout manm pèsònèl lekòl la patisipe. (*Remak: Fòmasyon an pa oblije fèt 3 jou afile, men li dwe fèt nan espas yon mwa.*)
- * Envite kèk paran ak moun ki pran swen elèv patisipe nan fòmasyon an, pou yo bay pwennvi yo.
- * Bay manm pèsònèl la kèk wòl pou yo jwe pandan fòmasyon an (tankou, fè entwodiksyon pou sesyon, kontwole lè, fè evalyasyon chak jou elatriye).
- * Si yon manm pèsònèl la pral anime yon sesyon, fè pratik avèk li anvan.

2) Pèmèt Pwen Fokal yo angaje

Aprè premye fòmasyon pou manm pèsònèl la, pwen fokal yo pare pou yo jwe tout wòl yo. Manm Ekip Kore Tifi dwe rankontre pwen fokal yo regilyèman pou ba yo sipò nan:

- * aprann kòman pou yo fasilite aktivite pou mobilizasyon kominotè avèk pèsònèl lòt lekòl, paran plis moun ki pran swen elèv. Sa genyen ladan li Ti Pale ak Paran, Afich Kòmanse (pwen fokal yo kapab aprann ansanm avèk Aktivis Kominotè).
- * travay avèk moun ki dirije lekòl la pou plase aktivite pandan rankont manm pèsònèl ak reyinyon paran.
- * prepare bouyon kòd kondwit (oubyen revize sa ki te la) pou pèsònèl lekòl la ki endike byen klè limit pou anpeche elèv yo sibi eksplwatasyon.
- * kreye yon sistèm referans pou elèv ak manm pèsònèl la ki fè eksperyans vyolans.



Motive pwen fokal yo

Menm jan ak wòl aktivis kominotè, wòl pwen fokal kapab difisil. Kòm pwen fokal, yo ap travay avèk yon gwoup moun espesifik e moun yo pa anpil, donk mank enterè oubyen rezistans kont chanjman bò kote manm pèsònèl la kapab demotive pwen fokal yo. Pou sa, li enpòtan anpil pou manm Ekip *Kore Tifi* pi aktif nan ankouraje pwen fokal yo reyalize travay aktivis yo. Men kèk lide pou nou motive pwen fokal yo:

- * Patisipe nan yon emisyon radyo lokal avèk moun ki dirije lekòl la, pwen fokal yo pou ede kominote a konprann nan ki kalte travay yo angaje avèk lekòl la.
- * Ankouraje moun ki dirije lekòl la envite pwen fokal yo pale avèk lòt manm pèsònèl lekòl la oubyen paran nan tout rankont ki pwograme nan kalandriye lekòl la.
- * Ranfòse kapasite yo, konsa yo ap aprann teknik ki kapab itil yo nan lòt domèn.
- * Itilize pawòl ankourajman pou raple yo enpòtans yo nan wòl yo ap jwe a.
- * Tanzantan, mande yo kisa ki kenbe yo motive nan travay la.
- * Mete yo an kontak avèk lòt manm Ekip *Kore Tifi* e avèk rezo kominote a.
- * Bay sètifika apre fòmasyon ak/oubyen apre yon ane angajman nan aktivite.
- * Devlope bon jan relasyon avèk yo — fè yon jefò pou nou konnen gwo moman ki rive nan lavi yo tankou dat gradyasyon, finerya yon manm fanmi yo elatriye.
- * Ba yo yon responsabilite nan fòmasyon, rankont avèk moun ki dirije lekòl la elatriye.
- * Envite moun tankou reprezantan Ministè Edikasyon Nasyonal, Komite Kowòdinasyon Edikasyon elatriye nan rankont pwen fokal ak nan lekòl la.
- * Si bidjè nou pèmèt sa, fè yon seminè an plis pou pwen fokal yo.
- * Ede pwen fokal yo konprann lè yon lekòl vin pi koni, jan sa kapab ede lekòl la jwenn plis sipò tou.

3) Kreye yon Sistèm Referans


Li pwobab pou gen manm pèsònèl lekòl la ak elèv ki deja fè eksperyans vyolans oubyen ki temwen zak vyolans lakay yo oubyen nan lòt espas nan kominote a. Regade ansanm avèk pwèn fokal yo lis referans manm Ekip *Kore Tifi* te devlope pou kominote a. Reflechi avèk pwèn fokal yo pou konnen si sèvis sa yo itil pou elèv ak pèsònèl lekòl la; kijan yo ap genyen aksè ak sèvis sa yo. Asire lis la ajou e fè nenpòt chanjman ki nesèsè.

An menm tan, angaje pwèn fokal ak direktè lekòl la nan kolekte enfòmasyon sou politik ak lwa nasyonal ki genyen rapò avèk regleman lekòl la.

Kesyon pou nou konsidere:

- * Kilè lalwa egzijje yon pwofesè pote rapò nan sistèm edikasyon an sou abi yon elèv sibi?
- * Kilè lalwa egzijje yon pwofesè pote rapò nan lapolis pou abi yon elèv sibi?
- * Ki pwosedi ki an plas pou moun pote rapò sou abi seksyèl?
- * Èske genyen yon avoka estajyè oubyen yon ekspè sou ka ki kapab konsène nou ki ap fè estaj nan sistèm jistis la?
- * Ki kalte pwoteksyon yo bay yon moun ki pote rapò (tankou kesyon konfidansyalite, pwoteksyon kont reprezay ak lòt)? Ki kalte pwoteksyon yo bay yon moun ki fè eksperyans vyolans?
- * Kisa ki di nan regleman lekòl la sou fason yon elèv, paran, oubyen manm pèsònèl kapab pote rapò sou abi?
- * Èske deja genyen yon kòd kondwit pou pèsònèl la ki masyone abi? Si wi, kisa ki di sou abi?

Travay avèk pwèn fokal yo pou entegre enfòmasyon nou jwenn yo nan lis referans kominote a. Oubyen fè yon ti dokiman apa avèk kesyon yo plis repons yo pou nou distribiye nan pwochen fòmasyon pou pèsònèl la. Sonje se nan fòmasyon pou pèsònèl manm pèsònèl la ak pwèn fokal yo pral aprann sa ki dwe fèt si yon elèv di li sibi vyolans, oubyen kiyès pou elèv la al wè apati lis referans la. (Gade posib kontni sou kreyasyon yon sistèm referans pou lekòl nan Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè *Kore Tifi*," disponib sou: repansepowvwa.org). Nan etap sa a, nou senpman ap travay avèk pwèn fokal yo pou nou konplete zouti n ap bezwen pou fòmasyon an.



4) Devlope yon Kòd Kondwit san twou vid pou lekòl la

Travay avèk pwen fokal yo plis moun ki reskonsab lekòl la pou mennen yon pwosesis revizyon sou kòd kondwit la, si li te egziste. Oubyen pou devlope yon kòd kondwit si pa te genyen youn. Sa kapab fèt nan plizyè rankont. Yon ti komite dwe fè yon premye bouyon. Apre sa, tout manm pèsònèl la kapab reyaji sou li anvan yo siyen dokiman an.

Yon bon kòd kondwit dwe mete a klè konpòtman ki apwopriye ak limit ki nesèsè nan lespri pou dekouraje moun fè tizonnay seksyèl ak abi. Bagay sa yo genyen move enpak sitou sou tifi yo. Pa egzanp, abitud bay bèl nòt pou favè seksyèl, se yon bagay ki sanble pa poze pwoblèm pou kèk moun nan kòmansman pwogram *Kore Tifi*. Yo dwe byen esplike se yon pratik ki trè negatif nan dokiman an. Yo dwe endike byen klè tou pwosede pou pote plent. Sa ap fè li pi fasil pou elèv rapòte abi epi pi fasil tou pou direksyon lekòl la fè manm pèsònèl la rann kont lè yo vyole dwa lòt mou n.

Nou kapab sèvi avèk kesyon pi ba yo pou analize yon kòd kondwit ki la deja oubyen kòm mwayen pou fè soti gran pwen pou yon kòd kondwit:

Pou nou jwenn yon modèl kòd kondwit, kontakte nou nan annanpechevolans@gmail.com

- a) Èske nan kòd kondwit la yo byen esplike poukisa li enpòtan pou genyen atik sou vyolans seksyèl ak lòt fòm vyolans sou tifi ak fanm nan lekòl? (Objektif la se...)
- b) Èske yo byen defini pou kiyès yo fè kòd kondwit la? (Dwe genyen yon definisyon pou chak gwoup.)
- c) Èske yo esplike nan kòd kondwit la kijan manm pèsònèl la dwe sèvi avèk pouvwa yo? (li enpòtan pou yo esplike moun ki genyen plis pouvwa genyen reskonsabilite pou yo mete bon limit nan rapò yo avèk moun ki genyen mwens pouvwa.)
- d) Èske yo esplike byen klè relasyon seksyèl ant manm pèsònèl la avèk elèv se yon move bagay, oubyen ant yon ki genyen plis pase 18 lane avèk yon timoun ki anba 18 lane?
- e) Èske yo entèdi tout fòm tizonnay seksyèl?
- f) Èske yo ankouraje ekilib pouvwa ant gason ak fi nan lekòl la? (Pa egzanp: asire tifi ak ti gason jwenn menm kalite respè, pa gen tolerans pou blag sou aparans fizik, elèv fi ak elèv gason jwi menm kalite privilèj, elatriye.)
- g) Èske yo esplike byen klè manm pèsònèl la pa genyen dwa rann elèv sèvis oubyen bay elèv gwo nòt pou favè seksyèl?

h) Èske yo esplike byen klè, sou plan etik, ki estanda chak manm pèsònèl dwe kenbe vizavi lòt manm?

i) Èske yo dekri byen klè, sou plan etik, estanda ki dwe respekte ant manm pèsònèl la avèk paran/moun ki pran swen elèv oubyen manm kominote a an jeneral.

j) Èske yo esplike byen klè ki kalte kondwit yo atann manm pèsònèl la ap genyen?

k) Èske yo esplike byen klè kisa yon manm pèsònèl la dwe fè si li konnen oubyen si li sispèk yon aks yon kèlkonk ki vyole kòd kondwit la? (Ak kiyès pou li pale, kisa li dwe fè si sa pa mache?, elatriye)

l) Si yon manm pèsònèl la pa respekte règ kòd kondwit la, èske yo prevwa sanksyon ki posib? (Pa egzanp, pwosesis investigasyon, kondisyon pou revokasyon, elatriye)



5) Verifye travay pwen fokal yo:

Anvan pwochen fòmasyon an, verifye si tout pwen fokal yo toujou angaje nan travay la, si yo ap byen jwe wòl yo nan pwosesis la. Si sa mache byen, ba yo wòl lidèchip nan dezyèm fòmasyon an. Si sa pa mache byen pou youn oubyen plizyè, mande yo si yo vle kontinye oubyen si yo vle chanje wòl. Si genyen pwen fokal ki souleve dout yo genyen sou yon lòt pwen fokal, manm Ekip la ak moun ki responsab lekòl la ta dwe jwenn mwayen pou yo ranplase pwen fokal la san pwen fokal sa a pa santi li blaze. Kèk mwayen pou ranplase pwen fokal ki pa mache byen:

- * Si genyen moun ki te kalifye pou yo devni bon pwen fokal e nou pa te chwazi yo nan ti atelye a akòz te genyen anpil moun ki te kalifye, chwazi yo.
- * Pale ak responsab lekòl la, diskite objektif pwen fokal yo ankò. Jwenn akò responsab lekòl la ak lòt pwen fokal sou entegrasyon nouvo pwen fokal. E nou dwe fè tout lekòl la konnen nouvo pwen fokal yo.
- * Prezante opòtinite a nan dezyèm 3-jou fòmasyon pou pèsònèl la.

6) Fè dezyèm fòmasyon pou pèsònèl la

Nan dezyèm fòmasyon manm Ekip la ap fè pou tout manm pèsònèl lekòl la, patisipan yo ap apwofondi konesans yo sou pwoblèm yo e yo ap kòmanse aprann fason pou yo bay elèv ki te fè eksperyans vyolans sipò. Yo ap dekouvri nouvo sistèm referans la, siyen kòd kondwit la, aprann teknik pou sipòte elèv ak chanjman nan lekòl la. Dezyèm fòmasyon an ap dire 3 jou e se pou tout manm pèsònèl la. 3 jou sa yo pa dwe deranje kalandriye fonksyonman lekòl la.

Gade “Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo” (paj 85) pou egzanp ajennda ak posib kontni pou fòmasyon an.

7) Kolekte reyaksyon elèv ak paran

Li enpòtan pou nou kreye opòtinite regilye pou elèv ak paran bay manm Ekip la ak responsab lekòl la reyaksyon yo. Reyaksyon sou fason *Kore Tifi* ap mache ak sou enpak li genyen nan lekòl la ak lakay yo. E sa dwe fèt pandan tout Faz yo. Menm lè angajman dirèk elèv yo p ap kòmanse anvan Faz 2 (Konsyantize), elèv yo ta dwe kòmanse santi van chanjman nan Faz 1. Kapab genyen mwayen moun ki nan pozisyon ak pouvwa ap mete obstak kont chanjman. E mwayen sa yo, elèv ka pi byen konnen yo pase lòt moun. Genyen kèk metòd senp pou nou kolekte reyaksyon yo, pa egzanp:

- * Apre aktivite *Kore Tifi* avèk paran, moun ki pran swen elèv kòmanse nan Faz 1, e apre aktivite avèk elèv kòmanse nan Faz 2, kreye tan pou nou mande patisipan yo reyaksyon yo. Sa genyen ladan li sa yo te renmen ak sa yo ta renmen ki fèt fason ki diferan pwochèn fwa.
- * Enstale e kenbe yon bwat pou kòmantè. Mete bwat la yon kote ki pa sou je, ki pèmèt nenpòt moun depoze papye ki genyen kesyon ak sousi san lòt moun pa okouran. Yon pwèn fokal dwe angaje pou louvri bwat la regilyèman. Nou kapab pote repons pou kesyon yo nan pwochèn asanble. Nou dwe pran sousi yo oserye.
- * Òganize rankont regilye pou paran/moun ki pran swen elèv kote nou fè aktivite kout (pa egzanp Ti pale ak Paran) epi mande yo bay reyaksyon sou aktivite yo depi nan kòmansman jiska dènye sa ki fèt la.

8) Prepare nou pou nou fè fòmasyon sou kourikoulòm *Kore Tifi*

Dènye aktivite nan preparasyon lekòl, se fè fòmasyon pou pwofesè Syans Sosyal, Byoloji ak Franse sou fason pou yo sèvi ak kourikoulòm *Kore Tifi* nan kou yo. Manm Ekip *Kore Tifi* kapab kòmanse travay avèk pwofesè yo pou ede yo konprann kourikoulòm nan epi ranfòse teknik yo pou anseye kontni kourikoulòm nan. Konsa, lè Faz 2 (Konsyantize) demare, pwofesè yo ap pare pou yo aplike premye pati kourikoulòm nan (Konsyantize) nan twazyèm sik fondamantal. Pwèn fokal ap pare pou sèvi avèk zouti mobilizasyon kominotè nan rekreyasyon, pandan reyinyon ak asanble, ak nan lòt reyinyon ki ofri opòtinite pou sa.

Kisa ki diferan nan kourikoulòm segondè Kore Tifi?

Nan Faz 1 (Kòmanse) *Kore Tifi*, chwa ak preparasyon lekòl asire granmoun nan yon lekòl ak estrikti jesyon lekòl la pare pou abòde sijè enpòtan *Kore Tifi* souve yo avèk elèv. An plis, pwèn fokal nou te chwazi nan Faz 1 pandan preparasyon lekòl la te ap fèt pral kapab sèvi avèk materyèl pou mobilizasyon kominotè nan rekreyasyon, pandan reyinyon ak asanble, e nan lòt espas reyinyon ki bay opòtinite pou sa, kou nou antre nan Faz 2 (Konsyantize). Aktivite sa yo pral kontinye pandan tout Faz yo. Kourikoulòm Faz 2 (Konsyantize) kapab entegre nan twazyèm sik fondamantal. Lè nou nan Faz 3 (Sipò), kourikoulòm Faz 3 a kapab entegre nan 2 premye ane nouvo segondè (Twazyèm ak Segond). E lè nou nan Faz 4 (Aksyon), kourikoulòm Faz 4 la kapab entegre nan 2 dènye lane nouvo segondè (Reto ak Filo).

Aprè yon revè global sou kourikoulòm ki adrese dirèkteman kesyon vyolans sou fanm ak tifi, *Beyond Borders* ak *Repanse Pouwa* jwenn kèk limit nan kourikoulòm sa yo. Limit ki kapab fè li difisil pou sistèm edikasyon an entegre kourikoulòm sa yo nan kourikoulòm Ministè a. *Kore Tifi* eseye depase limit yo, e rann li pi fasil pou pwofesè ak administratè lekòl ki genyen bòn volonte itilize kourikoulòm sa a. Pa egzanp:

KÈK LIMIT KOMEN KOURIKOULÒM SOU PREVANSYON VYOLANS GENYEN	KOURIKOULÒM KORE TIFI
Kontni an prezante gwo fokus sou sansibilizasyon/Konsyantize avèk ti kras devlopman kapasite oubyen aksyon apre elèv yo fin sansibilize/konsyantize	Kontni an divize an faz pou pran an kont etap chanjman kay elèv yo; faz yo se: Konsyantize, sipò/devlopman kapasite ak fè aksyon ansanm (aksyon kolektif).
Yo prepare 1 oubyen 2 zèd tan aktivite pou pwogram espesyal apre lè lekòl (sa souvan fèt ak lajan pwojè) olye aktivite sa yo antre nan kou regilye	Seyans 45 minit pou pwofesè kapab fè yo pandan lè kou regilye.
Manke enstriksyon pou pwofesè yo entegre sijè yo nan kontni ki deja egziste	Enstriksyon espesifik pou pwofesè yo sou fason pou yo entegre sijè yo nan objektif chapit yo/ nan tèm komen ki nan Syans Sosyal, Franse ak Byoloji.
Travay an plis pou pwofesè ki deja okipe anpil	Rediksyon travay pou pwofesè ki deja okipe avèk leson tou pare ki ranfòse plan leson ki te deja la

Avèk kourikoulòm *Kore Tifi*, elèv yo pral grandi nan lespri yo, yo pral fè eksperyans pwosesis chanjman pa etap. Etap ki koresponn avèk pwòp devlopman yo plis pwòp pwosesis chanjman yo. Anvan elèv yo fini lekòl, yo ap deja angaje kòm aktivis nan ankouraje ekilib pouvwa nan relasyon yo ak nan kominote yo. Konpòtman yo ap pèmèt jenerasyon k ap monte a, paran yo ak lòt manm kominote yo jwenn enspirasyon. Epi yo pral kontinye sou chimen aktivis nan divès pwofesyon ak lòt etid pi devan.



Felisitasyon!
Depi nou fin pase
etap sa yo avèk lekòl yo,
nou pare pou antre nan Faz 2
(Konsyantize) avèk lekòl yo! Men
pa bliye byen kowòdone tout
aktivite ak demach nan Faz 1
pou tout Rezo a kapab pare an
menm tan pou pase
nan Faz 2.

**GID POU KAPASITE
EKIP AK REZO
FAZ 1 (KÒMANSE)**



Investisman tan ak enèji nan fòmasyon ak ankadreman manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi*, se yon fondasyon e se sou li tout lòt aktivite pral chita. Toude, fòmasyon ak ankadreman, ankouraje chanjman nan konesans ak kwayans sou zafè vyolans sou tifi ak fanm; yo ede moun devlope kapasite ak asirans nan tèt yo. Fòmasyon se sesyon fòmèl ki vize gwoup; ankadreman mwens fòmèl e li pi souvan fèt youn a youn. Fòmasyon ak ankadreman esansyèl pou tout Faz *Kore Tifi*. Nan Faz 1, nou kòmanse gade tèt nou, pwòp konesans ak kwayans nou.

Dokiman sa a genyen direktiv ak lide pou fòmasyon ak ankadreman pou Faz 1. Li divize an seksyon pou gwoup sa yo:

- * Manm Ekip *Kore Tifi* (paj 68)
- * Menntò Klèb Tifi (paj 71)
- * Pèsonèl Lekòl ak Pwen Fokal nan lekòl (paj 79)
- * Aktivis Kominotè (AK) ak Gwoup Aksyon Kominotè (GAK) (paj 90)

Li rekòmande pou manm Ekip la li tout dokiman sa a anvan yo kòmanse aktivite pou Faz 1. Lè yo ap angaje gwoup yo, manm Ekip la dwe refere yo ak seksyon patikilye ki pou chak gwoup. Li enpòtan tou pou manm Ekip la li "Faz 1 Pazapa" (paj 3) epi pou yo alèz ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 1 anvan yo kòmanse fè fòmasyon.

Rezilta

Fòmasyon ak ankadreman pou Faz 1 fèt pou mennen nan reyalizasyon Rezilta Faz 1 yo.

Rezilta 1: Ni manm Ekip la, ni manm Rezo *Kore Tifi* **konnen** bagay sa yo:

- * Kijan pou dekri metodoloji *Kore Tifi*
- * Kisa "pouvwa" vle di
- * Tout diferan tip vyolans sou tifi ak fanm plis konsekans yo sou tifi ak fanm; avantaj ki genyen nan relasyon san vyolans
- * Se dezekilib pouvwa ki kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm
- * Timoun ki te sibi vyolans oubyen ki temwen zak vyolans lakay yo oswa nan kominote yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo sibi oubyen sèvi ak vyolans

- * Mank pouvwa tifi ak fanm ogmante danje pou yo trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay
- * Kijan sistèm swivi *Kore Tifi* a fonksyone e kijan pou yo sèvi ak zouti liy de baz yo

Rezilta 2: Manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi* **kwè** bagay sa yo:

- * Tout moun kapab sèvi ak pouvwa yo yon fason pozitif e pote chanjman nan lavi yo.
- * Tifi ak ti gason dwe jwenn bon jan edikasyon sou kò yo, sou koze fè bagay e sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont gwosès ak VIH/SIDA.
- * Tifi ak ti gason dwe genyen menm povwa.
- * Tifi ak ti gason dwe genyen menm mezi libète.
- * Tout kominote a benefisye lè granmoun koute eksperyans ak lide tifi.
- * Yo bezwen tandè tifi yo plis nan fanmi yo ak nan kominote a.
- * Yo pa ta dwe blame tifi pou vyolans yo sibi.
- * Moun nan kominote a genyen responsabilite pou yo pale aklè kont vyolans sou tifi ak fanm.
- * Edikasyon tifi genyen menm enpòtans ak edikasyon ti gason.
- * Fi ak gason nan kay ta dwe pataje tach yo yon jan ki ekitab.

Chak gwoup jwe wòl diferan pou chanjman fèt nan kominote a; sa fè chak gwoup bezwen fòmasyon ak ankadreman ki yon ti jan diferan tou. Pa konsekan, genyen objektif apantisaj pou chak gwoup ki prezante nan seksyon pi ba yo.



Koutje sou Fòmasyon

Genyen kontni nan *Kore Tifi* ki fòme yon nwayo, e nou rele yo kontni esansyèl. Li enpòtan anpil pou manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi* byen konprann kontni sa yo anvan yo kòmanse fè travay aktivis nan kominote a. Chak gwoup dwe kouvri kontni esansyèl yo ki genyen:

KONTNI ESANSYÈL KORE TIFI

1. Pouvw (Kisa pouvw ye, kiyès ki genyen pouvw, kijan nou chak sèvi ak pouvw)
2. Vyolans sou tifi ak fanm (definisyon, tip, konsekans, koneksyon ak pouvw)
3. VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay (definisyon, transmisyon, koneksyon ak vyolans sou fanm ak tifi)
4. Enpòtans travay ak tifi (ak repons pou sousi moun ka fè lè yo panse *Kore Tifi* neglije ti gason)
5. Eleman kle *Kore Tifi*:
 - * Apwòch chanjman faz pa faz
 - * Angajman tout moun
 - * Analiz sou pouvw
 - * Enspire aktivis

An plis kontni esansyèl yo, chak gwoup bezwen fòmasyon dapre kapasite espesifik pa gwoup la. E sa parèt pi ba nan seksyon ki sou chak gwoup yo. Genyen modèl ajennda pou kèk gwoup ki pou ban nou yon lide sou kisa yon fòmasyon nòmal ka sanble.

Sonje! Itilizasyon kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl avèk manm Ekip, manm Rezo

Kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl kapab yon resous itil pou fòmasyon manm Ekip ak Rezo. Lè se pa nan lekòl nou ap sèvi ak kourikoulòm nan, sote seksyon ki sijere fason pou ou antre ak soti nan liv lekòl yo epi kòmanse sesyon yo nan seksyon "Egzèsis". Chanje mo ki pa koresponn ak manm gwoup yo pandan nou ap anime sesyon yo. Pa egzanp rele manm gwoup yo patisipan olye elèv. Avèk ti ajisteman minè konsa, materyèl rich sa a kapab pafètman apwopriye pou manm Ekip ak Rezo!

Koutje sou Ankadreman

Ankadreman se yon relasyon lontèm kote yon moun ede lòt moun avanse nan kèk domèn. Nan *Kore Tifi*, ankadreman vle di bay manm Ekip ak Rezo *Kore Tifi* sipò yon fason ki fè yo vanse e ki byen òganize. Sa dwe ede yo travay sou pwòp pwosesis chanjman pa yo epi devlope kapasite pou ranfòse pouvwa tifi. Ankadreman pran tan ak investisman pèsònèl. Li kòmanse nan kreye konfyans e li se troke lide olye aprann yon moun kèk bagay. Ankadrè yo kreye yon dinamik kote li pa yon pwoblèm pou moun fè erè ak eksplòre sijè ki bay defi san lòt moun pa jije yo.

Kreye patenarya pou ankadreman

Pou kreye patenarya pou ankadreman, mete moun ansanm yon fason espesifik. Bay manm Ekip ki genyen anpil eksperyans ankadre sila yo ki genyen mwens eksperyans, bay moun ki nan enplemantasyon *Kore Tifi* manm Rezo. Chak manm Ekip kapab ankadre plizyè manm Rezo, pi souvan, 25 – 30 pou pi plis; mwens nan zòn riral oubyen kote moun pa kapab sikile rapid pou rankontre lòt moun. Manm Ekip la ap deja antann yo sou maksimòm manm Rezo yon moun nan Ekip la kapab anakadre lè yo te detèmine popilasyon kominote yo (“Monte yon Rezo pou Chanjman”, paj 16). Konsidere ki manm Rezo ki bezwen plis echanj sou kèk konsèp *Kore Tifi* (pa egzanp: pouvwa, feminis, dwa fanm, egalite ant fanm ak gason, dwa tifi ak timoun, vyolans sou tifi ak fanm, VIH ak lòt maladi moun pran nan fè bagay, elatriye) oubyen tou, kiyès ki bezwen plis nan kèk kapasite espesifik. Mete moun sa yo avèk yon ankadrè ki demontre konpetans nan domèn sa yo.

Ekri lis final gwoup moun ki ap resevwa ankadreman avèk ankadrè chak gwoup pou Faz 1. Asire chak ankadrè konnen wòl li kòm ankadrè ak kiyès li pral ankadre. Se pa chak manm Rezo ki pral jwenn yon ankadrè nan Faz 1. Li kapab nesèsè pou nou priorize moun ki bezwen plis koutmen, e apre pèmèt lòt jwenn menm opòtinite a. Avèk tan, kèk manm Rezo a ki genyen bon jan eksperyans kapab devni ankadrè tou pou lòt manm Rezo epi, devlope kapasite lidèchip yo nan pwosesis la. Nou pral re-evalye patenarya pou ankadreman nan kòmansman Faz 2, 3 ak 4.

Dokimante pwogrè yo

Li enpòtan pou travay ankadreman rete estriktire, menm si li enfòmèl. Li enpòtan tou pou ankadrè yo dokimante pwogrè ki fèt ak defi yo rankontre nan reyalizasyon rezilta ki te fikse yo. Nou pral sijere zouti espesifik pou dokimantasyon pwogrè yo nan Faz 2. Antretan, pran nòt senpleman sou vizit ankadreman nou fè. Se yon mwayen itil ki pou ede nou sonje ak fè plan pou nou apwofondi nouvo relasyon nou yo!

Kontni ankadreman

Nan Faz 1, ankadreman vize apwofondisman refleksyon pèsònèl sou kontni esansyèl yo ak chèche konnen youn lòt pi byen. Nou kapab chèche aprann plis sou pwen ki pi ba yo pandan ankadreman Faz 1:

- * Kijan moun sa a sèvi ak pouvwa li?
- * Ki Rezilta nan Faz la moun sa a deja konnen ak kwè?
- * Èske moun sa a pale sou kontni esansyèl *Kore Tifi* avèk pwòp fanmi ak zanmi li? Poukisa li fè sa oubyen poukisa li pa fè sa?
- * Kisa ki motive moun sa a travay pou kore pouvwa tifi? Èske sa reprezante plis pase yon djòb pou li/ yon djòb li swete genyen? Si se pa sa, ki lòt pwoblèm ki motive li nan yon nivo ki pi pèsònèl?

Ankadre yo kapab poze oubyen pa poze kesyon sa yo dirèkteman. Ankadrè yo dwe mete atansyon yo sou devlope bon jan relasyon ak moun yo ap ankadre epi ankouraje refleksyon ki pou pèmèt repons yo soti pou kont yo, nan divès fason. Avèk tan, pwobableman repons yo pral chanje. Pati ki pi enpòtan an, se pou repons yo sensè, menm jan avèk relasyon ankadrè ak moun ki ap jwenn ankadreman.

Nan chak seksyon pi ba yo, nou pral jwenn egzanp opòtinite pou ankadreman pou gwoup ki konsène nan seksyon an. Nou kapab itilize yo oubyen nou kapab ajoute lide nou. Sa ki enpòtan, se pou nou rete pozitif, angaje... epi byen amize nou ansanm!

Yon remak sou Alye yo

Nan "Monte yon Rezo pou Chanjman" (paj 16), nou te diskite sou enpòtans alye yo, moun ki bay ti sipò tou piti san angajman alontèm. Envestisman yo enpòtan. Men nan dokiman *Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo* yo, nou pa trete aspè alye yo akòz envestisman tan yo fè ki pa egzijè yo jwenn sipò estratejik nòmal alontèm menm jan lòt gwoup nan Rezo a bezwen sa. Rete an kontak avèk alye yo, epi fè yo patisipe lè sa posib!

Manm Ekip



Fòs manm Ekip *Kore Tifi*, nan anpil fason, detèmine fòs Rezo yo mete sou pye a; se manm Ekip la ki genyen konpetans pou bay pwosesis chanjman an direksyon!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 1:

An plis reyalizasyon rezilta Faz 1 yo sou konesans ak kwayans, asire Ekip la kapab:

- * Fè refleksyon kritik sou kontni esansyèl *Kore Tifi*.
- * Kreye yon plan pou Faz 1 ki angaje tout sèk enfliyans yo.
- * Prezante *Kore Tifi* bay divès kalte gwoup moun nan kominote a.
- * Prepare ak fè (ankèt) evalyasyon liy de baz la.
- * Travay ak menntò klèb tifi yo pou mete klèb tifi sou pye.
- * Fè chwa lekòl epi prepare aktivite pou lekòl.
- * Kreye yon lis referans sou òganizasyon ki bay sèvis ak resous ki disponib pou tifi ki sibi vyolans, ki trape VIH ak lòt enfeksyon, oubyen ki ansent.
- * Itilize metòd patisipatif pou fasilite sesyon fòmasyon.
- * Bay lòt manm Ekip oubyen manm Rezo ankadreman.
- * Fè fasilite avèk Afich Faz 1 (Kòmanse), Ti Pale ak Paran Faz 1 (Kòmanse).
- * Reyalize tout aktivite Faz 1 (Kòmanse) ki nan Lis Aktivite Faz 1 (Faz 1 Pazapa paj 8).
- * Reyalize yon bon jan lansman piblik pou *Kore Tifi*.

FÒMASYON MANM EKIP

Fòmasyon ak ankadreman manm Ekip inik, yo pa sanble ak pa lòt gwoup yo. Pi souvan, manm Ekip te deja genyen konesans ak konpetans sou kèk nan pwoblèm *Kore Tifi* trete yo. An menm tan tou, apwòch la nouvo pou yo, e sa mande refleksyon pèsonek ak avansman kontinyèl.

Manm Ekip genyen rekonsabilite tou pou yo ranfòse kapasite lòt moun. Donk konesans yo, kwayans yo ak konpetans yo dwe depase pa manm Rezo a. Fòmasyon se yon nesosite pou tout manm Ekip *Kore Tifi*, kèlkeswa eksperyans ak pozisyon yo.

Fòma pou fòmasyon

Nan kòmansman *Kore Tifi*, li enpòtan pou tout manm Ekip patisipe nan yon fòmasyon plizyè jou ki entwodwi yo nan *Kore Tifi*. Manm Ekip ki genyen bon jan eksperyans, moun ki fè planifikasyon pwogram nan, oubyen lòt moun ki gen eksperyans nan anpeche vyolans fèt sou tifi ak teknik mobilizasyon kominotè kapab mennen fòmasyon an. Apre premye fòmasyon sa a, nou kapab fè lòt sesyon fòmasyon pou rann manm Ekip la pi efikas pou yo reyalize rezilta Faz 1 yo. Sesyon sa yo kapab pi kout, e yo kapab fèt selon kalandriye ak orè regilye travay la. Li enpòtan pou nou chwazi yon manm Ekip ki genyen anpil eksperyans ki pou reskonsab pou aprantisaj manm Ekip la pandan nou ap swiv metodoloji a. Moun sa a, avèk sipò lòt manm Ekip, pral kowòdone efò pou reyalize fòmasyon manm Ekip la.

Pou lòt sipò teknik nan zafè fòmasyon pou manm Ekip *Kore Tifi*, silvouplè kontakte Pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders sou annanpechevyolans@gmail.com, oubyen veye opòtinite pou fòmasyon sou repansepouvwa.org

Kontni Fòmasyon

Fòmasyon Faz 1 genyen kontni esansyèl *Kore Tifi*, ansanm ak ranfòsman kapasite sou objektif espesifik aprantisaj manm Ekip. Fòmasyon an vize dabò chanjman nan konesans ak kwayans manm Ekip la, avan Ekip la vize manm kominote yo nan lòt Faz apre yo.

Pou Òganizasyon k ap sèvi ak *Kore Tifi* ansanm ak *SASA*¹, konnen genyen sesyon fòmasyon ki menm pou toude metodoloji yo. Nou kapab jwenn anpil nan sesyon fòmasyon yo nan Modil "Konprann Apwòch *SASA*" ak Modil "Apwofodi Konesans," Faz Kòmans *SASA*, ki disponib sou repansepouvwa.org

ANKADREMAN MANM EKIP

Aprè nou fin deside kiyès k ap jwe wòl ankadrè pou ki manm nan Ekip la, de (2) moun sa yo (ankadrè ak moun k ap jwenn ankadreman) kapab diskite sa ki kapab mache pi byen pou yo pou nourir relasyon patenarya a. Toujou sonje rezilta Faz 1 yo n ap travay pou nou reyalize ak kesyon ki nan Koutje sou Ankadreman (paj 66), nan objektif pou nou byen sèvi ak tan nou epi rann li pwodiktif. Dokimante chak sesyon ankadreman pou nou kapab konnen pwogrè ki fèt epi, fè tout ajisteman ki nesèsè.

Kèk opòtinite pou nou bay manm Ekip ankadreman nan Faz 1:

- * Manje nan mitan jounen ansanm epi pwofite moman sa yo pou nou fè deba ki fran sou sijè ki gen rapò ak kontni esansyèl *Kore Tifi*.
- * Mache ale tounen nan biwo ansanm, oubyen jwenn lòt moun nan moman lib pou nou pale ak diskite sou sijè ki gen rapò ak kontni esansyèl *Kore Tifi*.
- * Pataje atik oubyen lòt tèks nou li epi ansanm, fè refleksyon ak echanj sou yo.
- * Fè rankont apre evenman enpòtan yo pou nou tire leson ak reflechi sou yo.
- * Vizite manm Ekip lakay yo, lè sa apwopriye, pou plis refleksyon ak entèaksyon onivo pèsònèl avèk yo e avèk fanmi yo.



Menntò Klèb Tifi



Menntò klèb tifi yo nan kè mouvman moun k ap travay pou ogmante pouvwa tifi. Menntò ki konpetan ankouraje tifi pran pouvwa yo!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 1:

An plis reyalizasyon rezilta Faz 1 yo sou konesans ak kwayans, asire menntò yo kapab:

- * Esplike paran ak lòt manm kominote a kisa *Kore Tifi* ye; pale ak konvenk moun sou nesesite pou genyen klèb tifi.
 - * Konprann ak diskite sou sis (6) sijè klèb tifi yo (pouvwa, kominikasyon, lidèchip ak zanmitay, finans, sante tifi, vyolans).
 - * Planifye rankont ak fè bon jan fasilite; sèvi ak teknik patisipatif nan fòmasyon.
 - * Monte klèb tifi.
 - * Detèmine sa tifi yo bezwen ak atou ki pi nesesè pou yo.
 - * Reyalize tout aktivite nan Etap 5 – 10 “Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi” (paj 33 – paj 41).
- 

FÒMASYON POU MENNTÒ KLÈB TIFI

Ranfòsman pouvwa tifi nan klèb tifi depann anpil sou kapasite menntò klèb yo. Yo bezwen genyen kapasite pou yo ankouraje pwosesis avansman chak tifi nan klèb yo, an menm tan pou yo kapab travay ak paran ak lòt manm nan kominote a pou moun sa yo transfòme pwòp relasyon pa yo ak tifi. Kòm modèl pou tifi ak pou manm kominote a, avèk tan, egzanp menntò yo kapab enspire lòt moun pou monte klèb tifi. Konsa, lè nou envesti nan fòmasyon menntò yo, sa kreye posibilite pou chanjman alontèm tou.

Fòma pou fòmasyon

Nan koumansman Faz 1 an, manm Ekip la ap fè premye fòmasyon pou menntò yo pandan 5 a 6 jou. Fòmasyon sa a kapab sou 5 - 6 jou afile, oubyen nan plizyè jounen fòmasyon sou yon peryòd ki pa depase 2 semèn. Li rekòmande pou nou envite lòt jèn fi nou pa chwazi kòm menntò pou patisipe nan fòmasyon an. Konsa, si genyen nan menntò yo ki deplase kite zòn nan oubyen ki kite wòl menntò nan klèb tifi, nou ap kapab chwazi nouvo menntò nan yon gwoup jèn fi ki te resevwa fòmasyon deja. Asire nou byen esplike jèn ki p ap genyen klèb yo

estati yo: yo p ap jwe wòl menntò pou *Kore Tifi*, men yo kapab pwofite konesans ak kapasite yo ap devlope nan fòmasyon an, e, yo kapab jwe lòt wòl pou ede tifi ranfòse pouvwa yo nan kominote a.


Kontni fòmasyon

Fòmasyon pou menntò klèb tifi genyen kontni esansyèl *Kore Tifi* ansanm ak ranfòsman kapasite sou objektif aprantisaj espesifik menntò. An plis de sa, menntò ap bezwen familiarize yo plis posib avèk sis (6) sijè yo pral abòde nan klèb yo: pouvwa, kominikasyon, lidèchip ak zanmitay, finans, sante tifi, ak vyolans. Nan Faz 1, se premye nosyon sou sijè sa yo ki pral devlope nan klèb yo. Lòt fòmasyon sou menm sijè sa yo ap fèt anvan chak lòt Faz pou pèmèt klèb yo reyalize rezilta ki mache ak chak lòt Faz yo.

Modèl Ajennda Fòmasyon: Menntò Klèb Tifi (Faz 1)

1ye jou: Entwodiksyon nan *Kore Tifi*

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:30	Byenvini! <i>Kreye anbyans, objektif, atant</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:30 - 10:15	<i>SASA</i> Papye Pouvwa <i>Patisipan yo analize konsèp pouvwa nan refleksyon pèsònèl, yon jwèt kout ak brase lide</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 3
10:15 - 10:30	Poz	
10:30 - 11:45	<i>SASA</i> Eksperyans nou ak pouvwa ak Chwa nou fè ak pouvwa <i>Nan yon sesyon, patisipan yo pataje eksperyans sou yon moman yo te santi yo te manke pouvwa, e nan yon lòt sesyon yo sèvi ak yon jwèt plis deba pou chèche wè kijan yo sèvi ak pouvwa</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 34 Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2 paj 70
11:45 - 12:45	Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye ? <i>Gwoup yo diskite sou kat (4) tip vyolans sou fanm ak tifi, rapò ki genyen ant zafè vyolans ak pouvwa plis kontwòl</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 19



LÈ	SESYON	REFERANS
12:45 - 1:30	Manje	
1:30 - 2:30	Kisa ki pase lè gen vyolans? <i>Gwoup yo brase lide sou konsekans vyolans sou fanm ak tifi</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 25
2:30 - 2:45	Poz	
2:45 - 4:15	Enpòtans tifi : Istwa Mari <i>Patisipan chèche konprann enpòtans pou mete aksan espesifik sou tifi apati analiz istwa yon tifi</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanchè Kore Tifi," disponib sou: repansepowwa.org
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

2yèm jou: Eleman Kle Kore Tifi

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:15	Repriz gran pwèn 1ye jounen an ak Dakò/Pa Dakò <i>Repriz, apre sa faslitatè li deklasyon sou pouvwwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an Dakò / Pa Dakò nan liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanchè Kore Tifi," disponib sou: repansepowwa.org
9:15 - 10:00	Kisa Kore Tifi ye? <i>Kòm patisipan yo te diskite sou kèk konsèp de baz nan 1ye jou a, kounyèa yo pare pou yon prezantasyon PowerPoint ki esplike kisa Kore Tifi ye</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanchè Kore Tifi," disponib sou: repansepowwa.org
10:00 - 10:15	Poz	
10:15 - 11:15	1ye Eleman Kle: Apwòch chanjman faz pa faz Etap chanjman <i>Nan analize istwa sou chanjman ak fè refleksyon sou chanjman nan pwòp lavi yo, patisipan yo ap dekouvri etap komen nan chanjman grenn moun ak kominote</i>	Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA! "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepowwa.org

11:15 - 12:45

2yèm Eleman Kle: Angajman tout moun*SASA! Sèk enfliyans ak Sèk enfliyans tifi**Jwèt ak deba pou chèche konprann poukisa li enpòtan pou nou angaje manm kominote a ki nan divès wòl pou pou pèmèt chanjman fèt nan tout kominote a. Nan yon lòt sesyon, patisipan yo aplike refleksyon yo te fè sou lavi tifi.*

Modil Fòmasyon Faz Kòmanse

*SASA! "Apwofondi Konesans,"*disponib sou: repansepouvwa.org

Sèk enfliyans tifi nan liv "Sesyon

Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi,"

disponib sou: repansepouvwa.org

12:45 - 1:30

Manje

1:30 - 3:30

3yèm Eleman Kle: Analiz sou pouvwa (Kòz fondamantal)*SASA! Nouvo Planèt ak Kòz Fondamantal**Patisipan yo ale sou yon nouvo planèt pou chèche konprann sa ki dwa ak dezekilib pouvwa, apre nan yon lòt sesyon yo chèche konprann dezekilib pouvwa kòm kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm*

Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm

Ane, Faz 2 paj 59

3:30 - 3:45

Poz

3:45 - 4:15

4yèm Eleman Kle: Enspire Aktivis**Fè lide tounen aksyon***Patisipan brase lide an brèf sou mo ak ekspresyon ki asosye ak mo "aktivis" (travay aktivis) epi yo fè deba sou kat (4) Faz Kore Tifi yo.*

Manm Ekip la kapab adapte l pou

yo esplike Faz Kore Tifi yo, apati

Modil Fòmasyon Faz Kòmanse

*SASA! "Apwofondi Konesans,"*disponib sou: repansepouvwa.org

4:15 - 4:30

Evalyasyon ak kloti

Manm Ekip la ki pou devlope

sesyon an



3yèm jou: Mobilizasyon kominotè

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:15	Repriz ak kesyon cho <i>Repriz, apre sa se opòtinite pou patisipan yo poze kesyon sou kontni yo wè deja</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:15 - 10:30	Prezante Kore Tifi bay kominote a <i>Patisipan fè similasyon kote yo ap pale de Kore Tifi nan kominote a</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 1:00	Fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè Kore Tifi <i>Fè demonstrasyon ak pratik sou kapasite nan ti gwoup avèk Afich Faz 1 (Kòmanse) plis Ti pale ak Paran</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Pouvwa Faz 1, paj 111; Ti Pale ak Paran 1 ak 2, paj 98
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 4:15	Pratik ak preparasyon gwoup/grenn moun pou fè fasilite (4yèm-5yèm jou) <i>Patisipan yo travay ansanm ak manm Ekip la pou prepare sesyon 4yèm ak 5yèm jou: 1. (2 patisipan) Prezantasyon Kore Tifi pou Klèb Tifi; 2. (2 patisipan) Egzèsis kat sosyal sekirite tifi; 3. (2 patisipan) Egzèsis sou klasman atou. Lòt patisipan bay sipò yo nan preparasyon sesyon yo oubyen yo fè plis pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	


4yèm jou: Kreyasyon Klèb Tifi

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:15	<p>Repriz gran pwen 3yèm jounen an ak Dakò/ Pa Dakò</p> <p><i>Repriz, apre sa fasilite li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an.</p> <p>Dakò / Pa Dakò Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org</p>
9:15 - 10:30	<p>Planifikasyon Premye Rankont</p> <p><i>Manm Ekip la ede menntò yo planifye premye rankont ak tifi yo</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" Etap 7, paj 35</p>
10:30 - 10:45	<p>Poz</p>	
10:45 - 11:45	<p>Prezantasyon Kore Tifi nan klèb tifi</p> <p><i>Patisipan yo, nan 10 minit oubyen mwens, fè similasyon pou prezante Kore Tifi jan yo pral fè sa nan klèb yo. Nan fen sesyon an, patisipan yo genyen opòtinite pou bay youn lòt fidbak.</i></p>	<p>Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org</p>
11:45 - 1:00	<p>Egzèsis kat sosyal sou sekirite (avèk fidbak)</p> <p><i>(Menntò ki pou fasilite sesyon sa a)</i></p> <p><i>Aktivite ki pou fèt nan klèb tifi, pou konprann kibò tifi santi yo an sekirite ou pa nan kominote yo. Nan fen sesyon an, patisipan yo genyen opòtinite pou bay fasilite a fidbak</i></p>	<p>Egzèsis ki nan "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi" Etap 7, paj 36</p> <p>Bay ak resevwa fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org</p>
1:00 - 2:00	<p>Manje</p>	
2:00 - 3:00	<p>Egzèsis sou klasman atou (avèk fidbak)</p> <p><i>(Menntò ki pou fasilite sesyon sa a)</i></p> <p><i>Patisipan yo fè yon egzèsis pou klase atou tifi yo vle devlope. Nan fen sesyon an, patisipan yo genyen opòtinite pou bay fasilite a fidbak</i></p>	<p>Egzèsis ki nan "Gid pou kreyasyon klèb tifi" Etap 8, paj 38</p> <p>Remak: kontakte hagn@gmail.com pou kat atou</p>
3:00 - 4:15	<p>Plan Daksyon (avèk poz nan mitan, si gen bezwen)</p> <p><i>Manm Ekip ede Menntò yo ranpli plan daksyon Faz la, yo ap baze sou sa yo deja konnen sou kreyasyon klèb tifi</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak fòmilè Plan Daksyon ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache: Swivi ak Evalyasyon," Liv Entwodiksyon, paj 42 ak "Gid pou kreyasyon klèb tifi," paj 25</p>
4:15 - 4:30	<p>Evalyasyon ak kloti</p>	

Syèm jou: Angajman Klèb Tifi

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:15	Repriz gran pwen 4yèm jounen an ak Dakò/Pa Dakò <i>Repriz, apre sa fasilite li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Dakò / Pa Dakò nan Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
9:15 - 10:30	Koutje sou Sis (6) Sijè Klèb Tifi yo <i>Entwodiksyon brèf sou sijè pouvwa; kominkasyon; lidèchip ak zanmitay; finans; sante tifi; ak vyolans</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, nou ap baze sou "Gid pou Aktivite Klèb Tifi" Faz 2, paj 41, ansanm ak lòt refleksyon plis rechèch <i>Remak: Sesyon de baz sou pouvwa ak vyolans te deja reyalize</i>
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 11:45	Kominikasyon <i>SASA! Kapasite kominikasyon</i> <i>Patisipan yo demontre bon kapasite kominikasyon nan similasyon</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 1ye – 2yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn) Faz 3 paj 13
11:45 - 1:00	Lidèchip ak zanmitay Kisa sosyete a atann de fanm ak gason <i>Patisipan yo fè deba, diskite pou wè si kèk atant sosyete a se atant pou fi oubyen se atant pou gason</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 7 oubyen vèsyon pi long ki nan Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon <i>SASA! "Travay sou Kwayans,"</i> disponib sou: repansepouvwa.org
1:00 - 2:00	Manje	

LÈ	SESYON	REFERANS
2:00 - 3:00	<p>Finans ak Sante Tifi Brase lide ak prezantasyon an gwoup <i>Ti gwoup diskite antre yo epi fè prezantasyon pou gwo gwoup la. Gwoup 1 (Finans) brase lide sou kesyon sa yo: 1. Kijan enfòmasyon sou planifikasyon ak finans ap ede ogmante pouvwa tifi? 2. Ki risk tifi kouri lè yo sèvi ak kò yo pou jwenn lajan oubyen lòt resous? Gwoup 2 (Sante Tifi) brase lide sou kesyon sa yo: 1. Kijan enfòmasyon sou kèk sijè ap ede ogmante pouvwa tifi, tankou: a. règ fi, b. fason moun evite gwasès sanzatan, c. VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay? 2. Ki enfòmasyon tifi dwe genyen sou sijè sa yo e a ki laj yo dwe genyen enfòmasyon sa yo?</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
2:30 - 3:15	<p>Plan Daksyon <i>Gwo gwoup la brase lide sou sijè pou rankont menntò yo pral fè ak tifi yo. Fè Plan Daksyon Faz 1 ak menntò klèb tifi yo</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak fòmèlè Plan Daksyon ak "Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi", paj 25
3:15- close	<p>Evalyasyon final ak Kloti <i>Kloti ak selebrasyon fòmasyon Faz 1</i></p>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an



ANKADREMAN POU MENNTÒ KLÈB TIFI

Nou kapab chwazi mete youn oubyen de (2) manm Ekip ki byen konnen kesyon klèb tifi (li preferab pou se fanm) pou ankadre tout Menntò yo. Donk se manm Ekip sa a/yo ki ap fè tout ankadreman ki nesèsè nan kad klèb tifi. Toujou sonje rezilta Faz 1 yo n ap travay pou nou reyalize ak kesyon ki nan Koutje sou Ankadreman (paj 66), nan objektif pou nou byen sèvi ak tan nou epi rann li pwodiktif. Dokimante chak sesyon ankadreman pou nou kapab konnen pwogrè ki fèt epi, fè tout ajisteman ki nesèsè.

Kèk opòtinite pou nou bay menntò klèb tifi ankadreman nan Faz 1:

- * Vizite menntò yo pou kominikasyon youn a youn nan Biwo a oubyen nan kominote a— kote sa posib e kote Menntò a santi li pi alèz.
- * Bay menntò yo sipò pou yo prepare pou sesyon fòmasyon yo pral fasilite.
- * Fè vizit sipò nan chak klèb tifi, omwens youn nan Faz 1 (plis si gen bezwen pou sa).
- * Fasilite chak mwa oubyen de (2) fwa pa mwa rankont avèk menntò yo pou devlope kapasite yo, planifye rankont ki ap fèt, ak patisipe nan sesyon fòmasyon.

Manm Pèsonèl Lekòl ak Pwen Fokal

Manm pèsonèl lekòl ak Pwen Fokal jwe wòl modèl ak wòl moun k ap kreye nòm sosyal pou yon nouvo jenerasyon. Lè yo kòmanse ak pwòp lavi pa yo kòm egzanp, yo dekouvri pouvwa yo pou yo lanse pwosesis chanjman ki prale sou lontèm!

OBJEKTIF APRANTISAJ:

An plis reyalizasyon rezilta Faz 1 yo sou konesans ak kwayans, asire pwen fokal lekòl kapab:

- * Esplike *Kore Tifi* pou paran ak lòt pèsonèl lekòl.
- * Fasilite Afich Faz 1 (Kòmanse) ak Ti Pale ak Paran Faz 1 (Kòmanse).
- * Chita-pale ak direksyon lekòl pou jwenn bon moman ak espas pou aktivite fèt ak manm pèsonèl tout nivo nan lekòl la.
- * Devlope yon bon sistèm referans ki pèmèt rapò fèt sou ka vyolans (gade “Chwa ak Preparasyon Lekòl”, paj 56).
- * Fè bouyon yon kòd kondwit, avèk sipò direksyon lekòl ak manm Ekip *Kore Tifi* (gade “Chwa ak Preparasyon Lekòl”, paj 57).
- * Ede kreye yon sistèm fyab ki pèmèt elèv ak paran bay opinyon yo (gade “Chwa ak Preparasyon Lekòl”, paj 59).

An plis reyalizasyon rezilta Faz 1 yo sou konesans ak kwayans, asire manm pèsonèl lekòl kapab:

- * Bay elèv ki sibi vyolans sipò fason ki apwopriye epi akonpaye yo dapre yon sistèm referans lekòl la mete sou pye.
- * Sèvi ak sistèm lekòl la pou rapòte tout vyolasyon nouvo kòd kondwit la.

FÒMASYON MANM PÈSONÈL LEKÒL AK PWEN FOKAL

Nan Faz 1, nou pral fè de (2) fòmasyon an premye, pou tout manm pèsònèl lekòl—soti nan direktè pase nan moun ki fè manje, netwaye, bay sekirite, pwofesè, pwen fokal. Li enpòtan pou tout manm pèsònèl yon lekòl, kèlkeswa pozisyon yo okipe, patisipe nan toude fòmasyon yo. Pandan peryòd ki ant de (2) fòmasyon yo, manm Ekip la pral travay fason entansif ak direksyon lekòl plis pwen fokal. Yo pral ekri yon bouyon kòd kondwit, yon modèl lis referans pou lekòl, epi prepare sesyon pou dezyèm fòmasyon an (gade “Ankadreman Pwen Fokal” nan yon seksyon ki pi ba).

Kisa ki nan Fòmasyon manm pèsònèl lekòl ki pa sanble ak fòmasyon lòt gwoup?

Fòmasyon manm pèsònèl lekòl yon jan diferan ak fòmasyon lòt gwoup moun nan Rezo *Kore Tifi*. Kòm manm pèsònèl lekòl gen responsabilite dirèk pou sekirite ak byennèt timoun ak jèn, yo dwe genyen kèk kapasite e lekòl la bezwen kèk estrikti ki pou an plas anvan nou angaje elèv yo. Donk nan Faz 1, gen kèk sijè nou ap trete ak manm pèsònèl lekòl yo, alòske lòt gwoup ap genyen pou trete yo jis apre nan pwosesis enplemantasyon *Kore Tifi*. Pa egzanp, kòd kondwit ak fason pou bay sipò pou moun ki sibi oubyen fè vyolans. Reyalite lekòl fè toude bagay sa yo nesèsè e yo posib pou nou ka pase rapidman nan kontni yo, paske:

1. Genyen kèk mezi yo dwe pran nan yon lekòl anvan nou lanse sijè sansib dirèkteman avèk elèv san sa pa pote danje pou elèv yo,
2. Lekòl se yon espas ki fasilite echanj ant yon gwoup moun pase anpil lòt espas. Sa pèmèt gwoup moun sa yo pase nan yon pwosesis chanjman pi rapid pase anpil lòt gwoup moun.
3. Anviwonman lekòl ankouraje refleksyon ak panse kritik ki fasilite chanjman tou.

Sa vle di manm pèsònèl lekòl pral pran angajman pou yo fonksyone yon nouvo fason nan lekòl, anvan menm anpil ladan yo kapab pase nan pwòp pwosesis pa yo pou yo vrèman kwè nan chanjman sa yo. Li enpòtan pou manm Ekip *Kore Tifi* rekonèt sa; konsa, yo ap kapab kontinye ede manm pèsònèl lekòl yo reflechi sou jan pwòp kwayans yo mache avèk sa ki di nan *Kore Tifi*.

Premye fòmasyon pou manm pèsònèl lekòl

Manm Ekip *Kore Tifi* ap fasilite premye fòmasyon pou manm pèsònèl lekòl. Fòmasyon sa a sipoze dire twa (3) jou ki kapab ale youn apre lòt lè sa posib. Oubyen tou, twa (3) jou sa yo kapab pi pre posib nan espas yon mwa. Travay ak direksyon lekòl plis pwen fokal pou fikse dat ki pi apwopriye

pou pèsonèl lekòl. Nou ankouraje manm Ekip *Kore Tifi* travay ak pwen fokal nan preparasyon ak planifikasyon premye fòmasyon an (gade “Chwa ak Preparasyon Lekòl”, paj 53). Apre premye fòmasyon an, pwen fokal ak moun ki dirije lekòl pral devlope bouyon sistèm referans ak kòd kondwit pou pèsonèl lekòl. Manm pèsonèl la pral revize yo epi siyen kòd kondwit la nan dezyèm fòmasyon an. (Gade “Ankadre Pwen Fokal” pi ba a ak “Chwa ak preparasyon Lekòl”, paj 56-59).

Premye fòmasyon an vize ranfòse konesans ak kwayans manm pèsonèl lekòl sou zafè pouvwa, vyolans, VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan rapò seksyèl – kontni esansyèl *Kore Tifi*. Se kapab premye opòtinite kèk nan patisipan yo jwenn pou yo reflechi ak diskite sou kesyon sa yo. Donk okòmansman, yo kapab pa enterese oubyen yo kapab menm vle reziste. Sa nòmval, se pa yon pwoblèm. Sonje chanjman se yon pwosesis; ale dousman selon bezwen yo pou nou asire tout manm pèsonèl lekòl la rive konfwonte nouvo kesyon oubyen kesyon yo pa alèz pou yo trete.

Dezyèm fòmasyon pou manm pèsonèl lekòl

Depi premye bouyon sistèm referans ak kòd kondwit fin pare, li lè pou nou prepare pou dezyèm fòmasyon an. Menm jan ak premye fòmasyon an, li enpòtan pou tout manm pèsonèl —manm administrasyon ak lidèchip lekòl, pwofesè ak pèsonèl soutyen— patisipe nan dezyèm fòmasyon an. Dezyèm fòmasyon an kapab fèt pandan twa (3) jou afile, oubyen tou twa (3) jou sa yo kapab pi pre posib nan espas yon mwa.

Dezyèm fòmasyon an toujou vize konesans ak kwayans, men li genyen tou ranfòsman kapasite ki gen rapò ak sipò plis referans pou elèv ki sibi vyolans. Sa enpòtan anpil anvan pèsonèl yon lekòl lanse yon pwosesis chanjman dirèkteman ak elèv nan Faz 2. Dezyèm fòmasyon an genyen tou diskisyon ak adopsyon kòd kondwit ki konsène tout moun nan yon lekòl. Nan anpil lekòl, kòd kondwit se yon “sijè cho” pou deba; deba konsa enpòtan. Li vreman esansyèl pou manm Ekip *Kore Tifi* asire manm direksyon yon lekòl ak pwen fokal yo byen prepare pou yo prezante bouyon kòd kondwit la avèk asirans, reponn kesyon, epi ede lòt manm pèsonèl lekòl panse ak tout avantaj sa pote pou tout moun ki enplike nan yon lekòl. Manm Ekip la dwe ede manm direksyon ak pwen fokal prepare ak fè pratik anvan fòmasyon an; se yon pati nan pwosesis aprantisaj la.

Pi ba genyen modèl ajennda de (2) premye fòmasyon Faz 1 pou pèsonèl lekòl.

Pwofesè kòm moun k ap aprann

Kòm pwofesyonèl nan domèn yo, li kapab delika pou pwofesè fè tranzisyon sa a: soti nan wòl pwofesè pou vini moun ki ap aprann pandan sesyon fòmasyon ak ankadreman *Kore Tifi* yo. Kèk pwofesè kapab byen vle fè sesyon similasyon ak pratik yo pandan lòt kapab wè sa tankou yon afwon, akoz tout eksperyans yo genyen. Donk li enpòtan anpil pou nou devlope yon kalte relasyon ak pèsonèl lekòl kote pwofesè yo santi nou respekte yo kòm pwofesyonèl e, yo deja konnen enpòtans ki genyen pou konesans ak kapasite yo pi varye posib.

Modèl Ajennda Fòmasyon: Pèsonèl Lekòl (Premye Fòmasyon Faz 1)

1ye jou: Entwodiksyon nan Kore Tifi

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:30	Byenvini! <i>Kreye anbyans, objektif, atant</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:30 - 10:30	Kisa Kore Tifi ye? <i>Prezantasyon PowerPoint ki prezante Kore Tifi</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 11:30	Papye Pouvwa <small>SASA</small> <i>Patisipan yo analize konsèp pouvwa nan refleksyon pèsonèl, yon jwèt kout ak brase lide</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 3
11:30 - 1:00	SASA! Eksperyans nou ak pouvwa ak Chwa nou fè ak pouvwa <i>Nan yon sesyon, patisipan yo pataje eksperyans sou yon moman yo te santi yo te manke pouvwa, e nan yon lòt sesyon yo sèvi ak yon jwèt plis deba pou chèche wè kijan yo sèvi ak pouvwa</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 34 Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2 paj 70
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 2:45	Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye ? <i>Gwoup yo diskite sou kat (4) tip vyolans sou fanm ak tifi, rapò ki genyen ant zafè vyolans ak pouvwa plis kontwòl</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 19
2:45 - 3:00	Poz	
3:00 - 4:15	Kisa ki pase lè gen vyolans? <i>Gwoup yo brase lide sou konsekans vyolans sou fanm ak tifi</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 25
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

2yèm jou: Vyolans, Tifi ak Lekòl

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Fasilite li deklasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
9:30 - 11:00	Enpòtans tifi : Istwa Mari <i>Patisipan chèche konprann enpòtans pou mete aksan espesifik sou tifi apati analiz istwa yon tifi</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
11:00 - 11:15	Poz	
11:15 - 1:00	(Gid pou Bon Lekòl) Good School Toolkit²: Vyolans seksyèl nan lekòl <i>Nan yon jwèt sou konfyans ak diskisyon sou istwa yon elèv ak yon pwofesè, patisipan yo ap analize zafè vyolans seksyèl nan lekòl</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
12:15 - 1:15	SASA! Nouvo Planèt <i>Patisipan yo ale sou yon nouvo planèt pou chèche wè kisa dwa ak dezekilib pouvwa ye, apre yo diskite sou kijan sa parèt nan kominote pa yo</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 53
1:15 - 2:15	Manje	
2:15 - 3:15	SASA! Kòz fondamantal <i>Patisipan yo chèche konprann dezekilib pouvwa kòm koz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 59
3:15 - 3:30	Poz	
3:30 - 4:15	Kesyon ak Repons <i>Opòtinite pou pèsònèl lekòl brase lide sou pwoblèm ki souve nan fòmasyon an epi poze lòt kesyon</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

3yèm jou: Repanse mit yo, Devlope kapasite

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Fasilite li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
9:30 - 10:30	Kisa sosyete a ap atann? <i>Patisipan yo fè deba, brase lide pou wè si kèk atant sosyete a se atant pou fi oubyen se atant pou gason</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 7 Oubyen vèsyon ki pi long, nan Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA! "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 12:45	(Gid pou Bon Lekòl) Good School Toolkit: Repons kont vyolans seksyèl nan lekòl <i>Brase lide sou sa moun kwè sou vyolans seksyèl, ak brase lide sou responsabilite lè nou ap pote repons sou ka vyolans seksyèl</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
12:45 - 1:45	Manje	
1:45 - 3:00	Prezantasyon Pwen Fokal : Aktivite Faz 1 (Se pwen fokal ki fasilite sesyon an) <i>Pwen Fokal prezante wòl yo, aktivite yo ap fè nan Faz 1 ; (si yo prepare pou sa) yo fasilite yon Ti Pale ak Paran kòm yon egzanp</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an avèk Pwen Fokal, sèvi ak: Ti Pale ak Paran 1, paj 98
2:45 - 3:00	Evalyasyon ak kloti	

Sonje: Nan peryòd ant de (2) fòmasyon yo, pwen fokal yo ap okipe avèk pwosesis preparasyon lekòl! Gade seksyon Ankadreman Pèsonèl Lekòl ak Pwen Fokal ki pi ba a plis "Chwa ak Preparasyon Lekòl" (paj 54) pou plis detay.

Modèl ajennda: Pèsonèl Lekòl (Dezyèm Fòmasyon, Faz 1)

1ye jou: Bay Elèv yo Sipò

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:30	Byenvini! <i>Anbyans, objektif, repriz premye fòmasyon</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:30 - 10:30	Fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè <i>Kore Tifi</i> <i>Fè demonstrasyon ak pratik nan ti gwoup avèk Afich Faz 1 plis Ti pale ak Paran.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an; sèvi ak: Afich Faz 1, paj 111 ak Ti Pale ak Paran 2 ak 3, paj 101 – 104
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 12:15	<i>SASA!</i> Danje pou fanm nan sosyete a <i>Ti gwoup diskite egzanp pratik sou fason vyolans sou tifi ak fanm se alafwa kòz ak konsekans VIH/SIDA pou tifi ak fanm</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 46 (1ye pati) ak paj 49 (2yèm pati)
12:15 - 1:15	Fasilite sa nou te deja aprann: Kontni esansyèl <i>Kore Tifi</i> <i>Patisipan yo divize an 4 gwoup pandan 15 minit pou yo prepare prezantasyon sou sa yo konnen sou : Gwoup 1 – Pouvwa ; Gwoup 2 – Vyolans sou tifi ak fanm ; Gwoup 3 – VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan rapò seksyèl ; Gwoup 4 – Enpòtans mete atansyon espesifik sou tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
1:15 - 2:15	Manje	
2:15 - 3:15	Men anpil, chay pa lou <i>Jwèt entèaktif ak lòt sesyon kote gwoup travay pou jwenn fason pou bay lòt moun sipò ki itil</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò <i>SASA!</i> “Ranfòse Kapasite,” disponib sou: repansepouvwa.org
2:45 - 3:00	Poz	
3:00 - 4:15	<i>SASA!</i> Kapasite kominikasyon <i>Patisipan yo demontre bon kapasite kominikasyon nan similasyon</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 1ye Ane Nouvo Segondè, Faz 3 paj 13
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

2yèm jou: Kreye yon anviwonman nan lekòl ki bay sekirite

LE	SESYON	REFERANS
8:30- 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00-9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
9:30 - 10:15	Konprann tach move non <i>Patisipan raple yon moman nan lavi yo kote yo te wont, epi yo chèche konprann kisa sa vle di : bay moun sipò</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA/ "Ranfòse Kapasite," disponib sou: repansepouvwa.org
10:15 - 10:30	Poz	
10:30 - 11:15	Ranfòse pouvwa moun ki ap chèche sipò <i>Nan yon istwa, Patisipan ap pratike fason pou yo bay moun k ap chèche sipò pouvwa olye pou yo fè moun k ap chèche pouvwa santi yo san pouvwa</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA/ "Ranfòse Kapasite," disponib sou: repansepouvwa.org
11:15 - 12:15	Pa ka pale <i>Patisipan fè yon jwèt ak diskisyon pou demontre jan li kapab difisil pou yon moun mande sipò</i>	Modil Fòmasyon Faz Sipò SASA/ "Ranfòse Kapasite," disponib sou: repansepouvwa.org
12:15 - 1:00	Prezantasyon bouyon kòd kondwit, 1ye Pati (Se reskonsab lekòl ak pwen fokal ki fasilite sesyon an) <i>Reskonsab lekòl prezante bouyon kòd kondwit epi reponn kesyon, pran fidbak espesifik pou finalizasyon kòd kondwit</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an avèk reskonsab plis pwen fokal lekòl
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 2:45	Prezantasyon bouyon kòd kondwit, 2yèm Pati <i>Reskonsab lekòl kontinye pran fidbak espesifik pou finalizasyon kòd kondwit</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an avèk reskonsab plis pwen fokal lekòl

LÈ	SESYON	REFERANS
2:45 - 3:00	Poz	
3:00 - 4:15	Kesyon ak Repons <i>Opòtinite pou pèsonèl lekòl brase lide sou pwoblèm ki te souve pandan fòmasyon an epi poze lòt kesyon</i>	Manm Ekip devlope sesyon an
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

3yèm jou : Devlope yon Kilti Pozitif nan Lekòl

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30- 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00-9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
9:30 - 11:00	Kreye yon sistèm referans anndan lekòl la <i>Patisipan yo brase lide sou bezwen pou yon lekòl genyen yon sistèm referans. Pwen fokal ak manm Ekip Kore Tifi prezante bouyon lis referans lokal la epi yo òganize similasyon kote pwofesè yo ap refere elèv yo kot antite ki sou lis la</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 12:15	Kijan pou nou aji si nou wè oswa sispèk yon zak vyolans <i>Patisipan fè pratik sou fason pou yo pote repons lè yo asiste, yo temwen oubyen yo sispèk zak vyolans</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
12:00 - 1:00	Kòd Kondwit <i>Reskonsab lekòl fasilite revizyon final kòd kondwit ak pwosesis pou pèsonèl la siyen li oubyen lòt revizyon ak planifikasyon pou etap apre siyati kòd kondwit</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an avèk responsab plis pwen fokal lekòl
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 2:45	Èske lekòl nou an pare pou lanse deba sou vyolans sou fanm ak tifi? <i>Patisipan yo diskite sou sa ki fè yon lekòl pare pou li travay sou zafè vyolans sou tifi ak fanm epi yo fè analiz sou fòs ak bezwen lekòl pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
2:45 - 3:00	Poz	
3:00 - 3:45	Plan Daksyon (Se pwen fokal ki fasilite sesyon an) <i>Planifikasyon pou etap apre yo, genyen:</i> <ul style="list-style-type: none"> ✓ Lòt aktivite aprantisaj avèk pèsonèl lekòl ✓ Finalizasyon kòd kondwit ✓ Finalizasyon sistèm referans lekòl ✓ Idantifikasyon pwofesè ki enterese ak kourikoulòm Kore Tifi 	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an avèk responsab plis pwen fokal lekòl, sèvi ak: sèvi ak fòmilè Plan Daksyon ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache: Swivi ak Evalyasyon," Liv Entwodiksyon paj 42 ak Pwosesis Preparasyon nan "Chwa ak Preparasyon Lekòl" Faz 1 paj 53
3:45- fen	Evalyasyon final, kloti ak selebrasyon	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

ANKADREMAN POU MANM PÈSONÈL LEKÒL AK PWEN FOKAL

Nan Faz 1, ankadreman nan lekòl plis konsène pwen fokal yo. Li enpòtan pou manm Ekip la ki ap jwe wòl ankadre pou pwen fokal investi tan nan devlope bon jan relasyon ak chak pwen fokal yo ap ankadre. Ap genyen opòtinite pou ankadre rankontre pwen fokal yo an gwoup tou. Sa ap fèt nan rankont swivi regilye pou tout pwen fokal. Nan kòmansman, rankont sa yo ap fèt souvan; nan lòt Faz yo, yo kapab fèt yon fwa pa mwa. Rankont sa yo se okazyon pou ranfòse kapasite, fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè Faz 1, ankouraje reyalizasyon sistèm referans lekòl, bouyon kòd kondwit ak mizanplas mekanis pou elèv ak paran bay opinyon yo.

Kèk opòtinite pou ankadreman pwen fokal nan Faz 1:

- * Rankont swivi regilye pou pwen fokal (selon bezwen, nan gwo kou nan ti gwoup ki ap travay sou kèk tach espesifik pou preparasyon lekòl).
- * Rankont youn a youn ak pwen fokal.
- * Vizit sipò nan aktivite pwen fokal, omwen yon fwa pa mwa.
- * Rejwenn pwen fokal yo nan koneksyon yo tabli ak medya, responsab lekòl plis lòt (Gade “Chwa ak Preparasyon Lekòl” paj 55 pou plis ide sou motivasyon pwen fokal).
- * Lòt sesyon pratik.

Aktivis Kominotè (AK) ak Gwoup Aksyon Kominotè (GAK)

AK yo se kè pwosesis chanjman kominotè nan *Kore Tifi*. GAK yo ede sikile lespri travay aktivis. Ansanm, AK ak GAK enspire kominote a ak ankouraje pouvwa pozitif!

OBJEKTIF APRANTISAJ:

An plis reyalizasyon rezilta Faz 1 yo sou konesans ak kwayans, asire AK yo ak manm GAK yo kapab:

- * Fè fasilite avèk materyèl mobilizasyon Faz 1; ladan yo, Afich Faz 1 (Kòmanse) ak Ti Pale ak Paran Faz 1 (Kòmanse).

FÒMASYON AK AK MANM GAK

Li enpòtan pou nou fè yon premye fòmasyon pou tout Aktivis Kominotè (AK) yo. Se manm Ekip *Kore Tifi* k ap fasilite fòmasyon sa a. Li kapab pran nòmalman kat (4) jou e ideyalman se 4 jou afile. Si bidjè ak reyalitye a pèmèt sa, li rekòmande pou fòmasyon an fèt kote patispan yo dòmi-leve. Sa pral ede devlope relasyon sosyal ak tise lyen nan mitan AK; e sa enpòtan anpil pou pwosesis chanjman an.

Li pa nesesè pou nou fè fòmasyon entansif kote manm Gwoup Aksyon Kominotè (GAK) yo dòmi. Nou kapab chwazi repati kontni ki pou 4 jou Fòmasyon AK yo sou yon mwa. Nou kapab mete sesyon fòmasyon yo anndan aktivite ki te deja egziste pou pèmèt plis patisipasyon posib.

Li rekòmande pou nou tann lòt gwoup fin patisipe nan premye fòmasyon pa yo, klèb tifi sou pye, lekòl prèske fin prepare anvan nou fè fòmasyon pou AK ak manm GAK. Si nou tann lòt gwoup yo fin pran fòmasyon e yo kòmanse avanse nan plan aksyon yo, apre sa, depi AK yo fin pran fòmasyon, yo kapab kòmanse itilize materyèl kominikasyon yo nan kominote a e tout Rezo a pral pare pou pase nan Faz 2!

Fòmasyon AK ak manm GAK vize pou yo chèche gade byen pwòp konesans ak kwayans yo. Nan *Kore Tifi*, se fondasyon pou tout travay aktivis ki baze nan kominote. Donk li enpòtan pou nou pran tan ak kontni esansyèl Faz 1 epi, ankouraje aktivis pou yo fè refleksyon kritik sou zafè pouvwa nan pwòp lavi yo ansanm ak sekirite tifi, lavwaochapit yo ak santiman sou chanjman yo kapab fè. AK ak manm GAK pral yon resous enpòtan pou lòt moun nan Rezo a ak pou kominote yo pandan yo ap vanse nan pwòp pwosesis chanjman pa yo.

Pi ba a, se yon modèl ajennda fòmasyon pou AK nan Faz 1. Nou kapab adapte li selon bezwen ak enterè patikilye manm GAK yo tankou: jounalis, moun ki travay nan sante, lidè relijye, òganizasyon dwa fanm elatriye. Pou chak GAK, mete omwen yon sesyon pou brase lide sou fason kontni esansyèl *Kore Tifi* mache ak wòl espesifik li nan kominote a.

Modèl Ajennda Fòmasyon: AK ak GAK (Faz 1)

1ye jou: Entwodiksyon nan *Kore Tifi*

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	Byenvini! <i>Anbyans, entwodiksyon, objektif, atant, prezantasyon Kore Tifi nan 5 minit</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 11:30	Kisa Pouvwa ye? <i>Nan mete mo ki manke nan yon istwa kout, patisipan yo idantifye kat (4) tip pouvwa yo. Apre sa, an gwoup, yo diskite sou pouvwa pozitif ak pouvwa negatif.</i>	Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA! "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepouvwa.org
11:30 - 12:30	SASA! Eksperyans nou ak Pouvwa <i>Patisipan yo reflechi sou pwòp pouvwa yo, yo idantifye sitiyasyon kote yo santi yo gen pouvwa ak sitiyasyon kote yo santi yo manke pouvwa</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 34
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 3:15	SASA! Chwa nou fè ak pouvwa <i>Patisipan sèvi ak yon jwèt plis deba pou chèche wè kijan yo sèvi ak pouvwa</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2 paj 70

LÈ	SESYON	REFERANS
3:15 - 3:30	Poz	
3:30 - 4:15	Enpòtans tifi : Istwa Mari <i>Patisipan chèche konprann enpòtans pou mete aksan espesifik sou tifi apati analiz istwa yon tifi</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepowwa.org
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

2yèm jou: Konprann vyolans sou tifi ak fanm

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepowwa.org
9:30 - 10:30	Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye ? <i>Gwoup yo diskite sou kat (4) tip vyolans sou fanm ak tifi, rapò ki genyen ant zafè vyolans ak pouvwa plis kontwòl</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 19
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 11:45	Kisa ki pase lè gen vyolans? <i>Gwoup yo brase lide sou konsekans vyolans sou fanm ak tifi</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2 paj 25

LÈ	SESYON	REFERANS
----	--------	----------

11:45 - 1:00	<p><i>SASA!</i> Sèk enfliyans ak Sèk enfliyans tifi <i>Jwèt ak deba pou chèche konprann poukisa li enpòtan pou nou angaje manm kominote a ki nan divès wòl pou pou pèmèt chanjman fèt nan tout kominote a. Nan yon lòt sesyon, patisipan yo aplike refleksyon yo te fè sou lavi tifi</i></p>	<p>Modil Fòmasyon Faz Kòmanse <i>SASA!</i> "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepouvwa.org Sèk enfliyans tifi nan liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org</p>
--------------	--	---

1:00 - 2:00	Manje	
-------------	--------------	--

2:00 - 3:00	<p><i>SASA!</i> Nouvo Planèt <i>Patisipan yo ale sou yon nouvo planèt pou chèche wè kisa dwa ak dezekilib pouvwa ye, apre yo diskite sou kijan sa parèt nan kominote pa yo</i></p>	<p>Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 53</p>
-------------	--	--

3:00 - 3:15	Poz	
-------------	------------	--

3:15 - 4:15	<p><i>SASA!</i> Kòz fondamantal <i>Patisipan yo chèche konprann dezekilib pouvwa kòm koz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm</i></p>	<p>Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2 paj 59</p>
-------------	---	--


4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	
-------------	----------------------------	--

3yèm jou: Kore Tifi ak VIH/SIDA

LÈ	SESYON	REFERANS
----	--------	----------

8:30 - 9:00	<p>Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i></p>	<p>Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an</p>
9:00 - 9:30	<p>Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i></p>	<p>Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org</p>



AKTIVIS KOMINOTE (AK) AK GWOUPE AKSYON KOMINOTE (GAK)



LÈ	SESYON	REFERANS
9:30 - 10:15	Kisa Kore Tifi ye? <i>Kòm patisipan yo te diskite sou kèk konsèp de baz, kounye a yo pare pou yon prezantasyon PowerPoint ki esplike kisa Kore Tifi ye</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Sipleman tè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:15 - 10:30	Poz	
10:30 - 11:30	SASA! Kisa VIH/SIDA ye? <i>Gwoup yo prepare prezantasyon ak enfòmasyon de baz sou VIH ak SIDA, apre gwo gwoup la diskite sou sa ki te di yo</i>	Kourikoulòm Biyoloji 9yèm Ane, Faz 2 paj 24
11:30 - 12:30	Vre oswa pa vre? <i>Patisipan yo fè yon jwèt pou fè diferans ant reyalyte ak mit sou VIH ak SIDA</i>	Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA! "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepouvwa.org
12:30 - 1:00	SASA! Sistèm defans sante yon moun <i>Patisipan yo fè yon jwèt pou ede yo konprann konsekans VIH sou sistèm defans kò a</i>	Kourikoulòm Biyoloji 9yèm Ane, Faz 2 paj 33
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 2:45	Kiyès ki kouri plis risk pou trape VIH/SIDA? <i>Analiz koneksyon ant pouvwa ak risk pou tifi trape VIH</i>	Kourikoulòm Byoloji 9yèm Ane, Faz 2 paj 37
2:45 - 4:15	Fè lide tounen aksyon <i>Patisipan brase lide an brèf sou mo ak ekspresyon ki asosye ak mo "aktivis" (travay aktivis) epi yo fè deba sou kat (4) Faz Kore Tifi yo</i>	Li bezwen adapte pou nou esplike Faz Kore Tifi yo, apati Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA! "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepouvwa.org
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	
Apre-midi nèt (Li Pa obligatwa)	Ti Fèt! <i>Aktivite ki pa obligatwa — opòtinite pou relasyon pi sere ak pou youn aprann konnen lòt nan yon anbyans sosyal ki pi rilaks</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

4yèm jou: Pratike travay aktivis

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Yon rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Dakò/Pa Dakò <i>Faslitatè li deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan yo vote avèk pye yo epi yo fè deba sou pwòp eksperyans ak pèspektiv pa yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemanntè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
10:00 - 10:45	Wòl AK ak GAK nan Kore Tifi <i>Manm Ekip la prezante wòl chak gwoup Rezo a nan pwosesis chanjman an, yo mete atansyon sou wòl gwoup ki ap pran fòmasyon nan moman an. Manm Ekip la reponn tout kesyon</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: "Monte yon Rezo pou Chanjman", paj 15
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 1:00	Fè pratik ak Materyèl Mobilizasyon Kominotè Kore Tifi <i>Fè demonstrasyon ak pratik sou kapasite nan ti gwoup avèk Afich Faz 1 plis Ti pale ak Paran</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 1, paj 111 ak Ti Pale ak Paran 1 ak 2 Faz 1, paj 98
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:00	Plan Daksyon <i>Fè plan pou aktivite ak lè rankont chak mwa.</i> Pou AK yo: Kreye yon kalandriye aktivite pou mwa apre a, kote chak AK angaje tèt li pou premye aktivite li nan kominote li (se AK ki chwazi kote ak lè pou aktivite). Chwazi lè rankont chak mwa pou chak kominote, tonbe dakò epi kenbe lokal ak lè nou chwazi pou premye rankont la. Pou manm GAK yo (si posib): Kreye yon kalandriye aktivite ki baze sou kalandriye nòminal gwoup la; mete lè pou nou itilize Afich ak Ti Pale nan aktivite yo ak fason gwoup la kapab angaje lòt moun	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak fòmilè Plan Daksyon ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache: Swivi ak Evalyasyon," Liv Entwodiksyon paj 42
3:00 - fen	Evalyasyon ak kloti	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an



ANKADREMAN AK AK MANM GAK

Akoz wòl kritik AK nan pwosesis chanjman an, manm Ekip la pral mete bon jan atansyon entansif sou ankadreman AK yo jis nan fen Faz 1. Ankadreman manm GAK yo pral pi entansif nan Faz apre yo. Manm Ekip la dwe òganize tan pou rankontre ak devlope relasyon avèk AK yo epi vizite premye oubyen dezyèm aktivite yo chak fè nan kominote yo. Pandan vizit sipò pou aktivite kominote yo, li enpòtan pou nou pa ranplase AK yo nan wòl yo ni pou nou pa korije sa yo ap fè devan moun. Nou dwe la pou AK yo santi yo pa pou kont yo, e yo genyen konfyans nan sa yo ap fè. Apre aktivite a, nou kapab bay AK ki t ap mennen aktivite a fidbak pou amelyore kapasite li yon fason ki ofri ankourajman ak motivasyon. Genyen plis konsèy nan Faz 2 sou fason pou bay bon kalite ankourajman pou aktivite kominote yo. Sa pral tounen yon pati regilye nan wòl manm Ekip ki ankadrè pou AK ak GAK nan lòt Faz yo.

Manm Ekip la pral òganize premye rankont AK nan Faz 1 pou AK yo pataje eksperyans yo sou premye aktivite yo fè nan kominote yo, sou itilizasyon materyèl mobilizasyon kominote e yo pral kontinye apwofondi zanmitay ak ankourajman youn pou lòt.

Kèk opòtinite pou ankadreman nan Faz 1:

- * Fè vizit pou rankontre youn a youn avèk AK, kèk manm GAK nou chwazi.
- * Fè fasilite pou premye rankont “chak mwa” AK yo.
- * Ankouraje ak prezans nou premye aktivite AK yo nan kominote yo.


Sonje.... Chanjman kapab pote anpil lajwa e li pozitif, donk amize nou ansanm!

Lè nou fini ak tout fòmasyon pi wo yo, regade rezilta Faz 1 yo an Ekip. Gen gwo chans pou nou pare oubyen prèske pare pou nou pase nan Faz 2 *Kore Tifi*. Si nou pare, sonje fè lansman *Kore Tifi* epi angaje Rezo a nan planifikasyon pwochen Faz la! (Gade “Monte yon Rezo pou Chanjman”, paj 24, ak “Gid pou Kreyasyon Klèb Tifi” paj 41). Konpliman pou pwogrè nou fè!

Nòt

1. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/ SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
2. Raising Voices. (2009). *Good School Toolkit, Step 2: Preparing for Change*. Kampala: Raising Voices.

MATERYÈL MOBILIZASYON
KOMINOTÈ



TI PALE AK PARAN

Nan Faz 1 (Kòmanse) *Kore Tifi*, genyen 6 “Ti Pale ak Paran”. Nou pa sèvi ak tèm paran yon fason estrik. Prèske tout granmoun nan sèten kominote konsidere tèt yo kòm moun ki pran swen timoun oubyen ki sèvi kòm modèl pou timoun, menm si yo pa manman oubyen papa. Moun sa yo byenvini nan konvèsasyon sa yo — kèk kote, nou ekri “moun ki pran swen timoun” yon fason pou nou pran an kont paran nan sans ki pi laj la, men tout moun sa yo (paran, moun ki pran swen timoun...) toujou konsène.

Ki lè aktivis kominotè, pwen fokal nan lekòl ak lòt kalite aktivis kapab sèvi ak “Ti Pale ak Paran”?

Aktivis ki enterese kapab sèvi ak Ti Pale ak Paran nan reyinyon fòmèl kou enfòmèl, nan konvèsasyon ki rive sanzatann oubyen nan rankont gwoup ak òganizasyon. Nou kapab itilize ti pale yo avèk vwazen, zanmi, paran, nan bis, nan mache, pandan n ap tann yon lòt reyinyon kòmanse, oubyen tou avèk gwoup paran nou envite pou sa. Lekòl kapab vle mete seyans ti pale nan reyinyon paran yo fè regilyèman. Menntò klèb tifi kapab sèvi avèk ti pale kòm mwayen pou angaje paran ak moun ki pran swen tifi ki nan klèb yo. Genyen anpil opòtinite — nenpòt kote nou wè paran, moun ki pran swen timoun ap pale, yo kapab pale sou sijè sa yo!

Kijan aktivis kapab sèvi ak “Ti Pale ak Paran”?

Aktivis kapab sèvi ak kesyon yo pou entwodui sijè ti pale ak kòmanse deba; epi, kite patisipan yo vini ak repons yo. Li toujou pi bon si se patisipan ki site pwen ki suiv chak kesyon yo; fasilite ki maton kapab poze lòt kesyon, kesyon fouye pou ede pwen sa yo soti nan bouch patisipan. Sinon, fasilite yo, ak pwòp mo pa yo, kapab bay pwen sa yo. Sèvi ak lide pou moun kenbe nan tèt yo pandan tout konvèsasyon an, yon fason pou fè soti yon lide byen klè. Aji ak jantiyès, konpòte nou tankou zanmi, epi asire nou tout patisipan santi yo alèz pou yo di sa yo kwè — menm si nou pa dakò ditou ak sa yo di!

Remak: Menm si 6 Ti Pale pou Paran sa yo se pou Faz kòmanse, depann de lè aktivis kominotè ak pwen fokal te pran fòmasyon, nou kapab kontinye sèvi ak ti pale nou poko fè yo nan debi Faz 2 (Konsyantize). Kontinye epi eseye fini ak ti pale Faz 1 yo pi vit posib; konsa paran ak moun ki pran swen timoun kapab avanse nan faz yo ansanm ak rès kominote a.



Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Yon bon paran trase bon egzanp.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou kalte moun ki kapab bon paran pou timoun.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

Komanse #1

1. Ki paran nou ta rele move paran ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Paran ki pa okipe pitit yo, paran ki abandone pitit yo nan men lòt paran.
- Paran ki fè vyolans sou pitit yo.
- Paran ki pa bay pitit yo direksyon, oryantasyon, afeksyon, prensip ak limit.
- Paran ki bay pitit yo move egzanp (vòlè, manti, vyolans, mank respè lakay yo, mal egzèse pouvwa yo sou lòt moun).

2. Ki kalite yon bon paran genyen lakay li ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Respè, pasyans, jantiyès, responsab, onètete.
- Konprann bezwen yon timoun; tankou bezwen pou li jwe, enpòtans pou li santi moun renmen li, bezwen pou li santi li an sekirite.
- Yon moun ki pare pou li paran e ki chwazi pou l fè yon bon paran.
- Raple sijè a : **Yon bon paran trase bon egzanp.**

3. Ki fason yon bon paran dwe konpòte li ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Bon paran dwe yon bon modèl, paske timoun renmen fè tout sa paran li yo fè.
- Yon modèl pozitif pou pitit li. Si yon paran pa gen bon konduit se kòm si li deja mete pitit li nan move direksyon.
- Tande sa timoun vle di yo. Bon paran mete timoun yo alèz pou yo di sa yo konnen, sa yo santi e sa yo panse.
- Jan yon papa ak manman nan fanmi an aji youn ak lòt genyen anpil enfliyans sou direksyon timoun yo pran. Si genyen fòs kote nan relasyon an, menm si yo pa fè timoun yo abi dirèk, timoun yo aprann fòs kote nan relasyon se bagay ki nòmal.

4. Kijan yon bon paran dwe egzèse otorite li san abi ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Bon paran dwe egzèse otorite li genyen sou yon timoun nan bon kondisyon e nan enterè timoun nan.
- Pa pase kòlè li, oswa fristrasyon li sou timoun nan. Pa fè okenn vyolans sou timoun nan.
- Pale avè l. Fè antant avè l sou valè, prensip, sa ki bon ak sa ki pa bon. Tabli davans limit timoun nan pa gen dwa depase, epi ki pinisyon l ap jwenn si li depase yo. Aplike pinisyon yo lè timoun nan depase limit yo. (Pinisyon san abi.)
- Tande timoun nan. Eseye konprann pou ki rezon yon timoun fè yon bagay li pa ta dwe fè, epi eseye jwenn solisyon.
- Montre timoun nan li genyen pouvwa pa li tou, pou li fè pwòp chwa pa l, pou li dakò oswa pa dakò.
- Raple sijè a : **Yon bon paran trase bon egzanj.**

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Se bon jan relasyon ant paran ak timoun ki pèmèt timoun fè paran yo konfyans.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou nesosite pou paran kreye bon jan relasyon ak timoun yo.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :
Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a : Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

Komanse #2

1. Kisa yon bon jan relasyon ant paran ak timoun ye, epi èske li enpòtan ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Li enpòtan pou paran genyen bon jan relasyon ak timoun yo. Konsa timoun yo p ap pè paran yo, y ap koute yo pi fasil, e paran yo ap kapab edike yo pi byen.
- Yon bon jan relasyon ant paran ak timoun, se lè ni paran ni timoun genyen respè youn pou lòt, paran yo pa pase kòlè yo sou timoun yo, yo pa bat yo, yo pa joure yo, oswa imilye yo, yo korije timoun yo san vyolans.
- Anpil paran pa konnen ki fason pou yo pale ak pitit yo, e souvan se pa fòt paran sa yo. Moun ki gen plis limyè sou fason pou moun kominike ak pitit yo dwe ede paran sa yo, san yo pa blame yo.
- Raple sijè a : **Se bon jan relasyon ant paran ak pitit ki pèmèt timoun fè paran yo konfyans.**

2. Ki prensip yon paran dwe swiv pou kapab genyen konfyans ant li menm ak pitit li ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Pou yo ka fè paran yo konfyans, timoun bezwen pou paran yo :
 - ba yo respè epi pran sa yo di an konsiderasyon
 - pale fran, pale onèt avèk yo
 - dispoze tan pou yo
 - koute yo ak atansyon
 - fè yo konfyans tou
- Se sa ki pral detèmine fason timoun ap pale ak paran yo, epi konfyans y ap plase nan paran yo.

3. Ki enpòtans sa genyen lè timoun fè paran yo konfyans ?

- Lè timoun pa fè paran yo konfyans, yo ka pè paran yo, epi yo pa koute paran yo
- Lè genyen konfyans, genyen bon antant ak konpreyansyon, paran yo p ap santi yo bezwen sèvi ak vyolans pou timoun yo tande yo, sa kapab pèmèt paran yo tabli bon jan relasyon ak timoun yo
- Raple sijè a : **Se bon jan relasyon ant paran ak pitit ki pèmèt timoun fè paran yo konfyans.**

Dènnye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Se OBLIGASYON paran pou yo fè yon timoun alèz pou li pale avèk yo.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou obligasyon paran pou yo mete timoun yo alèz pou yo pale avèk yo.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

Komansè #3

1. Kisa ki kapab ANPECHE yon timoun alèz, oubyen ki ka fè li pa santi li an konfyans pou li pale ak paran li sou kesyon ki enpòtan pou li ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Lè paran an jije yon timoun, oswa fache avèk li lè kè l pa kontan, sa fè timoun nan anvi bay paran an manti, oswa kache laverite.
- Lè yon paran pa pran timoun nan oserye, oswa pa kreye tan pou pale ak li, sa anpeche timoun nan fè paran an konfyans.
- Raple sijè a : Se OBLIGASYON paran pou yo fè yon timoun alèz pou li pale avèk yo.

2. Kisa yon bon paran kapab fè pou yon timoun santi li alèz, li an konfyans pou li pale avèk paran an ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Kite timoun nan di nenpòt sa ki sou kè li, san paran an pa jije l. Yon timoun pa gen kè-kontan sèlman, l ap fè fas ak difikilte pa li nan sa l ap viv, sa l ap santi.
- Yon timoun bezwen konnen paran li pran sa li santi oserye, yo kontan avèk li lè li kontan, yo ba li sipò lè li bezwen
- Yon timoun dwe santi paran li renmen li anpil, paran li genyen respè pou li ak pou sa li santi, donk li pa bezwen pè paran li, ni ezite pou li pale ak li.
- Lè paran an pataje eksperyans li ak timoun nan, sa ankouraje timoun nan pataje pwòp eksperyans pa l ak paran an tou.
- Raple sijè a : Se **OBLIGASYON** paran pou yo fè yon timoun alèz pou li pale avèk yo.

Dènye mo pou fèmèn deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Paran gen pouvwa pou ede timoun devlope bon karaktè.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou pouvwa paran genyen pou ede timoun yo devlope bon karaktè.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

Komansè #4

1. Kisa nou panse de pwovèb sa yo : Pitit tig se tig. Paran pa fè santiman pitit ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Pi souvan timoun repwoudi sa yo wè, sa yo viv lakay yo ak bò lakay yo.
- Paran sèvi modèl ak egzanp pou timoun yo.
- Timoun pa oblije menm jan ak paran yo, yo ka jwenn lòt levasyon, lòt edikasyon ak lòt kalte enfliyans.
- Sa paran pa t reyalize nan lavi yo, pitit yo kapab gen posibilite reyalize yo.
- Kilti ak mantalite konn chanje ant yon jenerasyon a yon lòt.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou ede timoun devlope bon karaktè.**

2. An plis bay manje, bay rad, voye lekòl, mennen kay doktè, ki lòt responsabilite yon paran genyen ankò ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Antouraj yon timoun se yon faktè enpòtan ki ka detèmine jan li aji ak ki moun li gen chans pou li devni.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou ede timoun devlope bon karaktè.**

3. Yon paran se yon modèl pou pitit li. Ki konpòtman yon paran dwe evite genyen ? Ki konpòtman yon paran dwe genyen ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

Nòt pou animatè a: poze plis kesyon pou ede patisipan yo ale pi fon nan lide yo. Pa egzanp, si yo di "Paran dwe aprann timoun respè", mande yo: "Ki respè ? Kisa timoun yo dwe aprann respekte ?"

- Paran dwe toujou aprann pitit yo pou yo aji fason ki jis, pou yo respekte tèt yo, respekte lòt moun, respekte timoun ki pa sanble avèk yo (swa paske yo pa gen menm sèks, menm relijyon, menm mwayen ekonomik, menm koulè, menm klas sosyal... oubyen paske lòt timoun gen andikap) epi devlope konpasyon pou lòt timoun.
- Paran dwe montre kijan pou timoun yo byen jere pouvwa yo genyen.
- Paran ta dwe montre respè pou manman oswa papa pitit la, menm si yo genyen pwoblèm ansanm. Montre yon relasyon san fòs kote, ak pouvwa byen ekilibre.
- Paran ta dwe montre kijan pou yo jere pwoblèm ak konfli san vyolans e san fòs kote.
- Raple sijè a : Paran gen pouvwa pou ede timoun devlope bon karaktè.

Dènnye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouwwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale pou paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou :Paran gen pouvwa pou ede yon timoun devlope bon jan konfyans nan tèt li.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou pouvwa paran genyen pou ede yon timoun devlope bon jan konfyans nan tèt li.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè / animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

1. Kisa ki kapab detwi konfyans yon moun genyen nan tèt li ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Devalorize li, fè li pa kwè nan tèt li (di li li pa bon, li egare, li timid, elatriye)
- Pa ba li ankourajman. Pa felisite l lè li fè yon bon bagay.
- Pa ba li respè ak lanmou
- Pa ba li okenn responsablite
- Lè l eseye fè yon bagay, jout l, di li pa kapab

2. Kisa ki kapab fè yon moun kwè nan tèt li ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Li genyen moun ki kwè nan kapasite li, ki kore li. Yo ankouraje li lè l ap fè efò nan nenpòt bon bagay.
- Li jwenn konpliman ak aplodisman pou sa li akonpli
- Li konnen li genyen pouvwa anndan li, menm jan ak tout moun.
- Li reyisi aprann yon nouvo bagay, oswa li fè konesans ak yon nouvo moun
- Li konn genyen plizyè kalte eksperyans.

- Fè li dekouvri talan li, e ede li devlope yo.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou ede yon timoun devlope bon jan konfyans nan tèt li.**

3. Kijan yon bon paran kapab ede timoun yo kwè nan tèt yo ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Tout repons nou sòt bay ap bon pou timoun yo tou. An menm tan, yo frajil paske yo poko fin devlope prensip ak kwayans yo genyen, epi yo bezwen anpil nan men paran yo pou yo kapab rive kwè nan tèt yo tout bon.
- Pran tan pou pale avè yo epi poze yo kesyon.
- Tande yo, epi valorize opinyon yo.
- Ede yo aprann nouvo bagay, epi felisite yo dèske yo eseye (menm si yo poko reyisi).
- Anpil timoun koumanse chèche konfyans nan sa lòt moun di yo. Yon bon paran kapab ede yo kwè nan pouvwa yo deja genyen anndan yo, menm jan ak tout moun, ki bon.
- Ankouraje yo fè espò, oswa lòt aktivite ki enterese yo - ede yo pratike pou yo reyisi menm si yo pa fò nan koumansman.
- Aprann ansanm avèk yo. Ede yo fè nouvo eksperyans.
- Raple sijè a : **Paran gen pouvwa pou ede yon timoun devlope bon jan konfyans nan tèt li.**

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou pouvwa paran genyen pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilite a di yo.

Komansè #6

1. Ki pi gwo egzanp yon timoun genyen sou jan relasyon nòmal ant mari ak madanm dwe ye ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Se paran ki premye egzanp pou yon timoun. Yon timoun yo gade jan paran li yo viv ansanm, e l ap gen tandans viv menm jan ak moun ki ansanm avèk li, lè li vin gran.
- Raple sijè a : **Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.**

2. Kijan manman ak papa yon timoun ta dwe konpòte yo nan fwaye a, pou yo sèvi kòm modèl pou timoun nan lè li vin gran ?

- Pa ta dwe gen baton, jouman, goumen, oswa lòt vyolans nan fwaye a.
- Menm si yon pwoblèm rive, ta dwe genyen dyalòg ak respè pou rezoud pwoblèm nan ansanm.
- Manman ak papa ta dwe balanse pouvwa yo youn ak lòt.
- Gen plizyè kalte fanmi, epi menm si manman ak papa pa ansanm ankò, li enpòtan pou yo toujou prezan nan lavi timoun nan, epi montre respè youn pou lòt devan timoun nan.
- Raple sijè a : **Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.**

3. Ki enfliyans, egzanj paran yo kapab genyen nan lavi timoun yo menm lè yo kreye pwòp fwaye pa yo ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Modèl timoun yo wè lakay yo pi fò pase sa yo konn tandè nan bouch nenpòt lòt moun.
- Timoun yo kapab refè sa paran yo te konn fè, san yo pa reflechi si sa yo fè a bon oswa si sa yo fè a mache ak kontèks oubyen peryòd yo ap viv la.
- Raple sijè a : Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.

4. Ki valè ak prensip paran ta dwe bay timoun yo, pou ba yo plis chans pou yo kreye fwaye ki djanm, e ki an pè, lè yo vin gran ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Si tifi ak ti gason grandi nan anviwonman kote pouvwa fi ak gason egalego, zafè vyolans sou fanm ak tifi ap bese ba.
- Raple sijè a : Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.

5. Ki responsablite paran yo genyen nan edike timoun yo yon jan pou yo kapab kreye fwaye ki djanm, e ki an pè, lè yo vin gran ?

Kèk pwèn ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Paran genyen gwo responsablite sou konpòtman timoun yo paske se yo ki premye responsab edikasyon timoun yo.
- Si paran pa chanje kalite edikasyon yo ap bay timoun yo, I ap difisil pou vyolans sou fanm ak tifi sispann.
- Raple sijè a : Paran genyen pouvwa pou ede yon timoun kreye yon bon fwaye lè yo gran.

Dènye mo pou fèmèn deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

AFICH FAZ 1 (KÒMANSE)

Koutje sou Afich Faz 1:

Genyen yon Afich pou chak Faz *Kore Tifi* ki pèmèt nou brase lide an gwoup. Chak afich genyen imaj ak kesyon ki mache ak kontni faz afich la. Tout manm Rezo *Kore Tifi* kapab sèvi ak afich yo. Aktivis kominotè kapab sèvi ak afich yo nan aktivite avèk manm kominote yo, menntò kapab sèvi avèk yo nan klèb yo, pwen fokal kapab sèvi avèk yo nan lekòl.

Kijan aktivis kapab sèvi ak Afich?

Manm Rezo *Kore Tifi* dwe asire genyen ase kopi Afich pou pèmèt chak moun wè imaj ki sou Afich la byen. Aktivis la ap mande pou patisipan yo gade tout imaj ki sou afich la epi pou yo chwazi youn ladan yo ki pi atire atansyon yo. Kou sa fèt, aktivis la ap poze kesyon pou brase lide ki sou do Afich la e, l ap kite patisipan yo brase lide sou kesyon yo. Li toujou pi bon si se patisipan ki bras elide sou chak kesyon; fasilite ki maton kapab poze lòt kesyon, kesyon fouye pou ede pwen sa yo soti nan bouch patisipan. Aji ak jantiyès, konpòte nou tankou zanmi, epi asire nou tout patisipan santi yo alèz pou yo di sa yo kwè – menm si nou pa dakò ditou ak sa yo di!

Ki lè aktivis kominotè, pwen fokal nan lekòl ak lòt kalite aktivis kapab sèvi ak Afich?

Aktivis ki enterese kapab sèvi ak Afich nan reyinyon fòmèl kou enfòmèl, nan konvèsasyon ki rive sanzatann oubyen nan rankont gwoup ak òganizasyon. Nou kapab itilize Afich yo pou brase lide avèk vwazen, zanmi, paran, nan bis, nan mache, pandan n ap tann yon lòt reyinyon kòmanse, oubyen tou avèk gwoup moun nou envite pou sa. Genyen anpil opòtinite — nenpòt kote nou wè gen kèk moun ki rasanble oubyen 2 - 3 vwazen chita, nou kapab lanse yon brase lide ak Afich!

Kijan nou wè pouwva tifi, ak pouwva lot moun nan afich sa a ?



1.



2.



3.



4.



5.



6.




7.



8.



9.




Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :
Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouwva.org •
Beyond Borders • www.beyondborders.net • *Reyalizasyon* : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Kòmpanse


Kesyon pou brase lide

- Kisa nou wè anndan afich la ki sanble ak sa nou wè nan kominote nou an ?
- Èske tifi genyen menm kantite ak menm kalite pouvwa ak ti gason ? Si wi, poukisa ? Si non, Poukisa ?
- Èske tifi genyen menm kantite ak menm kalite pouvwa ak fanm ? Si wi, poukisa ? Si non, Poukisa ?
- Si yon kominote bay gason pouvwa sou fanm, nan ki pozisyon tifi yo ye nan kominote sa a ?
- Si tout moun gen pouvwa sou tèt tifi, ki konsekans sa ap genyen sou tifi yo ? Ki risk tifi yo genyen nan kominote a akòz pouvwa yo pa genyen ?
- Èske nou santi nou genyen pouvwa pou ede tifi yo jwenn pouvwa yo ? Si wi, poukisa ? Si non, Poukisa ?



Nòt sou imaj pou fasilite

1. Blam kominotè lè yon fi vin ansent
2. Paran asire tifi ak ti gason gen menm dwa ak pouvwa anndan kay la.
3. Ensès (nòt : ensès se lè agresè a se fanmi moun ki sibi zak la)
4. Sa tifi rèstavèk sibi
5. Kominote a k ap tandè sa tifi ap mande ak sa y ap pwopoze
6. Vyolans papa sou manman / Konsekans sou pitit fi
7. Fanm tout pwofesyon k ap ankouraje jèn fi pran lidèchip, epi gason k ap apresye lidèchip fanm
8. Fè bagay an echanj favè. Sa rive lè gason mal sèvi ak pouvwa yo, epi lè moun kwè se pou tifi yo degaje yo pou yo jwenn sa yo bezwen
9. Mèt biznis nan kominote a k ap fè kou pou jèn fi aprann jere lajan



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre